

**DAMEL *MEDIA* PASINAON KAMUS BUKU WUCALAN BASA JAWI
KANTHI NGGINAKAKEN *APLIKASI ADOBE FLASH PROFESSIONAL*
CS5 TUMRAP SISWA SMAN 1 KASIHAN KELAS X SEMESTER
JANGKEP**

SKRIPSI

Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kinarya jejangkep saperangan sarat nggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan Bahasa Jawa



Dening:

Dewi Pangestu Said
NIM 09205241008

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Damel Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi kanthi Ngginakaken Aplikasi Adobe Flash Professional CS5 tumrap Siswa SMAN 1 Kasihan Kelas X Semester Jangkep* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, Oktober 2013

Yogyakarta, Oktober 2013

Pembimbing I,

Pembimbing II,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.
NIP 19571231 198303 2 004

Avi Meilawati, S. Pd., M. A.
NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Damel Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi kanthi Ngginakaken Aplikasi Adobe Flash Professional CS5 tumrap Siswa SMAN 1 Kasihan Kelas X Semester Jangkep* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* nalika tanggal 31 Oktober 2013 saha dipuntetepaken lulus.


DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		18/11 2013
Avi Meilawati, S. Pd.	Sekretaris Penguji		8/11 2013
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.	Penguji I		5/11 2013
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.	Penguji II		8/11 2013


Yogyakarta, November 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Dewi Pangestu Said**

NIM : 09205241008

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika kula piyambak ingkang damel. Miturut pangertosan kula, *karya ilmiah* kanthi wos wonten ing skripsi menika dereng nate dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pethil minangka *acuan*, adhedhasar tata cara saha *etika* umum anggenipun nyerat skripsi. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, menika dados tanggel jawab panyerat piyambak.

Yogyakarta, 21 Oktober 2013

Panyerat,



Dewi Pangestu Said

SESANTI

“Aja ndeleng saka cilike luputmu, delengna sapa Gusti Kang Maha Agung sing mbok *tentang*.” (Bilal bin Sa'ad)

“Iman iku kaperang dadi loro, separo ana ing sabar lan separo ana ing syukur.”
(HR. Al-Baihaqi)

Seimbang.

Urip iku mung sepisan. Menawa dilakoni kanthi becik, sepisan wis cukup.

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT. *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng:

Bapak Agus Asmaji saha Ibu Sri Lestari minangka tiyang sepuhipun panulis
ingkang boten nate putus anggenipun nresnani, nuladhani, nyengkuyung, saha
paring pandonga kangge panulis.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun tetela tanpa wilangan anggenipun paring rahmat saha hidayahipun saengga panyerat saged nyerat skripsi kanthi irah-irahan “**Damel Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi kanthi Ngginakaken Aplikasi Adobe Flash Professional CS5 tumrap Siswa SMAN 1 Kasihan Kelas X Semester Jangkep**” menika. Skripsi menika dipunserat supados saged nambah *keasahan media* pasinaon mliginipun kangge ningkataken panguwaosipun *materi* dening para siswa.

Kala-kala panyerat kangelan anggenipun nyerat skripsi menika. Saking panyengkuyung kathah *pihak*, panyerat saged nglampahi kanthi langkung lancar, mila panyerat ngaturaken agenging panuwun kagem.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin nglajengaken skripsi.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin nglajengaken skripsi.
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka *Pembimbing Akademik* saha *pembimbing* skripsi I ingkang tansah sabar maringi bimbingan dhateng panyerat nalika kuliah saha nyerat skripsi.
4. Ibu Avi Meilawati S.Pd, MA. minangka *pembimbing* skripsi II ingkang tansah sabar maringi bimbingan dhateng panyerat.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. Bapak Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. ingkang sampun paring *validasi* babagan *materi* wonten ing *media* pasinao kamus buku wucalan basa Jawi.
7. Bapak Drs. Herman Dwi Surjono, M. Sc., M. T., Ph. D. ingkang sampun paring *validasi media* pasinao kamus buku wucalan basa Jawi.
8. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saengga anggen kula damel skripsi saha ujian saged katampi.

9. Bapak Kepala SMA Negeri 1 Kasihan ingkang paring idin panaliten dhateng panyerat.
10. Ibu Fitriyani Astuti, S.Pd saha Bapak Dadang Wijanarto minangka guru ing SMA Negeri 1 Kasihan ingkang paring pambiyantu nalika panaliten.
11. Bapak saha Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung kaliyan donga tumrap panyerat.
12. Mbak Dyah, Dik Agung, Dik Rohmat, saha Dik Soleh minangka kadangipun panyerat ingkang sami kompak paring panyurung dhateng panyerat.
13. Kanca-kanca kontrakan 648 Iromejan (Roza, Rita, Warih, Dije, Bela) ingkang sampun panulis anggep kadang, paring panyurung dhateng panyerat
14. Kanca-kanca dolan (<http://www.youtube.com/watch?v=KhLeyZbb4jI>) ingkang sami kompak, paring panyurung dhateng panyerat.
15. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken sadaya ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Panyerat rumaos bilih boten wonten ingkang sampurna ing donya menika. Bab menika amargi elmi panyerat ingkang winates. Mila, panyerat boten ewet pekewet mbikak wiyaripun wekdal kagem sadaya *pihak* supados paring panyaruwe utawi pamrayogi kangge ndandani skripsi menika. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 21 Oktober 2013

Panyerat,



Dewi Pangestu Said

WOSING ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DAFTAR TABEL	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xv
SARINING PANALITEN	xvi

BAB I PURWAKA

A. Dhasaripun Panaliten	1
B. Underanipun Perkawis	7
C. Watesipun Perkawis	7
D. Wosipun Perkawis	8
E. Ancasipun Panaliten	8
F. Paedah Panaliten	8
G. Watesipun <i>Istilah</i>	9

BAB II GEGARAN TEORI

A. <i>Deskripsi Teoritik</i>	
1. <i>Media Pasinaon</i>	10
a. <i>Pangertosan Media Pasinaon</i>	10

b. Paedah <i>Media</i>	13
c. <i>Klasifikasi Media</i> Pasinaon	15
d. <i>Kriteria Anggenipun Milih Media</i> Pasinaon	20
2. <i>Damel Media</i> Pasinaon	25
3. <i>Media</i> Kamus Buku Wucalan Basa Jawi	35
a. Kamus Buku Wucalan.....	35
b. <i>Media Berbasis</i> Komputer.....	36
c. <i>Adobe Flash Professional CS5</i>	37
d. Kamus Buku Wucalan Basa Jawi Elektronik	39
4. <i>Tinjauan</i> Mulang Basa Jawi tanpa Ngginakaken <i>Media</i> Pasinaon <i>Kamus Pelajar</i> Basa Jawi <i>Elektronik</i>	41
B. Panaliten ingkang Jumbuh	43
C. Nalaripun Panaliten	45

BAB III METODE PANALITEN

A. Jinisipun Panaliten.....	47
B. Subjek saha Objek Panaliten	48
C. <i>Prosedur Anggenipun Naliti</i>	48
1. <i>Tahap Analisi</i> Kabetahan	50
a. <i>Identifikasi</i> Kabetahan.....	50
b. Ngrumusaken ancasipun <i>materi</i>	51
c. Ngrumusaken Butir-Butir <i>Materi</i>	51
d. Ngrumusaken Pirantos Kangge Ngukur Suksesipun <i>Media</i>	52
2. <i>Tahap</i> <i>Damel Rantaman Media</i> Pasinaon	52
3. <i>Tahap</i> Mekaraken <i>Media</i> Pasinaon	57
4. <i>Tahap Validasi</i> saha Nguji <i>Media</i> Pasinaon	58
D. Pambijiniipun <i>Produk</i>	59
1. Rantaman Anggenipun mbiji	59
2. Jinisipun <i>Data</i>	59
a. <i>Data Kualitatif</i>	59
b. <i>Data Kuantitatif</i>	60

E. <i>Instrumen Anggenipun Ngempalaken Data</i>	61
1. <i>Instrumen Anggenipun Mbiji Kualitas Media</i>	61
a. <i>Dosen Ahli Media</i>	61
b. <i>Dosen Ahli Materi</i>	62
c. <i>Guru Basa Jawi</i>	63
2. <i>Instrumen Anggenipun Mbiji Tanggepan Siswa</i>	64
F. <i>Teknik Analisis Data</i>	65
1. <i>Ngowahi Biji Kategori</i>	66
2. <i>Ngetang Persentase Pasarujukan Media</i>	66

BAB IV ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. <i>Asil Panaliten</i>	68
1. <i>Tahap Analisis</i>	68
2. <i>Tahap Damel Rantaman Media Pasinaon</i>	69
3. <i>Tahap Mekaraken Media Pasinaon</i>	70
4. <i>Tahap Validasi saha Nguji Media Pasinaon</i>	70
a. <i>Validasi Dosen Ahli Media</i>	71
b. <i>Validasi Dosen Ahli Materi</i>	84
c. <i>Validasi Guru Basa Jawi</i>	95
d. <i>Panguji ingkang Winates dening Para Siswa</i>	105
B. <i>Revisi Media Pasinaon</i>	111
1. <i>Dosen Ahli Media</i>	111
2. <i>Dosen Ahli Materi</i>	113
3. <i>Guru Basa Jawi</i>	117
C. <i>Damel Pungkasan Media Pasinaon</i>	119
D. <i>Langkung Kirangipun Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi</i>	122

BAB V PANUTUP

A. <i>Dudutan</i>	125
-------------------------	-----

B. <i>Implikasi</i>	126
C. Pamrayogi	126
KAPUSTAKAN	128
LAMPIRAN	130

DAFTAR TABEL

	kaca
Tabel 1: Panglumpukan <i>media</i> miturut Gagne (1916: 176-177)	17
Tabel 2: <i>Naskah media</i> pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi.....	53
Tabel 3: <i>Kisi-kisi</i> pambijinipun dosen <i>ahli media</i>	62
Tabel 4: <i>Kisi-kisi</i> pambijinipun dosen <i>ahli materi</i>	62
Tabel 5: <i>Kisi-kisi</i> pambijinipun guru basa Jawi.....	63
Tabel 6: <i>Instrumen</i> Anggenipun Mbiji Tanggepanipun Siswa.....	64
Tabel 7: <i>Kategori</i> Pambijinipun <i>Kualitas Media</i> Pasinaon.....	66
Tabel 8: <i>Kategori</i> Pambijinipun Tanggepan Siswa	67
Tabel 9: Asil <i>validasi I kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli media</i> ing bab <i>tampilan</i>	71
Tabel 10: Asil <i>validasi II kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli media</i> ing bab <i>tampilan</i>	72
Tabel 11: Asil <i>validasi I kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli media</i> ing bab <i>pemrograman</i>	73
Tabel 12: Asil <i>validasi II kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli media</i> ing bab <i>pemrograman</i>	73
Tabel 13: Asil pambijinipun dosen <i>ahli media tahap I</i> saha <i>tahap II</i>	74
Tabel 14: Asil <i>validasi I kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli materi</i> ing bab piwulangan	84
Tabel 15: Asil <i>validasi II kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli materi</i> ing bab piwulangan.....	84
Tabel 16: Asil <i>validasi I kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli materi</i> ing bab leresipun isi	85
Tabel 17: Asil <i>validasi II kualitas media</i> pasinaon dening <i>ahli materi</i> ing bab leresipun isi.....	86

Tabel 18: Asil pambijinipun dosen <i>ahli materi tahap I saha tahap II</i>	87
Tabel 19: Asil <i>validasi</i> guru basa Jawi wonten ing bab panganggenipun <i>materi</i>	95
Tabel 20: Asil <i>validasi</i> guru basa Jawi wonten ing bab <i>tampilan</i>	95
Tabel 21: Asil <i>validasi</i> guru basa Jawi wonten ing bab gladhen/ <i>evaluasi</i>	96
Tabel 22: Asil pambijinipun guru basa Jawi.....	96
Tabel 23: Tanggepan siswa babagan panganggenipun <i>media</i>	105
Tabel 24: Tanggepan siswa babagan <i>kemandirian</i>	106
Tabel 25: Tanggepan siswa babagan <i>penyajian media</i>	107
Tabel 26: Biji siswa saking mangsuli gladhen	108
Tabel 27: <i>Ketuntasan</i> Siswa nalika mangsuli gladhen	109
Tabel 28: Asil pungkasan pambijinipun <i>kualitas media</i> pasinaon saha tanggepan siswa babagan <i>media</i> pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi	120

DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1

1. <i>Kurikulum Pasinaon Basa Jawi</i>	130
2. <i>Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)</i>	133

Lampiran 2

1. <i>Flowchart Media Pasinaon</i>	145
2. <i>Naskah Media Pasinaon</i>	146
3. <i>Isi kamus</i>	151
4. <i>Cara Ngginakaken Media Pasinaon</i>	179
5. <i>Tampilan Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi</i>	183

Lampiran 3

1. <i>Asil Pambijinipun Dosen Ahli Media</i>	186
2. <i>Asil Pambijinipun Dosen Ahli Materi</i>	190
3. <i>Asil Pambijinipun Guru Bahasa Jawi</i>	194
4. <i>Asil Pambijinipun Tanggepan Siswa</i>	197
5. <i>Tabel Asil Tanggepan Siswa saking Sedaya Aspek</i>	285

Lampiran 4

1. <i>Serat Pasarujukan Nglampahi Panaliten</i>	287
2. <i>Serat Ijin Panaliten saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah</i>	288
3. <i>Serat Ijin Panaliten saking Fakultas Bahasa dan Seni</i>	289
4. <i>Serat Ijin Panaliten saking SETDA</i>	290
5. <i>Serat Ijin Panaliten saking BAPPEDA</i>	291
6. <i>Serat Ijin Panaliten saking SMAN 1 Kasihan</i>	292
7. <i>Dokumentasi Panaliten</i>	293

**DAMEL MEDIA PASINAON KAMUS BUKU WUCALAN BASA JAWI
KANTHI NGGINAKAKEN APLIKASI ADOBE FLASH PROFESSIONAL
CS5 TUMRAP SISWA SMAN 1 KASIHAN KELAS X SEMESTER
JANGKEP**

Dening:
Dewi Pangestu Said
NIM 09205241008

SARINING PANALITEN

Panaliten menika dipunlampahi kanthi ancas supados saged ngindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi siswa kelas X ing SMAN 1 Kasihan ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* saengga anggenipun sinau basa Jawi saged kalampahan kanthi langkung *efektif*. Ancas sanesipun inggih menika supados *media* ingkang dipundamel saged dados panyurung siswa anggenipun sinau basa Jawi.

Panaliten menika kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten ingkang dipunlampahi inggih menika damel *media* pasinaon kanthi wujud kamus buku wucalan *elektronik* kangge siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan. *Media* pasinaon ingkang sampun dipundamel dipunuji dening dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi* kanthi cara ngawontenaken *validasi* supados saged dipuntingali *layak* utawi mbotenipun *media* pasinaon menika. *Teknik* anggenipun ngempalaken *data* inggih menika ngginakaken *angket* ingkang sampun dipuncawisaken. *Teknik* anggenipun *nganalisis data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *analisis deskriptif*.

Asiling panaliten inggih menika: Sepisan, *tahap* damel *media* pasinaon menika kaperang dados gangsal, inggih menika (1) *tahap analisis*; (2) *tahap* damel rantaman *media* pasinaon; (3) *tahap* mekaraken *media* pasinaon; (4) *tahap validasi*; (5) *tahap evaluasi*. Kaping kalih, pambijinipun *kualitas media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saking *validasi* ingkang sampun kalampahan inggih menika (1) asil *validasi* dening *ahli media* kagolong wonten ing *kategori* “sae sanget” kanthi *persentase* 84,4%; (2) asil *validasi* dening *ahli materi* kagolong wonten ing *kategori* “sae sanget” kanthi *persentase* 84,3%; (3) Pambijinipun guru basa Jawi kagolong wonten ing *kategori* “sae” kanthi *persentase* 78,8%; (4) *tahap* ujicoba siwa kelas X kagolong wonten ing *kategori* “sarujuk sanget” kanthi *persentase* 87%. Kaping tiga, 82,8% siswa bijinipun gladhen langkung tinimbang KKM. Saking biji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang dipunmekaraken *layak* dipunginakaken kangge sinau siswa kelas X semester jangkep.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaripun Panaliten

Saben tiyang sampun tamtu nglampahi proses nambah ing elmi ingkang kawastanan sinau supados saged nambah kualitas anggenipun gesang wonten ing donya. Sinau saged dipunlampahi kanthi ngawontenaken *interaksi* langsung wonten ing masyarakat utawi kanthi ngawontenaken *interaksi* lumantar sekolah. Proses sinau lumantar sekolah ingkang kalampahan dipunajab supados kabetahanipun saben tiyang babagan elmi saged dipuntampi kanthi sae.

Wonten ing bab pendidikan Indonesia, saben provinsi gadhah *otonomi* piyambak anggenipun ngolah pendidikan sauger boten nyimpang saking paugeran utami. Salah satunggalipun pasinaon ingkang dipunwulangaken miturut tata provinsi inggih menika pasinaon basa dhaerah. Pamulangipun basa dhaerah sampun tamtu beda antawisipun dhaerah satunggal lan sanesipun. Pasinaon basa dhaerah ingkang dipunwulangaken wonten ing dhaerah Ngayogyakarta, Jawa sisih Tengah, saha Jawa sisih Wetan inggih menika Basa Jawi.

Pasinaon basa Jawi dipunwulangaken amargi basa minangka pirantos sesrawungan kangge nglantaraken gagasan, raos, saha elmi kangge tiyang sanes. Boten wonten elmi ingkang saged dipundum tanpa ngginakaken basa, kalebet ugi menawi badhe ngadum elmi basa. Kejawi menika, ancasipun sinau basa Jawi mliginipun kangge nguri-uri basa lokal ingkang kawastanan basa ibu saha budaya lokal ingkang ngandhut pitedah luhur supados boten ical kagerus ing jaman.

Tiyang Jawi wonten ing jaman samenika kathah ingkang kangelan ngginakaken basa Jawi amargi boten nguwaosi tembung-tembung Jawi. Pangertosan ing bab tetembungan Jawi sejatosipun dados salah satunggalipun perkawis ingkang njalari siswa kathah ingkang kangelan anggenipun ngginakaken basa Jawi. Tiyang saking papan sanes kathah ingkang mlebet dhateng tlatah Jawi ndadosaken siswa langkung asring ngginakaken basa Indonesia wonten ing pasrawungan saben dinten supados saged njumbuhaken basanipun kaliyan tiyang saking tlatah sanes ingkang boten mangertos basa Jawi.

SMAN 1 Kasihan minangka salah satunggalipun *instansi* pendidikan wonten ing dhaerah Bantul tumut nglestantunaken basa Jawi. Pasinaon basa Jawi wonten ing kelas dados salah satunggalipun cara ingkang dipunginakaken. Pirantos sinau ingkang kagolong pepak wonten ing sekolah kasebat saged dipunginakaken guru saha siswa satemah saged langkung gampil *materi* pasinaon dipuntampi dening siswa. Panganggenipun pirantos sinau kalawau sampun dipuncawisaken wonten ing saben kelas satemah siswa saha guru saged ngginakaken ing sawekdal-wekdal, bab menika tamtu kemawon mbiyantu sanget anggenipun mulang amargi *materi* saged langsung dipunparingaken siswa tanpa nelasaken wekdal.

Saben kelas wonten ing SMAN 1 Kasihan pikantuk jadwal sinau basa Jawi wonten kelas namung setunggal jam pasinaon. Kadadosan ingkang kados menika tamtu kemawon sampun dipuntimbang kanthi mateng. Paugeran saking Dinas Pendidikan ingkang majibaken pasinaon basa Jawi namung kalampahan setunggal jam pasinaon kemawon, cacahipun pasinaon wonten sekolah ingkang kathah, saha

guru basa Jawi ingkang namung setunggal kemawon minangka sebabipun. Sanajan kados makaten, kagiyatan wonten ing njawi kelas ingkang gayut kaliyan basa Jawi ugi dipungatosaken dening sekolah, kadosta nyawisaken wadhah kangge sinau budaya Jawi, ngawontenaken *mading* basa Jawi, lan sapiturutipun.

Pasinaon basa Jawi wonten ing SMAN 1 Kasihan dipunlampahi wiwit saking kelas X dumugi kelas XII. Sinau basa Jawi kedahipun urut, dipungatosaken saking wiwitan dumugi pungkasan anggenipun sekolah. Sinau basa Jawi wonten ing kelas X minangka dhasar anggenipun sinau *materi* basa Jawi salajengipun saengga kedah dipungatosaken langkung kathah. Panguwaosipun *materi* kelas X ingkang kirang saged dadosaken *materi* wonten ing kelas salajengipun boten saged dipuntampi kanthi sae.

Panguwaosipun tembung-tembung basa Jawi minangka salah setunggalipun bab ingkang ageng dayanipun wonten ing kagiyatan sinau satemah kedah dipungatosaken saking wiwitan. Panguwaosipun tembung-tembung menika mliginipun saged dipunraosaken dayanipun wonten ing katrampilan maos. *Materi* pasinaon basa Jawi kathah ingkang sinerat wonten ing buku. Bab menika dipunlampahi supados nggampilaken guru anggenipun mulang basa Jawi saha *materi* kasebut saged dipunsinau piyambak wonten ing griya dening siswa.

Siswa ingkang boten nguwaosi tembung-tembung basa Jawi saged kangelan anggenipun nangek *materi* wonten ing buku ingkang dipunginakaken kangge sinau. Panguwaosipun tembung-tembung basa Jawi ingkang kirang saged ndadosaken siswa klentu anggenipun negesi panemu, gagasan saha pawartos

ingkang sejatosipun dipunkajengaken pamicara utawi panyerat. Kahanan ingkang kados menika saged ndadosaken siswa pikantuk elmi ingkang klentu.

Kathahipun siswa ingkang boten nguwaosi tetembungan basa Jawi, salah setunggalipun amargi basa Jawi sampun awis-awis dipunginakaken wonten ing pasrawungan saben dinten. Wonten ing lingkungan sekolah, kadadeyan kados menika saged dipuntingali nalika siswa dipundhawuhi maos waosan ingkang ngginaken basa Jawi. Siswa kathah ingkang kangelan anggenipun negesi tembung-tembung wonten ing waosan ingkang ngginakaken basa Jawi, kamangka waosan kalawau ngginakaken basa ingkang limrah kemawon kadosta tembung midhangetake, ature, duka, mapan, lan sapiturutipun kados wonten ing ukara menika (Astuti, 2012).

“Sawuse midhangetake ature para Dewa, nuli Sang Hyang Jagadnata ing samodra nawung duka.”

“Jaman biyen pagelaran wayang wong digelar suwene nganti patang dina, wiwit jam nem esuk tekan jam sepuluh wengi mapan ing Bangsal Kencana.”

Wigatosipun panguwaosan basa Jawi dening para siswa njalari dipunbetahaken sawetawis *media* ingkang *efektif* kangge mbiyantu siswa sinau basa Jawi, mliginipun *media* ingkang saged nyengkuyung anggenipun mindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi. *Media* ingkang dipunginakaken tamtu kemawon kedah jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunwulangaken, gampil anggenipun ngginakaken, lan sapiturutipun. Kanthi ngginakaken *media* dipunajak siswa saged sinau langkung gampil.

Salah satunggalipun *media* ingkang saged dipunginakaken kangge mindhakaken panguwaosipun tembung-tembung Jawi inggih menika kamus buku

wucalan basa Jawi *elektronik*. Kamus menika minangka pamekaran saking kamus-kamus *elektronik* ingkang sampun wonten, kadosta kamus *bilingual* Indonesia-Inggris, Jawa-Indonesia, lan sapiturutipun. Kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* dipundamel kanthi migatosaken kabetahan para siswa. Boten beda tebih kaliyan kamus ingkang sampun wonten, kamus menika saged madosi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertos lajeng tegesipun tembung ingkang dipunpadosi saged medal wonten kelir.

Media pasinaon kamus buku palajaran basa Jawi dipundamel kanthi ngemot *materi-materi* ingkang dipunsinau wonten ing pasinaon basa Jawi siswa kelas X SMA semester jangkep. Kanthi ngginakaken *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi panguwaosipun tembung-tembung Jawi siswa dipunajab saged mindhak, mliginipun kangge sinau basa Jawi wonten ing standar kompetensi maos. *Materi-materi* ingkang dipunwulangaken wonten ing pasinaon kathah ingkang sinerat wonten ing buku pasinaon supados saged dipunginakaken siswa kangge sinau wonten sekolah utawi wonten griya. *Materi* ingkang sinerat kalawau boten saged dipuntampi dening siswa kanthi sae menawi siswa taksih kangelan anggenipun negesi tembung-tembungipun wonten buku, bab menika ingkang dados dhasar anggenipun damel *media* menika. Kanthi ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipunajab anggenipun sinau saged lancar.

Supados jumbuh kalihan *materi* ingkang dipunwulangaken wonten ing pasinaon basa Jawi, *aplikasi* menika dipundamel kanthi ngempalaken *data* saking buku-buku ingkang dipunginakaken siswa wonten ing pasinaon basa Jawi lajeng

dipunambah tembung-tembung Jawi sanesipun saengga isi kamus menika saged kathah. Kamus menika minangka kamus *eka bahasa*, tembung-tembung ingkang dipunpadosi dipuntegesi kanthi ngginakaken basa Jawi ugi, kanthi tembung-tembung ingkang langkung gampil dipunmangertos, inggih menika tembung-tembung ngokonipun. Tegesipun tembung kanthi ngginakaken basa Jawi ugi dipunajab siswa langkung asring manggihi tembung-tembung Jawi.

Pirantos ingkang dipunginakaken kangge *aplikasi* kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* inggih menika kanthi wujud *handphone* (HP). Majengipun jaman ndadosaken pirantos HP dipunbetahaken sanget kangge pirantos sesrawungan lan sapiturutipun. HP dados pirantos ingkang njamur wonten ing sedaya *kalangan*, meh sedaya tiyang gadhah HP, kalebet ugi siswa sekolah. Gampilipun manggihi siswa ingkang gadhah HP ndadosaken panaliti kepingin *manfaataken* pirantos kasebut supados langkung migunani wonten ing bab pendidikan.

Media kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* dipundamel ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. *Aplikasi* menika dipunginakaken amargi dipunjumbuhaken kalihan kebetahan anggenipun damel *aplikasi* kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik*. *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* minangka salah setunggalipun *aplikasi* kangge damel *aplikasi* enggal ingkang saged dipunlampahaken wonten ing pirantos *micro device* saha *mainframe*. Pirantos ingkang ndhukung kangge nglampahaken *aplikasi* menika kathah sanget. *Aplikasi* menika saged dipunlampahaken wonten ing pirantos HP ingkang wonten *flashplayer* saha *SmartSwf* kadosta HP (pirantos *micro device*) ingkang *basisipun*

Android, Blackberry, saha iOS. Aplikasi menika ugi saged dipunginakaken wonten ing pirantos *mainframe* kadosta *komputer* saha *laptop* saengga siswa ingkang boten saged ngginakaken *aplikasi* menika wonten HP saged ngginakaken wonten ing komputer.

Adhedhasar saking dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandhraken, panaliti mendhet judul “Damel *Media* Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi kanthi Ngginakaken *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* tumrap Siswa SMAN 1 Kasihan Kelas X Semester Jangkep”.

B. Underanipun Perkawis

Saking dhasaripun panaliten ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika, saged kapetil perkawis inggih menika,

1. prelunipun panyurung tumrap siswa sinau basa Jawi mliginipun sinau *vocabulary* basa Jawi,
2. prelunipun *media* pasinaon basa Jawi kangge sinau *vocabulary* basa Jawi,
3. *media* pasinaon kamus basa Jawi *elektronik* saged mindhakaken panyurungipun siswa anggenipun sinau basa Jawa.

C. Watesanipun Perkawis

Watesipun perkawis dipunbetahaken sanget wonten ing panaliten supados panaliten ingkang badhe dipunlampahi boten nyimpang saking intinipun perkawis ingkang badhe dipunrembag. Watesan saking perkawis ingkang dipuntaliti inggih menika ngrembag cara mindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi siswa kelas X wonten ing SMA N 1 Kasihan kanthi *fokus* perkawisipun inggih

menika damel *media* kangge mindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi siswa kelas X wonten ing SMA N 1 Kasihan.

D. Wosipun Perkawis

Saking watesipun perkawis ingkang sampun dipunandhraken, saged dipundamel saringan perkawis kados pundi anggenipun damel *media* pasinaon ingkang trep kangge ngindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi siswa kelas X wonten ing SMAN 1 Kasihan ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5?*

E. Ancasipun Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas saged ngindhakaken cacahing tetembungan basa Jawi ingkang dipunkuwaosi siswa kelas X ing SMAN 1 Kasihan kanthi ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik*. Bab menika dipunlampahi supados anggenipun sinau basa Jawi saged kalampahan kanthi langkung *efektif*. Ancas sanesipun inggih menika supados *media* ingkang dipundamel saged dados panyurung siswa anggenipun sinau basa Jawi.

F. Paedahipun Panaliten

Panaliten menika gadhah paedah,

1. saged ngindhakaken cacahipun tetembungan basa Jawi ingkang dipunkuwaosi siswa kanthi ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi;
2. nggampilaken siswa anggenipun sinau basa Jawi;
3. nggampilaken guru anggenipun ngasta basa Jawi;
4. saged dipundesimilasi utawi dipunginakaken wonten ing sekolah sanesipun.

G. Watesanipun Istilah

Kangge paring gambaran irah-irahan panaliten ingkang badhe dipungarap, perlu dipunandhraken tegesing tetembungan ing irah-irahan panaliten kados andharan ing andhap menika.

1. *Media* pasinon miturut Indriana (2011: 16) wonten ing bukunipun gadhah pangertosan “sedaya kemawon bahan saha pirantos fisik ingkang saged dipunginakaken kangge *mengimplementasi* prestasi siswa wonten ing sasaran utawi ancasipun pamulangan”.
2. Kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika sarana ingkang dipunginakaken kangge sinau, karantam mawi *abjad* kangge negesi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertos. Anggenipun negesi tembung nginakaken basa ingkang sami kaliyan tembung ingkang dipuntegesi, namung kemawon basa ingkang dados tegesipun tembung ngginakaken tembung ingkang langkung asring dipunmirengaken dening siswa supados siswa langkung mangertos teges saking tembung ingkang dipunpadosi.
3. *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* inggih menika “*program* kangge damel *animasi* ingkang dipundamel dening *perusahaan* pirantos *lunak* saking Amerika Serikat” (Wahana Komputer, 2010: 2).

BAB II GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teoritik

1. Media Pasinaon

a. Pangertosan *Media Pasinaon*

Kagiyatan utami wonten ing lingkungan sekolah inggih menika proses sinau saha mulang. Proses kasebat sejatosipun ugi saged dipunwastani proses *komunikasi*. Wonten ing *proses* siswa sinau saha guru mulang wonten kagiyatan nyaluraken pesen saking pamicara kanthi *media* tartamtu supados ingkang mirengaken mangertos menapa isinipun pesen kalawau.


Pamicara saha tiyang ingkang mirengaken wonten ing kagiyatan sinau saha mulang inggih menika guru saha siswa. Guru minangka pamicara menawi paring *materi* kangge para siswa, saged ugi dados tiyang ingkang midhangetaken nalika wonten siswa ingkang nyuwun pirsu, pamrayogi, saha panyaruwe. Siswa ugi saged dados pamicara nalika nyuwun pirsu, paring pamrayogi, saha panyaruwe dhateng guru, dados tiyang ingkang mirengaken nalika guru ngendika bab *materi* pasinaon. Pesen wonten ing kagiyatan sinau saha mulang inggih menika *materi* sinau ingkang jumbuh kaliyan kurikulum pasinaon tartamtu, ingkang saged dipunandharaken mawi wujud *simbol-simbol verbal* saha *non-verbal*. *Simbol verbal* miturut pamanggihipun Nuraini (2007) inggih menika *komunikasi* antawisipun pamicara saha tiyang ingkang mirengaken kanthi wujud seratan saha pawicantenan. Simbol *non-verbal* beda kaliyan simbol *verbal* kadosta basa *isyarat, ekspresi, sandi, intonasi* suwanten, lan sapiturutipun.

Wondene *komunikasi* wonten ing kagiyatan sinau saha mulang kalawau saged ugi saking *media* ingkang dipunginakaken, kadosta buku-buku pasinaon, modul, PPT, *proyektor*, lan sapiturutipun. Media ingkang dipunginakaken wonten ing proses sinau saha mulang kalawau sejatosipun ngandhut pesen saking tiyang ingkang damel kangge ngandharaken elmi saking pandamel media kangge tiyang ingkang ngginakaken.

Supados *komunikasi* saged kalampahan kanthi sae wonten ing kagiyatan *komunikasi* kasebat mbetahaken saluran *komunikasi* ingkang dipunsebat *media*. Miturut Arsyat (2011: 3), asalipun tembung *media* inggih menika saking basa Latin *medius* kanthi teges ‘tengah’, ‘*perantara*’ utawi ‘*pengantar*’. Tegesing tembung *media* minangka ‘*perantara*’ dipunandhraken kanthi langkung cetha dening Schram wonten ing buku anggitanipun Indriana (2011: 14) bilih “*media* inggih menika *teknologi* ingkang mbeta pesen, paedahipun kangge kapreluan sinau satemah *media* dados pawiyaran saking guru”. Wonten ing andharan menika saged dipunmangertos bilih *media* minangka pirantos ingkang dipunginakaken kangge “*perantara*” ngandharaken pesen saking guru dhateng siswanipun. Pangertosan babagan *media* ugi dipunsengkuyung saking pamanggihipun Indriana (2011: 16) bilih “*media pasinaon* inggih menika sedaya kemawon bahan saha pirantos fisik ingkang saged dipunginakaken kangge nambah *prestasi* siswa wonten ing sasaran utawi ancasipun pamulangan”.

Media dipunginakaken minangka pirantos kangge mbiyantu guru ngasta wonten kelas, anggenipun mulang saged langkung cetha. Proses sinau saha

mulang ngginakaken media saged dipuntingali saking baganipun Sadiman (1986:15) kados makaten.




Bagan I: **Proses komunikasi ngginakaken media dening Sadiman (1986:15)**

Saking gambar ing inggil menika, saged dipuntingali bilih *media* dipundamel ngemot pesen saking sumberipun. *Media* ingkang jumbuh kaliyan *materi* piwulangan saged dipunginakaken guru kangge mulang wonten ing kelas. Kanthi ngginakaken *media* pasinaon dipunajab saged mbiyantu para siswa mangertos *materi* ingkang dipunwulangaken kanthi langkung cetha.

Proses sinau *materi* pasinaon tamtu kemawon boten namung dipunlampahi siswa wonten ing sekolah kemawon. Kagiyatan sinau saged dipunlampahi piyambak wonten ing griyanipun siswa utawi papan sanes. Kaluwihan panganggenipun *media* wonten ing pasinaon saged dipuntingali nalika siswa nglampahi proses sinau piyambak. Siswa ingkang sinau piyambak tanpa ngawontenaken *interaksi* langsung kaliyan guru saged ngginakaken *media*

ingkang dipungambaraken dening Sadiman (1986: 16) wonten ing bagan kados makaten.



Bagan II: **Proses sinau piyambak dening Sadiman (1986: 16)**

Saking gambar ing inggil menika, saged dipuntingali bilih kanthi ngginakaken *media* siswa saged sinau piyambak. Pesen saking tiyang damel *media* ingkang sampun dipunjumbuhaken kaliyan *materi* pasinaon saged dipunginakaken kangge *referensi* anggenipun sinau. Kanthi ngginakaken *media* dipunajab siswa langkung kepenak anggenipun sinau.

b. Paedah Media Pasinaon

Media pasinaon dumugi samenika taksih dipuntaliti, dipundamel, saha dipunevaluasi dening tiyang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan donya pendidikan amargi anggenipun ngangge *media* nuwuhaken paedah ingkang kathah. Paedah saking *media* pasinaon miturut Indriana (2011) kados makaten.

- 1) Damel cetha konsep-konsep ingkang taksih mbingungi.
- 2) Ndugekaken pirantos ingkang kagolong mbebayani utawi awrat anggenipun manggihi wonten ing papan sinau.

- 3) Nuduhaken pirantos ingkang ageng sanget utawi alit sanget wonten ing papan sinau.
- 4) Nuduhaken pirantos ingkang owah kanthi cepet sanget utawi alon sanget.

Andharanipun Indriana babagan paedah *media* jumbuh kaliyan andharan saking Sadiman (1986) bilih *media* pasinaon kanthi umum gadhah paedah supados anggenipun mulang langkung cetha, saged mrantasi perkawis papan, wekdal, saha indranipun manungsa, saged mindhakaken greget sinau siswa, ugi supados siswa pikantuk *persepsi* ingkang sami babagan *materi* pasinaon.

Saking andharanipun para ahli *media* ingkang sampun dipunandhraken, saged dipundudut bilih *media* gadhah paedah utami kados makaten.

- 1) Saged mbiyantu supados *materi* ingkang dipunwulangaken langkung cetha satemah langkung gampang dipuntampi dening siswa.

Wonten *materi-materi* tartamtu ingkang mbetahaken pambiyantunipun pirantos sanes anggenipun mulang supados saged dipunmangertos kanthi langkung cetha, tuladhanipun menawi badhe sinau babagan busana wayang. Panganggening gambar wayang utawi wayang asli wonten ing kelas saged damel siswa langkung cetha anggenipun *ngidentifikasi* busananipun. Gambar wayang ingkang dipunginakaken saged dipunparingi garis-garis ingkang ngemot katrangan busananipun utawi guru saged nuduhaken kanthi langsung busananipun wayang satemah siswa saged ningali kanthi langsung, boten namung ngawang-awang.

- 2) Saged ndugekaken *materi* ingkang boten saged dipuntingali kanthi langsung.

Cara anggenipun sinau ingkang *efektif* inggih menika ngginakaken indranipun siswa kangge sinau. Ananging, kadhang kala papan, wekdal, kahanan, saha


indranipun manungsa ingkang winates ndadosaken cara ingkang kados menika boten saged dipunlampahi kadosta sinau *materi* urutanipun bom atom Hiroshima mbledhos. Kanthi ngginakaken *media* pasinaon siswa boten prelu dipunbeta wonten Jepang saha dipunbeta wonten ing wekdal kepungkur kangge sinau *materi* menika, kahanan ingkang mbebayani boten dados perkawis amargi siswa sinau kanthi aman wonten kelas, saha urutan mbledosipun bom atom ingkang cepet saged dipundamel alon supados gampil dipunmangertos.

3) Nambah greget siswa anggenipun sinau.

Media ingkang dipundamel kanthi *tampilan* ingkang sae, gampil anggenipun ngginakaken, saha gampil dipuntampi pesen saking *media* ndadosaken kagiyatan sinau langkung ngremenaken.

a. Klasifikasi Media Pasinaon

Media wonten ing bab pendidikan wonten maneka werni jenisipun. Ingkang dipunwastani “*media* inggih menika pirantos *lunak (software)* ingkang ngemot pesen utawi informasi pendidikan lajeng dipunandharaken ngginakaken pirantos tartamtu” (Sadiman, 1986: 19). *Software* wonten ing katrangan kalawau saged kanthi wujud *komponen* saking *sistem instruksional*, guru, *teknik latar*, pirantos, lsp. Kathah tiyang ingkang negesi *media* kanthi pirantos ingkang anggenipun ngginakaken kedah mawi *komputer* saha *LCD* kemawon, padahal ingkang dipunwastani pirantos boten namung kados makaten. *Media* pasinaon menawi dipuntingali sejatosipun wonten kathah jinisipun. Duncan wonten ing bukunipun Sadiman (1986: 20) milah *media* miturut ruwetipun *media* pasinaon ingkang saged dipuntingali saking bagan ing ngandhap menika.



Bagan III: **Panglumpukan media pendidikan saking Duncan wonten ing buku Sadiman (1986: 20)**

Saking *bagan* ing inggil menika saged dipundudut bilih sansaya andhap *tingkatanipun media*, sansaya kathah ragad ingkang dipunbetahaken saha sansaya umum sipat panganggenipun. Ananging, sewalikipun anggenipun ngginakaken sansaya boten gampil saha radi ruwet. *Media-media* ingkang sampun dipunandhraken kalawau kathah ingkang taksih dipunginakaken dumugi samenika. Panganggenipun *media* kanthi ragad ingkang kathah utawi *media* ingkang ruwet anggenipun ngginakaken dipunjumbuhaken kaliyan kabetahanipun wonten kelas.

Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menawi dipuntingali saking *bagan* ing inggil menika saged dipunlebetaken wonten ing kelompok paling

andhap, inggih menika *media* pasinaon ingkang ngginakaken *komputer*. Pirantos ingkang dipunginakaken kangge nglampahaken *aplikasi* kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika pirantos *elektronik* ingkang kawastanan HP. Pirantos HP kalebet pirantos *micro device* satemah saged dipungolongaken pirantos *komputer*.

Saben ahli *media* tamtu kemawon kagungan pamanggih piyambak babagan *media*, kalebet ugi anggenipun ngempalaken *media* dados *kelompok* tartamtu. Saben ahli *media* ngempalaken *media* kanthi cara ingkang boten sami amargi amargi anggenipun ngempalaken *media* dipuntingali saking bagian-bagian ingkang boten sami, wonten ingkang milah *media* kanthi dhasar ragadipun, paedahipun, agengipun, jumlah ingkang ngginakaken, lan sapiturutipun. Gagne (1916: 176-177) minangka ahli *media* ngempalaken *media* pasinaon beda kaliyan andharanipun Duncan wonten ing bukunipun Sadiman (1986: 20) amargi anggenipun ngempalaken *media* pasinaon kanthi ningali kados pundi elmi wonten ing *media* pasinaon saged dipunsaluraken ingkang saged dipuntingali wonten ing tabel menika.

Tabel 1: Panglumpukan *media* miturut Gagne (1916: 176-177)

<i>Delivery System</i>		
<i>Possible Media</i>	<i>Learner Activity</i>	<i>Methods, Teacher Roles</i>
<i>Group Instruction</i>		
<i>books, other reading materials</i> <i>charts, chalkboard, displays</i> <i>teacher</i> <i>guest speakers</i> <i>real objects, models, laboratory equipment, plants, animals</i>	<i>reading</i> <i>listening</i> <i>observing</i> <i>demonstrations</i> <i>manipulating objects</i> <i>visits</i> <i>taking written tests</i> <i>home study</i>	<i>lectures</i> <i>discussions</i> <i>demonstration</i> <i>oral quizzing</i> <i>corrects papers</i> <i>scores tests</i> <i>prepare report to parents and administrators</i>

tabel lanjutan

<i>Delivery System</i>		
<i>Possible Media</i>	<i>Possible Media</i>	<i>Possible Media</i>
Overheads movies field trips		
<i>Individualized Instruction (In School Setting)</i>		
programmed texts books modules audio visual devices for learner-control peer tutoring self-check test learning centers and associated equipment and materials	reading responding self-pacing self-checking completing exercises working with a peer taking tests completing individual projects	placement testing diagnostic testing monitors pupil progress remedial instruction forming small group which change frequently keeps records monitors pupil use materials and test find peer tutors to help pupils supervises available teacher aids
<i>Small Group Instruction</i>		
books exercises laboratory materials slide/ tape presentations sound recordings	reading to each other performing joint laboratory discussion watching presentations together completing team assignments	assesses level of pupil progress forms small groups for specific lessons or exercises assesses progress of individuals and small groups keeps records assists in locating materials, using equipment introduces new projects to small groups
<i>Independent Study</i>		
books libraries reading lists laboratories learning centers and associated equipment and materials list of objectives or exercises	reading and independent study conduction library searches and laboratory experiments writing papers conferring with faculty members taking written and oral	advisor performs guidance function suggest or assigns tasks, paper, book, etc confers with student upon request or as scheduled conducts examinations and evaluations of progress conducts dissertation defense

tabel lanjutan

<i>Delivery System</i>		
<i>Possible Media</i>	<i>Possible Media</i>	<i>Possible Media</i>
<i>final examinations</i>	<i>examinations writing major papers, thesis, or dissertation</i>	<i>certifies completion of specified units of work for credits or degrees forms advisory committees to assist in above functions</i>
<i>Work Study Programs</i>		
<i>any or all the above for study portion of program work at specified community locations involves variety of persons and equipment as media</i>	<i>any or all of above for study portion of program any assigned work function, under supervision</i>	<i>any or all of the above for study portion of program coordinates work assignments with study portion of program</i>
<i>Home Study (Correspondence Courses)</i>		
<i>books exercises tests communication with instructor programmed texts modules inexpensive viewers used with external lighting</i>	<i>home study by reading, completion, of exercises, taking tests, and corresponding with instructor</i>	<i>assigns materials, exercises, and tests answers questions by mail scores tests and certifies completion of course may prepare and mail supplementary materials to those needing it</i>

Saking tabel ing ingkang sampun dipunserat saged dipuntingali bilih saben *media* gadhah paedah piyambak-piyambak. Pamilihing *media* kedah nggatosaken *media* ingkang kados pundi ingkang saged dipunginakaken, kagiyatan sinau ingkang saged kalampahan, saha saged dipunginakaken kangge *metode* ingkang kadospundi. Pamilihing *media* pasinaon ingkang trep kangge sinau saged damel siswa sinau kanthi *maksimal*.

Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menawi dipuntingali saking tabel ing inggil menika saged dipunlebetaken wonten ing *programmed texts*. Isi

saking *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel kanthi wujud seratan ingkang *dipunprogram* kangge mindhakaken panguwaosipun tembung-tembung Jawi para siswa. *Media* pasinaon menika saged dipunginakaken kangge saben siswa wonten ing sekolah ugi saged dipunginakaken piyambak kangge sinau wonten griya. Panganggenipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang kados menika jumbuh kaliyan andharan saking Gagne (1916: 176-177) wonten ing tabel ingkang sampun kaserat.

b. Kriteria Anggenipun Milih Media Pasinaon

Saben tiyang ingkang wonten gayutipun kaliyan bab pendidikan sampun tamtu kagungan pangajab bilih anggenipun ngawontenaken proses sinau saha mulang saged kalampahan kanthi sae saha *efektif*. Supados jejibahan kalawau saged kalampahan, anggenipun mulang kedah sampun dipunrantam kanthi sae. *Media* ingkang trep dipunginakaken kangge sinau minangka salah satunggalipun bab ingkang kedah dipungatosaken. *Media* ingkang dipunginakaken wonten ing proses sinau saha mulang wonten sekolah adatipun dipunpilih amargi *media* ingkang dipunginakaken sampun dipunkuwaosi dening guru, saged paring gambaran dhateng siswa langkung cetha tinimbang dipunwulangaken piyambak, saha *media* ingkang dipunginakaken saged narik kawigatosanipun siswa. Kanthi cara ingkang kados makaten dipunajab supados *media* pasinaon ingkang dipunpilih sampun trep satemah nggampilaken guru saha siswa wonten ing proses sinau saha mulang.

Arsyad (2011) ngandharaken bilih menawi badhe milih *media* ingkang badhe dipunginakaken kangge mulang, guru kedah nggatosaken *kriteria* anggenipun

milih *media*, inggih menika jumbuh kaliyan ancasi pun sinau, trep kaliyan *materi*, boten ruwet, gampil dipunginakaken, saged dipunginakaken malih, guru trampil anggenipun ngginakaken, kathahipun siswa, *mutu teknis*ipun. *Kriteria-kriteria* kalawau dipunginakaken kangge mbiyantu anggenipun milih *media* sinau ingkang badhe dipunginakaken. *Kriteria-kriteria* menika saged dipunandhraken kados makaten.

Sinau saben *materi* pasinaon tamtu kemawon wonten ancasi ingkang badhe dipundudut. *Media* ingkang dipunginakaken kangge sinau boten namung kedah trep kaliyan *materi* ingkang dipunsinau, nanging ugi kedah dipunjumbuhaken kaliyan ancasi pun sinau *materi* ingkang dipunwulangaken. *Media* pasinaon ingkang dipunginakaken boten namung kanthi ancasi supados siswa mangaertos, panganggenipun *media* pasinaon kedah nyengkuyung ancasi pun pasinaon *materi* ingkang kaserat wonten ing silabus.

Media pasinaon langkung sae menawi dipunpadosi ingkang boten ruwet, gampil dipunginakaken, saged dipunginakaken malih. Kahanan sinau saben *materi* wonten ing saben sekolah tamtu kemawon beda-beda, *media* ingkang *praktis* saged nggampilaken guru anggenipun ngginakaken. *Media* pasinaon ingkang saged dipunginakaken saben wekdal, saben papan, saben kahanan, saha saged dipunpindhah-pindhah tamtu kemawon saged mbiyantu guru menawi badhe sinau kanthi *metode* tartamtu. *Media* ingkang saged dipunginakaken malih ndadosaken guru boten prelu padosi *media* malih kangge sinau *materi* ingkang sami wonten ing kelas sanes.

Woten ing kagiyatan milih *media* pasinaon, katrampilan guru ngginakaken *media* kedah dipungatosaken. Guru kagungan *peranan* ingkang ageng wonten ing kagiyatan sinau saha mulang wonten sekolah. Proses sinau saha mulang wonten ing sekolah saged kalampahan kanthi sae amargi guru, salah satunggaling *peranan* guru inggih menika wekdal ngginakaken *media* pasinaon. Guru kedahipun trampil ngginakaken *media* ingkang dipunginakaken supados *media* saged dipunginakaken kanthi *optimal*.

Pamilihipun *media* pasinaon kedah nggatosaken tata cara anggenipun ngginakaken saha nggatosaken *mutu* seratanipun. *Media* ingkang dipunginakaken kedah nggatosaken kathahipun siswa ingkang saged ngginakaken *media* kasebat, kangge piyambakan, wonten ing kelompok alit, utawi kelompok ageng. Pamilihipun *media* ugi boten pikantuk sembarangan, *media* pasinaon ingkang dipunginakaken kedah cetha tampilanipun, cetha informasinipun, saha cetha seratanipun. Kagiyatan milih *media* pasinaon kalawau dipunlampahi supados panganggenipun *media* saged *maksimal*.

Andharan ing inggil menika minangka andharan saking kriteria pamilihipun *media* pasinaon dening Arsyat (2011). Saking andharan ing inggil menika saged dipundudut bilih pamilihipun *media* pasinaon boten angsal sembarangan. Saking andharan ing inggil menika ugi saged dipundudut bilih anggenipun milih *media* kedah nggatosaken perkawis menika.

- 1) Paedahipun *media* kedah jumbuh kaliyan ancas ingkang dipunajab saking *materi* sinau. Supados paedahipun *media* saged dipunraosaken maksimal kaliyan siswa saha guru, anggenipun ngginakaken *media* kedah nggatosaken

perangan sanesipun ingkang saged ndukung lancaripun proses sinau saha mulang, kadosta papan ingkang trep, pirantos ingkang dipunginakaken, lsp.

- 2) Saderengipun media dipunpilih dening guru kangge mulang kedah nggatosaken sinten sasaranipun ingkang saged dipuntemtokaken saking kathah perangan kadosta umur, jinising pakaryan, jaler menapa estri, papan panggenanipun, status wonten ing masyarakat. Wonten ing donya pendidikan pamilihing media saged dipuntingali saking *tataran* pendidikanipun inggih menika kangge siswa SD, siswa SMP, siswa SMA, utawi kangge mahasiswa. Pamilihing media sampun tamtu kedah nggatosaken sinten ingkang dados sasaranipun supados media ingkang dipunginakaken gampil dipuntampi dening siswa. Tuladha anggenipun ngginakaken *media* kedah nggatosaken karakteristik kelompok sasaran inggih menika panganggenipun media audio kangge mulang bab nembang. Menawi badhe ngginakaken *media* bab nembang kangge siswa SD kedahipun ngginakaken *media* kanthi seratan ingkang ageng-ageng, namung sakedhik tembung-tembungipun, ukara ingkang gampil kemawon, saha *tampilanipun* dipundamel langkung rame tinimbang kangge siswa SMA. Meawi kangge siswa SMA pamilihing *media* beda kaliyan kangge siswa SD, boten namung *tampilan* ingkang boten rame kadosta siswa SD, seratanipun ngginakaken ukuran *standar* kemawon, tembung-tembung ingkang dipunginakaken saged dipunjumbuhaken kaliyan kabetahanipun, saha ukaranipun sampun saged ngginakaken ukara ingkang radi inggil basanipun.

- 3) Organisasi anggenipun kelompok sinau. *Media* dipundamel boten namung kangge individu, kathah *media* ingkang dipundamel kangge kelompok-kelompok kanthi jumlah tartamtu, wonten ingkang kelompok ageng, wonten ugi ingkang dipunginakaken kelompok alit. Kahanan kados menika kedah dipunmangertos saderengipun *media* dipunginakaken supados saged dipuntemtokaken jumlahing *media* ingkang dipunbetahaken wonten ing kelas ingkang njalari *media* saged dipunginakaken kanthi maksimal.
- 4) Wekdal ingkang dipunbetahaken menawi ngangge *media* ingkang dipunpilih kedah dipungatosaken. Wonten *media* tatemtu ingkang mbetahaken kathah wekdal menawi dipunginakaken. Kahanan kalawau boten dados perkawis menawi wekdal wonten ing proses sinau saha mulang menika kathah. Ingkang dados perkawis menawi proses sinau saha mulang namung sekedhap kadosta wonten ing pasinaon basa Jawi ingkang gadhah wekdal namung setunggal jam pasinaon, guru badhe mulang bab asal usuling aksara Jawi ngginakaken *video* kanthi wekdal sangang dasa menit. Sampun tamtu anggenipun ngginakaken *media* ingkang kados makaten boten trep amargi *media* boten saged maksimal anggenipun ngginakaken.
- 5) *Media* ingkang dipunginakaken langkung sae menawi *luwes* anggenipun ngginakaken, ingkang saged dipunginakaken wonten pundi kemawon saha kondisi kados menapa kemawon. *Media* ingkang sae gampil anggenipun ngginakaken, gampil anggenipun mindhah saha gampil dipunbeta satemah saged dipunginakaken malih menawi dipunbetahaken.

- 6) Sumber saha ragad anggenipun damel *media* ugi kedah dipungatosaken. *Media* ingkang sampun trep kaliyan *materi* saged langsung dipunginakaken wonten ing kelas. Ananging, menawi *media* ingkang badhe dipunginakaken kasunyatanipun boten trep kaliyan menapa ingkang dipunbetahaken, guru saged damel piyambak *media* ingkang dipunbetahaken, ndandani sakedhik *media* ingkang dipunginakaken, utawi pados *media* sanes ingkang langkung trep kaliyan *materi*. Menawi badhe damel utawi pados *media* kedahipun dipuntimbang ragad ingkang kedah dipunginakaken saha wonten menapa boten *media* ingkang dipunbetahaken. Modifikasi *media* ugi gadhah perkawis ingkang sami, anggenipun modifikasi kedah nggatosaken wonten menapa boten *hak cipta* saking *media* ingkang kedah dipunurus, anggenipun ndandani mbetahaken ragad pinten menawi badhe ndandani *media*.


Kados makaten kriteria anggenipun milih *media* ingkang kedah dipungatosaken. Kagiyatan milih *media* dipunlampahi supados saged dipunpanggihi *media* ingkang paling trep kangge sinau *materi* ingkang dipunwulangaken. *Media* ingkang sampun dipunpilih saged langsung dipunginakaken utawi kedah dipundandani miturut kabetahanipun. Kanthi kegiatan pamilihipun *media* dipunajab guru anggenipun ngginakaken *media* saged trep saengga boten wonten ingkang sia-sia.

2. Damel Media Pasinaon

Media dipundamel kanthi ancas supados guru anggenipun mulang salah satunggalipun *materi* langkung gampil tinimbang menawi boten ngginakaken.

Media ingkang dipunginakaken saged nuduhaken siswa bab-bab ingkang boten saged dipunwulangaken guru piyambak. Kadadosan ingkang kados makaten njalari kagiyatan damel *media* pasinaon kathah dipunlampahi.

Damel *media* pasinaon *kedah* dipuncawisaken kanthi tliti, dipuntrepaken kaliyan kahanan *sasaran media* supados boten salah anggenipun negesi *materi* ingkang dipunwulangaken. Supados *media* ingkang dipundamel saged leres, *efektif, efisien*, saha trep kaliyan *materi* ingkang dipunandharaken, saderengipun damel *media* kedah nggatosaken bab-bab tartamtu, kadosta *media* ingkang dipunginakaken kangge *materi* menapa? Menapa ancas saking *materi* ingkang badhe dipunpendhet? Sinten ingkang dados sasaran? Kadospundi karakteristik sasaran? Sadiman (1986; 102) ngandaraken urutan anggenipun damel program kangge *media* sinau kanthi wujud bagan kados makaten.



Bagan IV: Bagan urutan damel *media* sinau Sadiman (1986: 102)

Saking gambar ing inggil menika saged dipuntingali bilih anggenipun damel *media* pasinaon boten saged sembarangan, kedah nggatosaken urutan anggenipun damel *media* pasinaon. Bab menika kedah dipungatosaken supados *media* pasinaon ingkang dipundamel jumbuh kaliyan kabetahanipun siswa saengga boten mubadir anggenipun damel *media* pasinaon. Gambar ing inggil menika menawi saged dipunandhraken kados makaten.

1) Identifikasi kabetahan

Media sinau ingkang badhe dipundamel kedahipun dipunjumbuhaken kaliyan kabetahan siswa supados *materi* ingkang badhe dipunandharaken boten mlenceng utawi boten trep. Ingkang dipunwastani “kabetahan” inggih menika kaot antawisipun katrampilan ingkang dipunkuwaosi siswa kaliyan katrapilan ingkang dipunkersakaken, kadosta menawi siswa dipuntuntut kedah saged basa Jawi ingkang leres wonten ing lingkungan masyarakat, lajeng basa ingkang dipunkuwaosi siswa namung basa ngoko kaliyan karma alus kangge rembugan kaliyan kanca utawi tiyang ingkang langkung enom utawi sebarakan. Saking kasunyatan ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih wonten kaotipun ing basa krama. *Media* ingkang trep dipundamel inggih menika *media* ingkang saged mrantasi kabetahan kalawau. *Media* sinau ingkang bakal dipunginakaken inggih menika *media* ingkang dipunbetahaken kemawon, inggih *media* ingkang saged mrantasi wontenipun kaot.

Kabetahanipun siswa kedah dipuntemtokaken rumiyin kanthi ningali kurikulum ingkang dipunginakaken. Kurikulum gadhah peranan ingkang ageng wonten ing proses sinau saha mulang awit kurikulum dipundadosaken patokan

anggenipun sekolah ngawontenaken kebijakan, dados patokan guru anggenipun mulang amargi kurikulum ngemot peraturan anggenipun sinau saha menapa ingkang dados ancasipun sinau. Wonten ing kurikulum kathah tuntutan-tuntutan ingkang ngedahaken siswa saged nguwasani salah satunggaling bab ingkang njalari wontenipun proses sinau, supados anggenipun siswa boten saged amargi wonten proses sinau dados saged.

Menawi sampun dipuntemtokaken kabetahipun siswa, kedahipun dipuntingali karakteristik siswa sasaran *media* sinau ingkang badhe dipundamel. Saben kelompok sinau sampun tamtu gadhah karakteristik ingkang beda-beda. Wonten ing donya pendidikan, *media* sinau saged dipuntemtokaken saking jenjang pendidikanipun, kadosta SD, SMP, SMA, kuliah, lan sapiturutipun. Sampun tamtu menawi damel *media* sinau kangge tiyang SD boten sami kaliyan tiyang kuliah.

2) Ngrumusaken ancasipun *materi*

Saben pakaryan sampun tamtu gadhah ancas ingkang badhe dipungayuh. Sinau salah satunggaling bab ugi sampun tamtu wonten ancasipun. Menawi badhe damel *media*, kedah nggatosaken menapa ancas ingkang badhe dipunpendhet saking kagiyatan sinau kalawau, kadosta menawi sinau undha usuking basa Jawi salah satunggaling ancas ingkang badhe dipunpendhet saking sinau kalawau inggih menika siswa saged ngetrapaken ungguh-ungguh anggenipun rembugan wonten ing lingkungan kulawarga, masyarakat, lan sapiturutipun. Ancas *instruksional* saking kagiyatan sinau saha mulang wonten ing sekolah saged

dipundamel ngginakaken tembung kriya ingkang oprasional kanthi *orientasi* siswa, sanes guru.

3) Ngrumusaken butir-butir *materi* kanthi rinci

Wonten ing kagiyatan damel *media* sinau, sasampunipun nemtokaken ancasipun *materi* pasinaon kedah dipuntemtokaken kadospundi cara ingkang trep kangge nggayuh ancasipun *materi*. Wonten ing kagiyatan sinau saha mulang, tamtu kemawon kedah dipungatosaken cara ingkang trep supados *materi* ingkang dipunwulangaken saged dipuntampi siswa, guru kedah nemtokaken bahan saha pangalaman sinau ingkang kados pundi ingkang badhe dipunwulangaken.

4) Nyerat rengrenganipun *media*

Supados anggenipun sinau salah satunggaling bab saged kalampahan kanthi lancar, *materi* ingkang dipunwulangaken saged dipunbiyantu ngginakaken *media* sinau. Supados *materi* ingkang ngandhut elmi ing *media* saged dipunginakaken, *materi* ingkang badhe dipunwulangaken kedah dipunserat kangge rengrengan anggenipun damel *media* kanthi wujud seratan, gambar, lan sapiturutipun.

5) Tes/ uji coba

Saben *media* sinau ingkang badhe dipunginakaken kaliyan khalayak kathah kedah dipuntes saha dipunrevisi. Sampun tamtu wonten ing donya menika boten wonten ingkang saged sampurna satemah prelu dipunwontenaken kagiyatan ingkang gadhah ancas supados mangertos menapa *media* sinau ingkang dipundamel sampun jumbuh kaliyan ancasipun *materi* ingkang badhe dipungayuh kaliyan saged mangertos bilih *media* sinau ingkang dipundamel sampun *efektif*

saha *efisien* menapa dereng. Saking kagiyatan menika dipunajab bilih menawi *media* sinau ingkang dipundamel boten jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunwulangaken utawi *media* sinau kirang *efektif* saha *efisien*, *media* sinau kalawau saged dipunowahi satemah trep kaliyan menapa ingkang dipunbetahaken.

6) Damel pirantos kangge ngukur kasuksesan

Saben kagiyatan ingkang dipunlampahi wonten ing kagiyatan sinau saha mulang sampun tamtu gadhah ancas supados saged nggayuh ancasipun *materi* ingkang dipunwulangaken. Panganggening pirantos-pirantos tartamtu dipunmaksudaken supados anggenipun nglaksanakaken proses sinau saha mulang saged kalampahan langkung efektif saha efisien. Pirantos-pirantos utawi *media* sinau ingkang dipunginakaken kedahipun saged dipunukur kasuksesan anggenipun ngginakaken, saged mbiyantu menapa boten wonten ing kelas. Kagiyatan nemtokaken pirantos kangge ngukur kasuksesan *media* sinau ingkang dipunginakaken kedah dipuntemtokaken saderengipun *media* sinau dipundamel utawi saderengipun proses sinau saha mulang kalampahan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan ancasipun *materi* ingkang dipunwulangaken.

Makaten kalawau andharan *urut-urutan* anggenipun damel *media* pasinaon dening Sadiman. Saking andharan ing inggil menika saged dipundudut bilih anggenipun damel *media* pasinaon wonten *urut-urutan* ingkang kedah dipunlampahi, sedaya kemawon kedah dipungatosaken saking wiwitan damel *media* pasinaon. Andharan bab *urut-urutan* anggenipun damel *media* pasinaon menawi dipunringkes saged dipunserat kados makaten.

1) *Persiapan*

Wonten ing *tahap* menika dipunfokusaken wonten ing kagiyatan naliti saha nyawisaken sedaya kemawon ingkang dipunbetahaken siswa nalika sinau salah satunggaling *materi* ingkang dipunsinau. Panaliten wonten ing *tahap* menika kedah dipunlampahi kanthi taliti supados *media* pasinaon ingkang dipundamel saged trep menawi dipunginakaken kangge sinau. *Data* ingkang dipunkempalaken kedah pepak supados anggenipun damel *media* pasinaon boten kirang *materi* ingkang dipunbetahaken.

Kagiyatan damel *media* pasinaon dipunwiwiti kanthi nganalisis kabetahanipun siswa wonten ing pasinaon. Kagiyatan menika saged dipunlampahi kanthi ningali kurikulumipun. Saking kurikulum panaliti saged ningali *materi* menapa kemawon ingkang dipunraos mbetahaken pirantos kangge mbiyantu sinau *materi* kasebat. *Asumsi* babagan *materi* kalawau lajeng dipunjumbuhaken kaliyan kahanan ingkang nyata wonten ing sekolah kanthi ngawontenaken panaliten langsung wonten ing kelas.

Panaliti ingkang ningali kanthi langsung kahanan wonten ing kelas saged pikantuk informasi bilih meteri kasebat prelu dipunbiyantu ngginakaken *media* pasinaon menapa boten saha pikantuk informasi bilih siswa rumaos kangelan sinau wonten bab menapa kemawon saha amargi manapa kemawon. Katrangan ingkang kados makaten dipunbetahaken sanget menawi badhe damel *media* pasinaon. Panaliti kedah gadhah alesan ingkang cetha manawi damel *media* pasinaon. *Argument* anggenipun damel *media* pasinaon saged dipunginakaken kangge ngrantam ancasipun damel *media* pasinaon.

Saben *media* pasinaon gadhah ancas ingkang dados *dasar* satemah *media* kasebat dipundamel. Ancas anggenipun damel *media* pasinaon kedah dipunserat kanthi ngginakaken ukara kriya. Ancas saking kagiyatan sinau saha mulang dipunserat ngginakaken tembung kriya supados saged nuduhaken kagiyatan ingkang saged dipuntingali saha saged dipunukur asilipun, kadosta menawi wonten siswa kelas X ingkang saged milih ukara ingkang trep kangge rembugan kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh. Menawi siswa kalawau ngginakaken tembung-tembung krama, siswa kalawau sampun saged milih tembung-tembung ingkang leres, jumbuh kaliyan undha usuking basa.

Tembung ingkang dipunginakaken kangge ngrantam ancas damel *media* boten kenging ngginakaken tembung kriya ingkang boten oprasional kadosta “mangertos” amargi tembung-tembung ingkang kados kalawau boten *spesifik*, satemah saged damel *persepsi* ingkang beda-beda. Menawi ancasipun *materi* dipunserat “Siswa saged mangertos ingkang dipunwastani undha usuking basa.” Ukara ingkang kaserat saged damel bingung amargi mboten ngginakaken ukara kriya *instruksional*. Tembung mangertos wonten ing ukara menika damel bingung, tembung mangertos ingkang kados pundi ingkang dipunkarepaken saha kados pundi anggenipun ngukur asiling sinau siswa?

Tembung kriya ingkang *oprasional* kangge *materi* sinau undha-usuking basa saged ngginakaken tembung ngandharaken menawi ancasipun siswa saged mangertos pangertosan saking undha usukung basa, ingkang saged dipunserat makaten “Siswa saged ngandharaken pangertoan saking undha-usuking basa”, menawi gadhah ancas supados siswa mangertos peranganing undha usuking basa

saged dipunserat kados makaten “Siswa saged nyebataken peranganing undha usuking basa”, menawi gadhah ancas saged mangertos kados pundi ngowahi basa ngoko dados basa krama saged dipunserat kados makaten “Siswa saged ngowahi basa ngoko dados basa krama.” lan sapiturutipun.

Saking ancasipun *materi* ingkang sampun dipunrantam, saged dipuntemtokaken katrampilan saha sub katrampilan menapa ingkang kedah dipunkuwaosi siswa. Saking analisis katrampilan saha sub katrampilan saged dipuntemtokaken bahan instruksional ingkang saged dipunginakaken kangge nggayuh ancasipun *materi* kalawau, tuladhanipun saking ancasipun *materi* “Siswa saged ngowahi basa ngoko dados basa krama.” saged dipuntemtokaken sub katrampilan kados makaten,

- a) saged nganalisis undha usuking basa Jawi wonten ing *media* menapa kemawon,
- b) saged nglompok-nglompokaken basa ingkang kagolong basa Jawi ngoko,
- c) saged nglasifikasikaken basa ingkang kagolong basa Jawi Krama,
- d) saged milah basa Jawi ngoko kaliyan basa Jawi krama.

Sub katrampilan ingkang sampun dipunrantam kados ing inggil menika dipunginakaken kangge *acuan* anggenipun nemtokaken bahan *instruksional* ingkang kedah dipunsinau dening siswa.

Sasampunipun dipuntemtokaken sub katrampilan ingkang dipunginakaken, kagiyatan salajengipun inggih menika panaliti kedah ngrantam pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngukur kesuksesan saking *media* ingkang dipundamel. Pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngukur suksesipun *media* saged

ngginkaken kathah cara, salah setunggalipun inggih menika ngginakaken angket kangge mangertos tanggepan tiyang ingkang ngginakaken *media* kasebut.

2) Nyerat rengrengan

Nyerat rengrengan minangka *proses* ingkang boten pikantuk dipuntilar wonten ing kagiyatan damel *media* pasinaon. Panyeratipun rengrengan kangge damel *media* pasinaon dipunajab supados anggenipun damel *media* pasinaon boten wonten ingkang dipunlewati saha cetha menapa ingkang badhe dipundamel. Rengrengan ingkang dipunrantam saged kanthi wujud seratan, gambar, lan sapiturutipun. Rengrengan menika ngemot menapa kemawon ingkang badhe dipunserat wonten ing *media* pasinaon kanthi cetha isi saha urutanipun.

3) Damel *media*

Proses damel *media* pasinaon tamtu kemawon dados *proses* ingkang *utami*. Damel *media* pasinaon wonten ing *tahap* menika panaliti damel *media* pasinaon kanthi nyata ngginakaken pathokan ingkang sampun sinerat wonten ing seratan *rengrengan* ingkang sampun dipundamel. Ing proses menika *output* kanthi wujud *media* pasinaon sampun saged ketingal, boten namung seratan kemawon.

4) Nguji *media*

Kagiyatan nguji *media* prelu dipunlampahi kangge mangertos *kinerja* saking *media* ingkang dipundamel menawi dipunginakaken. Saking pangujinipun *media* pasinaon, saged dipunpanggihi *informasi* babagan kakirangan saha kalangkungan *media* pasinao. *Informasi* babagan *media* pasinaon ingkang dipundamel saged dipunginakaken kanthi dhasar *revisi produk* menawi dipunbetahaken.

3. *Media Kamus Buku Wucalan Basa Jawi*

a. **Kamus Buku Wucalan**

Tembung kamus miturut Poerwadarminta (1939: 184, 31) gadhah teges ingkang sami kaliyan “bausastra”, inggih menika “layang ingkang ngemot tegesipun tembung-tembung”. Pangertosan saking tembung kamus kalawau jumbuh kaliyan tegesipun tembung kamus wonten ing KBBI (Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, 1989: 384) inggih menika “buku ingkang dipunginakaken kangge *acuan* ingkang ngemot tembung, adatipun kaserat miturut katerangan babagan pangertosan, panganggening, utawi teges”.

Tembung buku wucalan miturut Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Republik Indonesia (2005: 2) inggih menika buku *acuan* ingkang wajib dipunginakaken wonten ing sekolah, ngemot *materi* pasinaon supados saged mindhakaken raos iman, raos takwa, budi pakarti, kapribadhen, panguwaosipun ilmu saha *teknologi, peka, kemampuan estetis, potensi* saking awake piyambak, saha kesehatan ingkang karantam miturut *standar* nasional pandhidhikan.

Saking andharan ing inggil menika, tembung kamus buku wucalan saged ugi dipuntegesi pirantos kangge negesi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertos, karantam miturut abjad, isinipun jumbuh kaliyan *materi* pasinaon siswa. Kamus menika sampun dipunjumbuhaken kaliyan pasinaon ingkang dipunsinau saengga trep menawi dipunginakaken dening para siswa. Kamus menika dipunraos penting amargi kathah *istilah-istilah* wonten ing pasinaon ingkang boten dipunmangertos siswa, utaminipun wonten ing pasinaon basa Jawi. Tembung-tembung Jawi sampun arang dipunginakaken dening para

siswa, adaitipun tembung-tembung ingkang taksih asring dipunginakaken inggih menika tembung-tembung ngoko saha tembung-tembung krama ingkang prasaja kemawon.

b. Media Berbasis Komputer

Wonten ing jaman samenika teknologi sampun mekar kanthi cepet kalebet ugi *teknologi komputer* ingkang sampun mrambah wonten ing bab pendidikan saha latihan. “*Komputer* wonten ing bab pendidikan saha latihan fungsipun saged dipunperang dados kalih, inggih menika *Computer-Managed Instruction (CMI)* saha *Computer-Assisted Instruction (CAI)*” (Arsyat, 2011: 96). *Computer-Managed Instruction (CMI)* wonten ing sekolah gadhah fungsi dados *manager* wonten ing *proses* sinau saha mulang, menawi *Computer-Assisted Instruction (CAI)* gadhah fungsi dados pambiyantu tambahan wonten ing proses sinau saha mulang. *Computer-Assisted Instruction (CAI)* wonten ing proses sinau saha mulang kasusun saking *program* ingkang namung ndhukung wontenipun proses sinau saha mulang, *program* menika saged mbiyantu guru anggenipun mulang saha nglatih siswa, nanging program menika dipundamel boten kanthi ancas dados *media* pamulangan ingkang utami.

Media sinau ingkang dipundamel ngginakaken *komputer* kedahipun saged narik kawigatosan siswa, boten damel bosen, kepenak anggenipun ningali, lan sapiturutipun. Miturut Arsyat (2011: 99) damel *media* pasinaon kedah nggatosaken *komposisi* antawisipun agengipun kelir, *materi* ingkang dipunginakaken, saha *tampilan* ingkang badhe dipundamel. *Media* ingkang dipundamel supados sekeca menawi dipunginaken. *Media* pasinaon ingkang

sekeca dipunginakaken saged damel siswa langkung remen anggenipun sinau *materi* ingkang dipunsinau.

Media pasinaon ingkang sae kedahipun dipundamel ngginakaken konsep *interaktif*. konsep menika saged dipunlampahi ngginakaken pirantos *komputer* ingkang ngemot tigang perkawis, inggih menika rantamanipun *instruksional* ingkang saged dipunjumbuhaken kaliyan *materi*, wangsulan/ respon utawi pakaryan saking siswa, *umpan balik* ingkang saged dipunjumbuhaken kaliyan asil ingkang dipunajab.

Teknologi ingkang ngginakaken mesin *komputasi/ prosesor (komputer)* boten namung kanthi wujud *PC* nanging dipunperang dados kalih inggih menika *mainframe* saha *micro device*. Pirantos ingkang kalebet wonten ing *Mainframe* adatipun gadhah ukuran ingkang ageng, menawi pirantos ingkang dipunsebat *micro device* inggih menika pirantos ingkang *prosesor*ipun ngginakaken *memori* namung sekedhek saha adatipun gadhah sipat *mobile*.


c. *Adobe Flash Professional CS5*

Aplikasi Adobe Flash Professional CS5 inggih menika “program kangge damel *animasi* ingkang dipundamel dening pabrik pirantos *lunak* saking Amerika Serikat kanthi nama *Adobe System Incorporation*” (Wahana Komputer, 2010: 2). *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* minangka *aplikasi* ingkang saged dipunginakaken kangge damel gambar *vector* 2 utawi 3 *dimensi* ditambah kaliyan *animasinipun*. *Aplikasi* menika dipunginakaken dening tiyang kathah amargi saged dipunginakaken kangge damel kathah *animasi* kadosta *animasi* kartun, dolanan, *file presentasi*, *video clip*, *web animasi*, lan sapiturutipun.

Aplikasi Adobe Flash Professional CS5 saged ngasilaken *aplikasi* utawi *file* enggal kanthi *file extention* ingkang maneka werni. Madcoms (2012: 184) ngandharaken bilih “rantaman ingkang sampun dipundamel ngginakaken *Flash Pro*, rantaman menika saged dipundamel kanthi *format* ingkang maneka werni, inggih menika *swf, html, gif, jpg, png, exe, saha app*”. *File extension* ingkang maneka werni kados katrangan kalawau ndadosaken *file* ingkang dipundamel ngginakaken *aplikasi* menika saged dipunlampahaken wonten ing maneka werni pirantos kadosta pirantos HP saha *komputer*.

File ingkang dipundamel ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5* boten mbetahaken *memory* ingkang kathah saha saged dipunlampahaken wonten ing kelir kanthi ukuran maneka werni. Kalangkungan saking *file* ingkang dipundamel kalawau ugi damel *pengaruh* wonten ing *kualitas animasi* menawi dipunlampahaken inggih menika *animasi* wonten ing *file* boten gampil owah saha kedhep-kedhep. *File* ingkang gampil dipunginakaken saha boten kedhep-kedhep minangka salah satunggalipun bab ingkang damel *media* sekeca anggenipun ngginakaken.

Wonten ing *aplikasi Adobe Flash Professional CS5* sampun dipuncawisaken perangan-perangan ingkang saged dipunginakaken kangge damel *animasi*. Perangan ingkang saged dipunginakaken wonten ing *aplikasi* menika dipuncawisaken kanthi tumata wonten, dipundadosaken kelompok-kelompok saengga saged nggampilaken menawi badhe ngginakaken *aplikasi* menika. Perangan ingkang saged dipunginakaken wonten ing *aplikasi* menika saged dipuntingali saking gambar menika,



Gambar V: Papan kangge makarya wonten ing *Adobe Flash Professional CS5*

d. Kamus Buku Wucalan Basa Jawi Elektronik

Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa (1989: 224) wonten ing KBBI tembung *elektronik* dipuntegesi “pirantos ingkang dipundamel kanthi ngginakaken prinsip *elektronika* saha perkawis utawi barang

ingkang ngginakaken pirantos kasebat”. Kamus buku wucalan basa Jawi ingkang badhe dipundamel ngginakaken salah satunggaling pirantos *elektronik* inggih menika HP, mila kamus menika dipunwastani kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik*.

Saking namanipun “kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik*” saged dipunmangertos bilih kamus menika dipundamel kangge nunjang siswa anggenipun sinau *materi* ingkang dipunwulangaken kanthi cara ngginakaken kamus. Pasinaon ingkang badhe dados *fokus* anggenipun damel *media* inggih menika basa Jawi. Tembung-tembung wonten ing buku pendamping njalari *materi* ingkang dipunwulangaken boten saged dipuntampi kanthi *maksimal*, menapa malih menawi siswa anggenipun negesi asal-asalan satemah teges saking siswa klentu, tamtu kemawon njalari *materi* ingkang dipunsinau klentu ugi.

Siswa ingkang kangelan anggenipun negesi tembung-tembung Jawi madosi tegesipun wonten ing kamus, nanging kagiyatan kados menika mbetahaken wekdal ingkang dangu. Nyuwun pirsa dhateng guru wonten ing sekolah saged dipundadosaken solusi, nanging menawi wonten ing salah satunggaling *materi* kathah siswa ingkang nyuwun pirsa njalari wekdal kangge sinau wonten kelas dados kirang. Kagiyatan nyuwun pirsa nalika boten pasinaon saged ugi dipunlampahi, nanging wekdal anggenipun nyuwun pirsa dhateng guru menika namung sakedhik inggih menika namung nalika sekolah kemawon.

Kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* dipundamel supados anggenipun sinau basa Jawi langkung *efektif* saha *efisien*. Pirantos HP ingkang dipunginakaken inggih menika pirantos ingkang gampil dipunpanggihi wonten

ing jaman samenika. HP minangka pirantos ingkang boten asing kangge siswa satemah siswa boten kangelan anggenipun ngginakaken HP. Pirantos menika dipunanggep praktis amargi saged dipunginakaken kangge maneka werni kagiyatan kanti ukuran ingkang alit, saged dipunbeta dhateng pundi-pundi. Kahanan kados menika ingkang njalari kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* dipundamel.

Siswa ingkang ngginakaken pirantos menika saged negesi tembung-tembung wonten ing buku pendhamping kanthi ningali tegesipun. Cara anggenipun madosi teges saking tembung-tembung ingkang boten dipun mangertos namung kanthi nyerat tembung ingkang badhe dipunpadosi wonten ing kelir HP. Kamus menika njalari kagiyatan sinau saged kalampahan tanpa nelasaken wekdal ingkang kathah saha siswa dados saged sinau kanthi mandiri wonten ing griyanipun.

4. Tinjauan Mulang Basa Jawi tanpa Ngginakaken Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi *Elektronik*

Kagiyatan sinau tanpa ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi *elektronik* saged kalampahan, nanging wonten siswa ingkang kangelan anggenipun negesi tembung, satemah proses sinau kirang *efektif*. Kadadosan menika dipunsebababken amargi wonten ing masyarakat basa Jawi sampun arang anggenipun ngginakaken. Wontenipun pluralisasi saha kabetahan ngginakaken basa formal, inggih menika basa Indonesia wonten ing kantor-kantor sansaya dangu sansaya nggerus *eksistensi* saking basa Jawi. Dipunwiwiti saking kabiasaan ngginakaken basa Indonesia wonten ing papan pakaryanipun lajeng dados kabiasaan ngginakaken basa Indonesia wonten ing lingkungan kulawarga.

Kadadosan ingkang kados makaten njalari siswa wonten ing jaman samenika kirang anggenipun nguwasani tembung-tembung Jawi. Tembung-tembung ingkang dipunkuwaosi siswa adatipun basa ngoko kaliyan basa Jawi ingkang prasaja kemawon kangge matur kaliyan tiyang sepuh.

Sinau basa Jawi wonten ing sekolah dados salah setunggalipun cara nglestantunaken basa Jawi. Wonten ing pasinaon menika siswa dipunwulang sekawan katrampilan ingkang kedah dipunkuwaosi, inggih menika mirengaken, micara, maos, saha nyerat. Sekawan katrampilan menika dipunwulangaken guru wonten kelas, nanging guru anggenipun mulang kedah ngginakaken kalih basa inggih mneika basa Jawi saha basa Indonesia amargi kasunyatan kalawau, bilih kathah siswa ingkang boten saged ngginakaken basa Jawi.

Guru anggenipun mulang ngginakaken buku pendhamping kangge nunjang anggenipun sinau wonten ing sekolah saha saged dipunginakaken kangge *pirantos* sinau wonten ing griyanipun siswa piyambak-piyambak. Buku pendhamping basa Jawi sampun tamtu ngginakaken basa Jawi minangka basa *pengnataripun*, bab menika kanthi ancas supados siswa biasa ngginakaken basa Jawi, wiwit saking buku menika. Ananging, kasunyatanipun inggih mneika kathah siswa ingkang boten mangertos *materi* wonten ing pendamping satemah guru kadhang kala kedah mulang kanthi ngginakaken kalih basa supados siswa sami mangertos, basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa Jawi saha basa Indonesia.

Siswa anggenipun mangsuli tembung wonten ing pendamping kadhang kala rumaos kangelan amargi kathah pitakenan ingkang boten mangertos tegesipun. Menawi soal kemawon siswa boten mangertos tamtu kemawon wangsulan

ingkang dipunserat boten jumbuh kaliyan pitakenanipun. Siswa kadhang kala tanglet dhateng guru utawi kanca ingkang dipunanggep mangertos, nanging kagiyatan kados makaten gadhah dhampak telasing wekdal kangge diskusi pitakenan kemawon.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika jumbuh kaliyan panalitenipun Budi Lestari saking *Program Studi Pendidikan Teknik Elektro, Fakultas Teknik, Universitas Negeri Yogyakarta* tahun 2002. Lestari (2002) nglampahi panaliten kanthi irah-irahan “*Pengembangan Kamus Multimedia Bahasa Inggris-Bahasa Indonesia untuk Anak-Anak*”. Panaliten menika minangka panaliten damel salah satunggalipun pirantos ingkang migunani wonten ing pagesangan. Panaliten ingkang dipunlampahi Lestari (2002) menika ngasilaken pirantos kamus *multimedia* Inggris-Indonesia kangge lare. Kanthi ngginakaken kamus menika saben lare saged madosi tegesipun tembung-tembung ingkang dipunbetahaken saengga lare kasebut langkung saged ngginakaken basa Jawi. *Aplikasi* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *aplikasi Borland Delphi 3* ingkang saged dipunlampahaken wonten ing pirantos *komputer*.

Panalitenipun Lestari (2002) jumbuh kaliyan panaliten kula amargi panaliten kasebut ugi ngasilaken pirantos ingkang migunani wonten ing pagesangan. Beda panaliten antawisipun Lestari (2002) saha kula wonten ing bab subjek panaliten, objek panaliten, saha pirantos ingkang dipunginakaken kangge damel *media*

kemawon. Subjek saking panaliten damel kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan. Objek wonten ing panaliten damel kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika tembung-tembung ingkang dipunginakaken kangge siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan, katilik saking buku pasinaon ingkang dipunginakaken wonten ing SMA kasebut.

Aplikasi ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika ugi benten kaliyan panalitenipun Lestari (2002), panaliten menika ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. *Aplikasi* menika dipunginakaken amargi *aplikasi* menika gadhah kalangkungan tinimbang menawi ngginakaken *aplikasi Borland Delphi 3*. Kalangkungan saking *aplikasi Adobe Flash Professional CS5* tinimbang *aplikasi Borland Delphi 3* inggih menika saged dipunginakaken wonten ing pirantos ingkang kathah, boten namung wonten ing *komputer* kemawon. *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* ugi gadhah kalangkungan wonten ing perangan *kapasitas memory*. *File* asil saking *aplikasi Adobe Flash CS5* boten mbetahaken *memory* ingkang kathah saengga boten gampil owah menawi dipunginakaken wonten ing kelir.

C. Nalaripun Panaliten

Media Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi Saged Nggampilaken Siswa Anggenipun Sinau Basa Jawi

Kagiyatan sinau saha mulang ingkang kalampahan wonten ing sekolah kaperang dados maneka werni pasinaon. Salah satunggalipun pasinaon ingkang

dipunwulangaken ing sekolah inggih menika pasinaon basa Jawi. Pasinaon menika wigatos sanget dipunwulangaken dhateng siswa amargi ngandhut nilai budi pakarti ingkang luhur saha dados identitas tiyang Jawi ingkang kedah dipunlestantunaken. Supados *proses* sinau saged kalampahan kanthi sekeca, salah satunggalipun bab ingkang wigatos dipunkuwaosi siswa wonten ing sekolah inggih menika panguwaosipun tembung-tembung Jawi. Panguwaosipun tembung-tembung Jawi dening para siswa saged mbiyantu siswa sinau mliginipun wonten ing standar kompetensi maos. Siswa ingkang sinau basa Jawi ngginakaken *media* buku pasinaon boten saged ndudut elmi saking buku kanthi sae menawi boten mangertos isinipun buku kasebut amargi boten mangertos tembung-tembung ingkang sinerat wonten ing buku.

Wonten ing jaman samenika kathah siswa ingkang boten saged nguwaosi basa Jawi. Kahanan kalawau dipunsebabaken amargi saking kathah perkawis. Salah satunggalipun perkawis ingkang damel siswa kangelan ngginkaken basa Jawi inggih menika amargi basa Jawi samenika sampun arang dipunginakaken wonten ing masyarakat. Siswa langkung asring ngginakaken basa nasional, inggih menika basa Indonesia tinimbang basa Jawi. Menawi wonten siswa ingkang kulina ngginakaken basa Jawi, kathah ingkang namung ngginakaken basa Jawi ngoko kaliyan basa krama ingkang prasaja kemawon kangge matur kaliyan tiyang sepuh. Kadadosan ingkang kados makaten njalari siswa anggenipun sinau basa Jawi kathah ingkang kangelan amargi siswa kirang nguwaosi tembung-tembung Jawi. Kasunyatan menika njalari proses sinau saha mulang wonten ing sekolah boten kalampahan kanthi sae.

Supados kagiyatan sinau basa Jawi saged kalampahan kanthi *efktif*, dipunbetahaken sawetawis *media* pasinaon ingkang trep kangge sinau basa Jawi, inggih menika *media* kamus buku wucalan basa Jawi elektronik. Kanthi ngginakaken *media* menika siswa saged negesi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertos tanpa nelasaken wekdal amargi *media* menika minangka kamus ingkang gampil anggenipun ngginakaken. *Media* pasinaon menika trep menawi dipunginakaken kangge sinau siswa SMA kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan amargi *materi* wonten ing kamus sampun dipunjumbuhaken kaliyan *media* buku pasinaon ingkang dipunginakaken siswa.

BAB III METODE PANALITEN

A. Jinisipun Panaliten

Jinisipun panaliten ingkang kalampahan inggih menika panaliten *Reasearch and Development*. Panaliten *Reasearch and Development* utawi saged dipunsebat *R&D* inggih menika jinisipun panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken *produk* tertamtu (Sugiyono, 2012: 297). Jumbuh kaliyan andharanipun Sugiyono (2012: 297), Borg saha Gall (1983: 772) ngandharaken kanthi langkung cetha bilih “***Educational research and development (R & D)*** is a process used to develop and validate educational product”. Saking andharanipun Sugiyono (2012: 297) kaliyan Brog saha Gall (1983: 772) saged dipundudut bilih panaliten *R&D* wonten ing perangan pendidikan inggih menika panaliten ingkang dipunginakaken kanthi ancas damel saha paring *validasi* wonten ing salah satunggalipun *produk* ingkang dipundamel kanthi njumbuhaken kaliyan kahanan saking *subjek* ingkang dipuntaliti.

Sipat saking panaliten ingkang kalampahan inggih menika *analisis* kabetahan saha *deskriptif*. *Media* pasinaon ingkang dipundamel wonten ing panaliten menika kedah jumbuh kaliyan kabetahanipun siswa supados saged mbiyantu siswa anggenipun sinau. Saking *analisis* kabetahan ingkang sampun kalampahan saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi prelu dipundamel. *Media* pasinaon menika dipundamel supados kagiyatan sinau wonten ing sekolah langkung *efektif*. Siswa ingkang boten saged basa Jawi dipunbiyantu negesi tembung-tembung basa Jawi, mliginipun wonten ing pasinaon basa Jawi

kelas X semester Jangkep. *Analisis* ingkang sampun dipunlampahi salajengipun dipunrantam kanthi deskriptif supados cetha anggenipun nglampahi panaliten.

B. Subjek saha Objek Panaliten


Subjek wonten ing panaliten ingkang kalampahan inggih menika buku pasinaon basa Jawi ingkang dipunginakaken siswa kelas X wonten ing SMA Negeri 1 Kasihan, Bantul. Pamilihipun *subjek* ingkang dipuntaliti kanthi dhasar *observasi* babagan panguwaosing tembung-tembung basa Jawi siswa ing SMA Negeri Kasihan Bantul. Kanthi *observasi* kasebut, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang ngemot tegesipun tetembungan wonten ing buku pendamping prelu dipunginakaken kangge sinau basa Jawi dening siswa kelas X wonten ing SMA kasebat.

Objek saking panaliten ingkang kalampahan inggih menika *materi* wonten ing *media* pasinaon ingkang dipundamel. *Materi* ing *media* pasinaon dipunjumbuhaken kaliyan kabetaham pasinaon basa Jawi siswa kelas X wonten ing SMA Negeri 1 Kasihan. Tembung-tembung ingkang karantam wonten ing *media* pasinaon dipunpilih kanthi ningali buku-buku ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon basa Jawi saha tembung-tembung sanesipun saking maneka sumber.

C. Prosedur Anggenipun Naliti


Panaliten ingkang dipunlampahi kedah nggatosaken *prosedur* anggenipun damel *media* pasinaon supados *media* ingkang dipundamel saged kalampahan

kanthi sae. Sugiyono (2012: 298) ngandharaken kanthi bagan urutan anggenipun naliti saha damel *media* pasinaon kados makaten.



Bagan VI: Urut-urutanipun ngginakaken *metode Research and Development (RnD)* dening Sugiyono (2012: 298)

Saking bagan ing inggil menika saged dipundudut bilih saderengipun damel *media* pasinaon kedah taliti saking wiwitan, inggih menika ningali *potensi* saha perkawis wonten ing sekolah. Damel *media* pasinaon kedah dipuntata saha dipunrancang kanthi tumata supados *media* pasinaon ingkang dipundamel saged migunani. Urut-urutan anggenipun damel *media* pasinaon saking baganipun Sugiyono (2012: 298) saged dipunringkes dados sekawan *tahap* ingkang kados makaten.



Bagan VII: Urut-urutanipun damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi

Bagan ing inggil menika minangka urutan anggenipun damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang dipunpendhet saking ringkesan urutanipun nglampahi panaliten pamekaran. *Tahap* anggenipun damel *media* pasinaon menika kaperang dados gangsal inggih menika.

1. *Tahap Analisis Kabetahan*

Tahap analisis data minangka *tahap* wiwitan anggenipun damel *media* pasinaon dipunlampahi kados makaten.

a. *Identifikasi Kabetahan*

Media pasinaon tamtu kemawon dipundamel supados saged mbiyantu siswa sinau *materi* pasinaon supados langkung cetha. *Media* ingkang dipundamel kedah dipunjumbuhaken kaliyan kabetahanipun *subjek* ingkang dipundadosaken sasaran. Kanthi ngawontenaken *identifikasi* kabetahan, panaliti saged pikantuk *informasi* babagan *materi* ingkang saged dipundamel wonten ing *media* pasinaon.

Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel kanthi ngawontenaken *observasi* ingkang kalampahan wonten ing wulan Juli dumugi September. *Observasi* dipunlampahi kanthi ningali *karakteristik*ipun siswa wonten ing SMAN 1 Kasihan. SMAN 1 Kasihan ingkang mapan wonten ing *wates* kitha Ngayogyakarta gadhah siswa ingkang maneka warna.

Nalika ngawontenaken *observasi* wonten ing SMAN 1 Kasihan, panaliti ningali bilih siswa wonten ing SMA kasebut panguwaosipun tembung-tembungipun Jawi taksih kirang. Saking kasunyatan ingkang kados menika saged dipundudut bilih siswa wonten ing SMA kasebut mbetahaken pirantos ingkang

saged mbiyantu supados saged nguwaosi tembung-tembung Jawi. Trep kaliyan kabetahanipun siswa, *media* kamus pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel supados saged mbiyantu siswa nguwaosi tembung-tembung Jawi.

b. Ngrumusaken Ancasipun Materi

Materi ingkang badhe dipunlebetaken wonten ing *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika tembung-tembung Jawi. Tembung-tembung Jawi ingkang dipunginakaken wonten ing *media* kasebut dipunpendhet saking buku-buku ingkang dipunginakaken siswa saha sumber-sumber sanes. Pamilihipun tembung-tembung ingkang kados menika dipunlampahi supados *media* pasinaon ingkang dipundamel saged nyengkuyung siswa anggenipun sinau basa Jawi wonten kelas utawi sinau piyambak wonten griya.

Ancasipun damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi wonten ing panaliten menika mujudaken kagiyatan ingkang saged dipuntingali saha dipunukur. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel kanthi ancas supados “siswa saged manggihi tembung-tembung ingkang dipunkarepaken kanthi langkung gampil ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi”. Kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika dipunajib siswa boten kangelan negesi tembung-tembung Jawi satemah saged mindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi.

c. Ngrumusaken Butir-Butir Materi

Saking ancasipun *materi* wonten ing *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, saged dipunrantam *butir-butir materi* ingkang kados makaten.

- 1) Siswa saged mbiasakaken sinau tembung-tembung Jawi.
- 2) Siswa saged ngginakaken tembung-tembung Jawi kanthi leres tegesipun.
- 3) Siswa saged ngginakaken *media* pasinaon kamus basa Jawi.

Butir-butir *materi* ingkang sampun dipunrantam menika minangka *acuan* anggenipun damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. *Media* pasinaon ingkang dipundamel kedahipun saged dipunginakaken kangge nyengkuyung supados *butir-butir materi* ingkang sampun karantam saged kalampahan.


d. Ngrumusaken Pirantos Kangge Ngukur Suksesipun *Media*

Supados *Media* pasinaon ingkang dipundamel saged dipuntingali sukses menapa boten, kedah dipunrantam pirantos ingkang saged dipunginakaken kangge ngukur. Pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngukur suksesipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika kanthi wujud angket. Angket ingkang dipunginakaken kasusun saking pitakenan-pitakenan babagan *media* pasinaon ingkang dipundamel. Saking angket ingkang dipunginakaken panaliti saged mangertos bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika sampun sae, mbetahaken *revisi* menapa kedah dipungantos.

2. Tahap Damel Rantaman *Media* Pasinaon

Kagiyatan nyerat rengrengan *media* pasinaon minangka kagiyatan ingkang boten saged dipuntilar. Seratan rengrengan *media* pasinaon dipunginakaken minangka rantaman anggenipun damel *media* pasinaon. Rengrengan ingkang dipundamel saged kanthi wujud seratan, gambar, *grafik*, lan sapiturutipun ingkang

ndhukung anggenipun damel *media* pasinaon. Sedaya kemawon wonten ing seratan rengrengan *media* kedah dipunserat kanthi cetha, urutan wonten ing rengrengan *media* menika ugi kedah cetha supados boten damel bingung nalika damel *media* pasinaon. Rengrengan anggenipun damel kamus buku wucalan basa Jawi, kados makaten.




Bagan VIII: **Bagan rengrengan *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi**

Saking bagan ing inggil menika saged dipuntingali isi saking *media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Bagan menika dipunginakaken minangka pandomipun damel *naskah media* ingkang kados makaten.

Tabel 2: ***Naskah media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi***

Isi	Bentuk
Pambuka: • Kamus Buku Wucalan Basa Jawi • Kangge siswa kelas X Semester Jangkep SMAN 1 Kasihan • wiwit	
Pilihan menu: • <i>panduan</i> • ancas • kamus • gladhen • kapustakan • medal	


tabel salajengipun

Isi	Bentuk												
Wonten ing menu panduan wonten menu sanesipun: Panganggenipun <i>Media</i> Katrangan Isi <i>Media</i>													
Menu <i>panduan</i>, panganggenipun <i>media</i>: Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunginakaken kanthi cara kados makaten. <i>Tampilan media</i> pasinaon dipunwaos kanthi permati. - Wonten ing <i>layar</i>, sampun dipuncawisaken <i>menu</i> ingkang saged dipunpilih kanthi cara dipunpencet. - Panganggenipun kamus buku wucalan basa Jawi wonten ing <i>menu kamus</i>, saged dipunlampahi kanthi cara nyerat tembung ingkang dipunkersakaken wonten ing papan ingkang sampun dipuncawisaken, lajeng <i>klik tombol</i> padosi. - Menawi sampun milih <i>menu</i> ingkang dipunkarepaken, panjenengan saged balik malih wonten ing kaca utami, kaca saderengipun, utawi wonten ing kaca salajengipun (menawi wonten) ngginakaken <i>hyperlink</i> ingkang sampun dipuncawisaken, kados makaten.  = balik wonten kaca saderengipun  = balik wonten kaca utami													
Menu <i>Panduan</i>, Katrangan Isi <i>Media</i>: Kamus buku wucalan basa Jawi menika dipunjangkepi kaliyan cekakan saha cara anggenipun maos supados boten klentu menawi badhe madosi tegesipun tembung. - Sorogan cekakan <table border="0"> <tr> <td>(A) Arab</td><td>k. krama</td></tr> <tr> <td>(M) mlayu</td><td>ki. krama inggil</td></tr> <tr> <td>(S) Sansekerta</td><td>kn. krama-ngoko</td></tr> <tr> <td>(W) Wlanda (Belanda)</td><td>kw. kawi</td></tr> <tr> <td>ak. arang kanggone</td><td>n. ngoko</td></tr> <tr> <td>engg. enggon-enggonan</td><td>ptj. pacelathon</td></tr> </table> - Tetenger	(A) Arab	k. krama	(M) mlayu	ki. krama inggil	(S) Sansekerta	kn. krama-ngoko	(W) Wlanda (Belanda)	kw. kawi	ak. arang kanggone	n. ngoko	engg. enggon-enggonan	ptj. pacelathon	
(A) Arab	k. krama												
(M) mlayu	ki. krama inggil												
(S) Sansekerta	kn. krama-ngoko												
(W) Wlanda (Belanda)	kw. kawi												
ak. arang kanggone	n. ngoko												
engg. enggon-enggonan	ptj. pacelathon												


tabel salajengipun

Isi	Bentuk
a. tandha (<...>) Tandha <...> dipunginakaken kangge nyerat aksara a, i, u, e supados anggenipun madosi tembung boten klentu. Panganggenipun tandha menika tuladhanipun kadosta menawi badhe nyerat tembung jejer saged dipunserat <jèjèr> ‘cerak’ saha <jêjêr> ‘wiwit pagelaran’. b. tandha titik koma (;) tandha menika dipunginakaken kangge misahaken tegesipun tembung ingkang langkung saking setunggal, kadosta tembung sekar gadhah pangertosan kembang saha tembang.	
Ancasipun: <i>Media</i> pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel kanthi ancas supados siswa remen sinau tembung-tembung Jawi saengga siswa langkung nguwaosi tembung-tembung Jawi. Panguwaosipun tembung-tembung Jawi dening para siswa dipunajib saged nyengkuyung sinau siswa mliginipun wonten ing standar kompetensi maos kangge siswa kelas X wonten ing semester jangkep, tahun akademik 2013/ 2014. Kanthi ngginakaken <i>media</i> menika dipunajib siswa langkung gampil anggenipun mangertos isinipun seratan ing pasinaon saengga materi saged dipuntampi kanthi sae.	
Isinipun Kamus: *wonten ing lampiran	
Gladhen: - Wangsulana pitakenan ing gladhen menika kanthi cara mencet tembung ingkang ngemu teges sami kaliyan tembung ingkang dipungaris andhapipun. - Wiwit	

tabel salajengipun

Isi	Bentuk
Isinipun Gladhen: *wonten ing lampiran Biji: • cacahipun soal : 10 • wangsulan leres : • wangsulan lepat : • panjenengan pikantuk biji • dipunambali	
Kapustakan: Astuti, fitriyani. 2012. <i>Lestari: LKS Basa Jawi kangge SMA/MA Kelas X Semester Genep</i>. Bantul: Asna Litera Mulyono, Slamet. 2008. <i>Kamus Pepak Basa Jawa</i>. Jakarta: PT. Buku Kita. Poerwadarminta, W. J. S., 1939. <i>Baoesastra Djawa</i>. Batavia. J. B. Wolters Uitgevers. Maatschappij. Sudarmanto. 2011. <i>Kamus Lengkap Bahasa Jawa (Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa)</i>. Semarang: Widya Karya.	
Konfirmasi Medal: Menapa sampun mantep badhe medal saking media pasinaon kamus buku wucalan menika? • Inggih • Boten	

tabel salajengipun

Isi	Bentuk
Medal: Matur nuwun awit kawigatosanipun	

Naskah media ing inggil menika minangka dipundamel supados *media* pasinaon ingkang dipundamel saged trep kaliyan ingkang dipunkajengaken. *materi* pasinaon wonten ing *media* ingkang dipundamel kedah dipunrantam kanthi mateng saking wiwitan supados boten wonten *materi* ingkang kecer. *naskah media* menika dipundamel supados saged damel gampil anggenipun ngrakit *materi* wonten ing *media* pasinaon.

3. Tahap Damel Media Pasinaon

Kagiyatan damel *media* pasinaon minangka kagiyatan ingkang utami wonten ing panaliten menika. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. *Aplikasi Adobe Flash Professional CS5* dipunpilih amargi pirantos menika minangka *aplikasi* kangge damel *aplikasi* enggal ingkang saged dipunginakaken kangge

nglampahaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, inggih menika pirantos HP.

Pandamelipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5* saged dipunlampahi kanthi dukungan pirantos saha *aplikasi* sanes ingkang kados menika.

- a. *Handphone* (HP) ingkang ngginakaken *aplikasi flash player* saha *SmartSwf*.
- b. *Komputer* utawi *laptop*
- c. *Adobe Flash Professional CS5*

Panganggenipun pirantos saha *aplikasi* ingkang sampun dipunsebataken saged mbiyantu lancaripun kagiyatan damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi.

4. Tahap Validasi saha Nguji Media Pasinaon

Kagiyatan nguji *produk* dipunlampahi supados panaliti pikantuk *informasi* babagan *media* ingkang dipundamel. Saking kagiyatan menika panaliti saged pikantuk *informasi* kakirangan saha kaluwihan saking *media* kasebut. Saking *informasi* ingkang sampun dipunkempalaken saking kagiyatan menika, panaliti saged ngawontenaken *revisi produk* ingkang trep supados *produk*ipun saged mlampah kanthi sae.

Pangujinipun *media* pasinaon dipunlampahi kanthi ngaturaken angket ingkang sampun dipuncawisaken kangge pambiji *media* pasinaon. Pambijinipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipunlampahi dening dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, guru basa Jawi, saha siswa ingkang dados *subjek* panaliten menika. Saking pambijinipun *media* pasinaon menika saged dipunukur

bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi sae menapa boten dipunginkaken kangge sinau basa Jawi.

D. Pambijinipun *Produk*

1. Rantaman Anggenipun Mbiji

Media pasinaon ingkang dipundamel tamtu kemawon kedah dipunbiji langkung rumiyin supados *media* menika saged mlampah kanthi sae menawi dipunginakaken. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipunbiji kanthi ngginakaken *metode deskriptif*. Pambijinipun *media* pasinaon karantam kanthi cara ngandharaken pambijinipun dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha tanggepanipun siswa babagan *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel. Pambijinipun *media* pasinaon ingkang sampun kalampahan dipundadosaken dhasar anggenipun ngawontenaken revisi *media* pasinaon. *Revisi* ingkang dipunlampahi dipunajab saged damel *media* pasinaon menika langkung *efektif* menawi dipunginakaken tinimbang saederengipun.

2. Jinisipun *Data*

Jinisipun *data* ingkang dipunbetahaken wonten ing kagiyatan mbiji *produk* inggih menika *data* kanthi wujud *kualitatif* saha *kuantitatif*.

a. *Data Kualitatif*

Kangge mangertos *mutu media* pasinaon ingkang dipundamel, panaliti ngempalaken data ngginakaken angket. Angket ingkang dipunginakaken ngemot pambijinipun dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, guru basa Jawi, saha tanggepan saking siswa ingkang dipunukur ngginakaken *skala likert*. *Skala likert* inggih

menika *skala* ingkang saged dipunginakaken kangge ngukur pamanggihipun tiyang sanes babagan salah satunggaling perkawis. Sugiyono (2012: 93) ngandharaken bilih “wangsulang (pambiji) saben *instrument* ingkang ngginakaken *skala likert* gadhah *gradasi* saking sae sanget dumugi ala sanget, saged kaserat ngginakaken tembung-tembung kaliyan biji”.

Pambijinipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang ngginakaken *skala likert* saged dipunperang dados kalih kategori supados asilipun langkung gampil dipuntingali. *Kategori* ingkang dipunginakaken kangge mbiji *media* menika kados makaten.

- 1) Asil pambijinipun *kualitas media* pasinaon saking dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi kanthi kategori sae sanget (SS), sae (S), cekap (C), kirang (K), kirang sanget (KS).
- 2) Asil pambiji tanggepanipun siswa dhateng *media* pasinaon kanthi kategori sarujuk sanget (SS), sarujuk (S), bingung (B), kirang sarujuk (KS), saha boten sarujuk (BS).

b. Data Kuantitatif

Data Kuantitatif wonten ing kagiyatan mbiji menika dipunpendhet saking *data kualitatif*. Biji *kategori* ingkang sampun karantam dipundadosaken *data kuantitatif* saha dipuntambahi kaliyan deskripsi saking asilipun. Saking angket pambijinipun *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel kaliyan tanggepanipun siswa dhateng *media* kasebut saged dipunserat *data kuantitatif* ingkang dipunbetahaken kados makaten.

- 1) Asil pambijinipun *kuantitas media* pasinaon saking dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi kanthi kategori sae sanget (SS) inggih menika gangsal, sae (S) inggih menika sekawan, cekap (C) inggih menika tiga, kirang (K) inggih menika kalih, kirang sanget (KS) inggih menika setunggal.
- 2) Asil pambiji *kuantitatif* tanggepanipun siswa dhateng *media* pasinaon kanthi kategori sarujuk sanget (SS) inggih menika gangsal, sarujuk (S) inggih menika sekawan, bingung (B) inggih menika tiga, kirang sarujuk (KS) inggih menika kalih, saha boten sarujuk (BS) inggih menika setunggal.

E. Instrumen Anggenipun Ngempalaken Data

Instrumen ingkang dipunginakaken wonten ing kagiyatan mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika ngginakaken pirantos angket. Angket ingkang dipunginakaken sampun dipunjumbuhaken kaliyan *fokus* pambijinipun, ingkang kados makaten.

1. Instrumen Anggenipun Mbiji Kualitas Media

Pambijinipun *kualitas media* pasinaon dipunlampahi dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi. Perangan ingkang dipunbiji wonten ing *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi antawisipun dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi boten sami, inggih menika kados makaten.

a. Dosen Ahli Media

Dosen *ahli media* wonten ing kagiyatan menika mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi kanthi *kisi-kisi* ingkang kados makaten.

Tabel 3: *Kisi-kisi pambijinipun dosen ahli media*

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
Bab Tampilan						
1	cetha pitedahipun					
2	cetha seratanipun					
3	cethanipun swanten					
4	trep pamilihipun gambar					
5	trep pamilihipun warna					
6	trep anggenipun mapanaken tombol					
7	trep pamilihipun tembung					
8	trep pamilihipun iringan					
9	trep pamilihipun kelir					
10	leres anggenipun ngginakaken basa					
Bab Pemrograman						
11	gampil dipunginakaken					
12	cethanipun <i>navigasinipun</i>					
13	cetha keliripun					
14	<i>konsisten</i> anggenipun mapanaken papan pencetan					
15	pepak saha migunani <i>hyperlink</i> ing <i>media</i>					
16	trep seratanipun					
17	cepat anggenipun dipunginakaken					
18	saged narik kawigatosan					

b. Dosen Ahli Materi

Dosen *ahli materi* wonten ing kagiyatan menika mbiji *media* pasinaon kanthi *kisi-kisi* kados makaten.

Tabel 4: *Kisi-kisi pambijinipun dosen ahli materi*

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
Bab Piwulangan						
1	kualitas anggenipun paring panyurung dhateng siswa					
2	materinipun trep kaliyan standar kompetensi					
3	trep dipunginakaken kangge sinau					
4	trep materinipun					
5	trep anggenipun ngginakaken basa					
6	trep anggenipun ngginakaken ejaan					

tabel salajengipun

No.	<i>Pernyataan</i>	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
7	cekap anggenipun maringi gladhen					
8	jumbuhipun soal kaliyan indikator					
9	basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos					
Bab Leresipun Isi						
10	<i>materi media</i> trep kaliyan <i>materi</i> sekolah					
11	pamilihipun gambar trep					
12	cetha <i>materi</i> ipun					
13	anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertosi					
14	<i>rumusan</i> soal jumbuh kaliyan <i>materi</i> ingkang dipunsinau					

c. Guru Basa Jawi

Guru basa Jawi ingkang mangertos *materi* piwulangan basa Jawi mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi kanthi *kisi-kisi* pambiji kados makaten.

Tabel 5: *Kisi-kisi* pambijinipun guru basa Jawi

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
Bab Panganggenipun Materi						
1	materi ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa jawi miturut KTSP					
2	materi ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas x					
3	jumbuhipun media ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi					
4	panganggenipun tembung saha ejaan sampun trep					
5	basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos					
Bab Tampilan						
6	cetha pitedahipun ngginakaken media					
7	saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa jawi					

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
8	keliripun cetha					
9	trep anggenipun milih warna					
10	trep <i>menunipun</i>					
11	trep jinisipun saha ukuran teksipun					
12	trep anggenipun milih gambar					
13	cepat <i>prosesipun</i>					
Bab Evaluasi/ Gladhen						
14	Cetha pitedahipun					
15	Cetha seratanipun					
16	Migunani pituduh leres saha lepatipun					
17	Cetha pambijinipun					

2. Instrumen Anggenipun Mbiji Tanggepanipun Siswa

Siswa minangka *subjek* ingkang ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dados *pihak* ingkang kedah dipungatosaken tanggepanipun. Wonten ing kagiyatan mbiji *media* pasinaon menika, dipuncawisaken *angket* kangge siswa cacahipun sekawan.

Tabel 6: *Kisi-kisi* tanggepanipun siswa dhateng *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	B	KS	BS
Panganggenipun Media						
1	media piwulangan menika maringi seserepan ingkang sae babagan tetembungan jawi					
2	media pasinaon menika saged dados panyurung anggenipun sinau basa jawi					
3	media pasinaon gampil dipunginakaken					
4	trep materinipun kaliyan kabetahanipun siswa					
5	gampil dipuntampi materinipun					
6	siswa langkung mangertos babagan materi ingkang dipunsinau					
7	pencetan wonten ing media ndadosaken gampil anggenipun ngginakaken media					

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	B	KS	BS
Bab <i>Kemandirian Sinau</i>						
8	<i>Media</i> piwulangan menika maringi kalodhangan siswa supados sinau kanthi mandhiri					
9	<i>media</i> mbiyantu siswa sinau <i>materi</i> ingkang dereng dipunkuwaosi					
10	<i>media</i> pasinaon gampil dipunginakaken, boten mbetahaken pambiyantunipun tiyang sanes					
11	siswa remen sinau ngginakaken <i>media</i>					
12	saged dipunginakaken kangge sinau piyambak wonten griya					
Bab <i>Penyajian Media</i>						
13	seratanipun cetha saha gampil dipunwaos					
14	tembung-tembungipun boten mbingungi					
15	Kelir saking <i>media</i> narik kawigatosan siswa					
16	Cetha keliripun					
17	Cetha seratanipun					
18	Cetha pitedahipun ngginakaken <i>media</i>					
19	Trep suwantenipun					
20	Suwanten wonten ing <i>media</i> ngremenaken					

F. Teknik Analisis Data

1. Ngowahi Biji Kategori

Teknik anggenipun ngempalaken data ingkang kapisan inggih menika kanthi cara ngowahi pambijinipun dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, guru basa Jawi, saha tanggepanipun siswa saking wujud katogori dados wujud angka kathi cara kados makaten.

a. Biji kuantitatif kualitas *media* pasinaon

sae sanget (SS)	pikantuk biji	gangsal
sae (S)	pikantuk biji	sekawan
cekap (C)	pikantuk biji	tiga

kirang (K)	pikantuk biji	kalih
kirang sanget (KS)	pikantuk biji	setunggal

b. Biji kuantitatif tanggapan siswa dhateng *media* pasinaon

sarujuk sanget (SS)	pikantuk biji	gangsal
sarujuk (S)	pikantuk biji	sekawan
bingung (B)	pikantuk biji	tiga
kirang sarujuk (KS)	pikantuk biji	kalih
boten sarujuk (BS)	pikantuk biji	setunggal

2. Ngetang *Persentase Pasarujukan media*

Kagiyatan nganalisis biji menika dipunlampahi kanthi nggatosaken biji ingkang sampun dipunkempalaken. Sugiyono (2012: 95) ngandharaken bilih “*tingkat pasarujukan wonten ing materi ingkang dipunbiji pikantuk saking cacah sedaya biji dipunperang kaliyan cacah biji ideal dipunping kaliyan satus persen*”. Andharanipun Sugiyono kalawau saged dipunserat kados makaten.

$$\text{Prosentase Pasarujukan} = \frac{\sum \text{skor panaliten}}{\sum \text{skor ideal}} \times 100\%$$

Kanthi langkung cetha tanggapan babagan *media* pasinaon saged dipungolongaken kados makaten.

Tabel 7: ***Kategori Pambijinipun Kualitas Media Pasinaon***

<i>Prosentase Pasarujukan</i>	<i>Kategori</i>
0% - 20%	KS
20,1% - 40%	K
40,1% - 60%	C

tabel salajengipun

<i>Prosentase Pasarujukan</i>	<i>Kategori</i>
60,1% - 80%	S
80,1% - 100%	SS

Tabel 8: ***Kategori Pambijinipun Tanggepan Siswa***

<i>Prosentase Pasarujukan</i>	<i>Kategori</i>
0% - 20%	BS
20,1% - 40%	KS
40,1% - 60%	B
60,1% - 80%	S
80,1% - 100%	SS

Saking *analisis* ingkang kados makaten, saged dipunpanggihi tanggepan rata-rata babagan *media* pasinaon ingkang dipunbiji bilih *media* pasinaon kasebat layak menapa boten dipunginakaken wonten ing sekolah.

BAB IV

ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asil Panaliten

1. Tahap Analisis Kabetahan

Tahap analisis dipunlampahi dening panaliti supados *media* ingkang dipundamel saged mbiyantu siswa kangge sinau basa Jawi kanthi trep. Wonten ing perangan menika panaliti ngawontenaken *analisis* kanthi cara nyinau kurikulum ingkang dipunginakaken saha ningali kanthi langsung kawontenan siswa wonten ing kelas. Kurikulum ingkang dipuntaliti wonten ing panaliten inggih menika kurikulum KTSP wonten ing SMAN 1 Kasihan.

Analisis kurikulum wonten ing panaliten menika dipunlampahi kanthi cara maos saha nggatosaken kanthi permati kompetensi ingkang kedah dipunkuwaosi dening siswa wonten ing SMAN 1 Kasihan. Saking *analisis* kurikulum ingkang sampun dipunlampahi saged dipundudut bilih siswa anggenipun sinau dipunperang dados sekawan kompetensi, inggih menika mirengaken, micara, maos, saha nyerat. Saking sekawan kompetensi kalawau, salajengipun dipuntemtokaken kompetensi ingkang mbetahaken pambiyantunipun *media* pasinaon wonten ing kagiyatan sinau kanthi cara ningali langsung kawontenan siswa ing kelas.

Observasi kawontenan siswa ing kelas dipunlampahi supados panaliti anggenipun nemtokaken *materi* wonten ing *media* pasinaon saged trep kaliyan kabetahan siswa kangge sinau. Saking *analisis* langsung menika panaliti ningali bilih siswa kirang nguwaosi tetembungan Jawi. Perkawis ingkang kados menika

ageng dayanipun wonten ing kagiyatan sinau, mliginipun wonten ing kompetensi maos.

Wonten ing kagiyatan sinau, siswa dipunajab saged ndudut elmi ingkang karantam wonten ing waosan ingkang sampun dipuncawisaken. Ananging, elmi ingkang karantam wonten ing waosan boten saged kadudut kanthi sae dening siswa amargi kirangipun panguwaosan basa Jawi para siswa. Panguwaosipun basa Jawi ingkang kirang wonten ing kagiyatan maos saged ndadosaken siswa klentu anggenipun negesi ukara-ukara wonten ing waosan.

Saking *analisis* kurikulum saha ningali kanthi langsung kawontenan siswa ingkang sampun dipunlampahi, saged dipundudut bilih wonten ing kagiyatan sinau basa Jawi dipunbetahaken sawetawis *media* kangge ngindhakaken panguwaosipun tetembungan basa Jawi siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* pasinaon ingkang dipunginakaken kangge mbiyantu siswa negesi tetembungan ingkang boten dipunmangertos, mliginipun basa Jawi ingkang dipunginakaken kangge sinau siswa kelas X semester jangkep wonten ing sekolah. *Media* menika ngemot tegesipun tetembungan wonten ing buku pasinaon Lestari ingkang ngemot sekawan piwulangan kangge siswa kelas X semester jangkep ing SMAN 1 Kasihan saha saking sumber sanesipun saengga trep menawi dipunginakaken kangge sinau.

2. Tahap Damel Rantaman *Media* Pasinaon

Saking *analisis* ingkang sampun dipunlampahi, panaliti saged nemtokaken rantaman utawi *design* saking *media* pasinaon ingkang dipundamel. Saking

analisis kurikulum saha kompetensi ingkang sampun dipuntaliti kanthi permati, saged dipuntemtokaken *indikator* ingkang dipunginakaken kangge ngrantam *materi* wonten ing *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. Rantaman *media* dipundamel cetha supados boten mbingungaken anggenipun damel *media*.

Sasampunipun *materi* wonten ing *media* pasinaon dipuntemtokaken, panaliti ngrantam gladhen kangge mangertos *ketuntasan* anggenipun sinau para siswa. Gladhen ingkang dipunrantam dipunjumbuhaken kaliyan *materi* ingkang dipunsinau dening siswa kanthi ningali *indikator materi*ipun. Soal ingkang dipundamel dening panaliti cacahipun kalih dasa soal pilihan. Siswa saged mangsuli pitakenan wonten ing *media* kanthi urut. Biji anggenipun mangsuli pitakenan wonten ing gladhen saged dipuntingali langsung wonten ing *media*.

3. Tahap Damel Media Pasinaon

Wonten ing *tahap* menika kagiyatan ingkang dipunlapahi inggih menika damel naskah *media* ingkang sampun karantam ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. *Aplikasi* menika dipunpilih amargi saged dipunginakaken kangge damel *aplikasi* ingkang saged dipunlampahaken wonten ing *media* komputer saha HP (*handphone*). *Aplikasi* kamus basa Jawi ingkang dipundamel ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5* dipunajab saged dipunginakaken siswa kanthi gampil dening para siswa.

4. Tahap Validasi saha Nguji Media Pasinaon

Sasampunipun nglampahi kagiyatan damel *media* pasinaon, panaliti ngawontenaken *validasi* saha uji coba *media*. *Validator* wonten ing panaliten

inggih menika *ahli media*, *ahli materi*, saha guru basa Jawi ingkang paring *validasi media* kanthi cara mbiji saha paring pamrayogi babagan *media* pasinaon ingkang dipundamel. Sanesipun nglampahi kagiyatan *validasi*, panaliti ugi nguji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi wonten ing sekolah supados pikantuk tanggapan saking para siswa babagan *media*.

a. *Validasi Dosen Ahli Media*

Validasi ahli media dipunwontenaken supados *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunbiji saha pikantuk pamrayogi kanthi wujud seratan. Pambiji saha pamrayogi saking *ahli media* dipunginakaken minangka sarana *revisi media* pasinaon menika. *Revisi media* pasinaon dipunlampahi supados *media* pasinaon ingkang dipundamel *layak* dipunginakaken kangge sinau.

Validator dosen *ahli media* wonten ing panaliten inggih menika Bapak Herman Dwi Surjono, Drs., M.Sc., MT., Ph.D. Panjenenganipun minangka dosen ing FT, dosen Program Pascasarjana UNY, saha kaprodi ing Teknologi Pembelajaran S2 Pascasarjana UNY. *Bidang* ingkang dipunkuwasani inggih menika *e-learning*, *multimedia pembelajaran*, saha *pembelajaran teknologi informasi*. *Validasi* saking Bapak Herman inggih menika kados makaten.

1) *Validasi Kualitas Media* dening *Ahli Media* Wonten ing Bab *Tampilan*

Tabel 9: *Asil validasi I kualitas media pasinaon dening ahli media ing bab tampilan*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Cetha pitedahipun	S	4
2.	Cetha seratanipun	S	4

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
3.	Cetha swantenipun	S	4
4.	Trep pamilihhipun gambar	S	4
5.	Trep pamilihhipun warna	S	4
6.	Trep anggenipun mapanaken tombol	S	4
7.	Trep urutan <i>menunipun</i>	S	4
8.	Trep pamilihhipun iringan	S	4
9.	Trep pamilihhipun kelir	S	4
10.	Sae <i>hyperlink</i> ingkang dipunginakaken	S	4
Persentase pasarujukan asil validasi I		80% (Sae)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening *ahli media tahap I* wonten ing bab *tampilan* pikantuk asil 80% ingkang kalebet wonten ing *kategori sae*.

Tabel 10: **Asil validasi II kualitas media pasinaon dening ahli media ing bab tampilan**

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Cetha pitedahipun	S	4
2.	Cetha seratanipun	S	4
3.	Cetha swantenipun	S	4
4.	Trep pamilihhipun gambar	SS	5
5.	Trep pamilihhipun warna	S	4
6.	Trep anggenipun mapanaken tombol	S	4
7.	Trep urutan <i>menunipun</i>	S	4
8.	Trep pamilihhipun iringan	S	4
9.	Trep pamilihhipun kelir	S	4
10.	Sae <i>hyperlink</i> ingkang dipunginakaken	SS	5
Persentase pasarujukan asil validasi II		84% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali asil pambijinipun *validator ahli media*. *Persentase* pambijinipun *ahli media* wonten ing bab *tampilan media* kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika 84%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori sae sanget*. Saking pambiji

dosen *ahli media* saged dipundudut bilih *tampilan media* nalika *validasi II* mindhak langkung sae tinimbang nalika *validasi I*. Saking pambijinipun *ahli media* ugi saged dipundudut bilih *media* pasinaon menika saged narik kawigatosan siswa kangge sinau.

2) *Validasi Kualitas Media* dening *Ahli Media* Wonten ing Bab *Pemrograman*

Tabel 11: *Asil validasi I kualitas media pasinaon dening ahli media ing bab pemrograman*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Gampil dipunginakaken	S	4
2.	Cethanipun <i>navigasinipun</i>	S	4
3.	Cetha keliripun	S	4
4.	<i>Konsisten</i> anggenipun mapanaken papan pencetan	S	4
5.	Pepak saha migunani <i>hyperlink</i> ing <i>media</i>	S	4
6.	Trep seratanipun	S	4
7.	Cepet anggenipun dipunginakaken	S	4
8.	Saged narik kawigatosan	SS	5
Persentase pasarujukan asil validasi I		82,5% (Sae Sanget)	

Saking tabel sedasa menika saged dipuntingali *persentase* pambijinipun *media* pasinaon dening *ahli media* wonten ing bab *pemrograman tahap I* inggih menika 82,5% ingkang kalebet *kategori* sae sanget.

Tabel 12: *Asil validasi II kualitas media pasinaon dening ahli media ing bab pemrograman*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Gampil dipunginakaken	S	4
2.	Cethanipun <i>navigasinipun</i>	S	4
3.	Cetha keliripun	S	4
4.	<i>Konsisten</i> anggenipun mapanaken papan pencetan	S	4
5.	Pepak saha migunani <i>hyperlink</i> ing <i>media</i>	SS	5
6.	Trep seratanipun	S	4
7.	Cepet anggenipun dipunginakaken	S	4

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
8.	Saged narik kawigatosan	SS	5
Persentase pasarujukan asil validasi II		85% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali asil pambijinipun *validator ahli media*. *Persentase* pambijinipun *ahli media* wonten ing bab *pemrograman media* kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika 85%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget

Saking *validasi tahap* kaping setunggal saged dipuntingali bilih pambijinipun dosen *ahli media* wonten ing bab *tampilan saha pemrograman* pikantuk *persentase* pasarujukan 81,1%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika *layak* dipunuji kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli media*.

Saking *validasi tahap* kaping kalih saged dipuntingali bilih *persentase* pambijinipun dosen *ahli media* wonten ing bab *tampilan saha pemrograman* mindhak 3,3 dados 84,4%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika *layak* dipunuji kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli media*. Mindhakupun *persentase* pambijinipun *ahli media* saged dipuntingali wonten ing tabel menika.

Tabel 13: Asil pambijinipun dosen *ahli media tahap I saha tahap II*

No.	Pernyataan	Tahap I	Tahap II
Bab Tampilan			
1.	Cetha pitedahipun	4	4
2.	Cetha seratanipun	4	4
3.	Cetha swantenipun	4	4
4.	Trep pamilihipun gambar	4	5
5.	Trep pamilihipun warna	4	4
6.	Trep anggenipun mapanaken tombol	4	4
7.	Trep urutan <i>menunipun</i>	4	4
8.	Trep pamilihipun iringan	4	4
9.	Trep pamilihipun kelir	4	4
10.	Sae <i>hyperlink</i> ingkang dipunginakaken	4	5
Bab Pemrograman			
11.	Gampil dipunginakaken	4	4
12.	Cethanipun <i>navigasinipun</i>	4	4
13.	Cetha keliripun	4	4
14.	<i>Konsisten</i> anggenipun mapanaken papan pencetan	4	4
15.	Pepak saha migunani <i>hyperlink</i> ing <i>media</i>	4	5
16.	Trep seratanipun	4	4
17.	Cepet anggenipun dipunginakaken	4	4
18.	Saged narik kawigatosan	5	5
Jumlah		73	76
Persentase Pasarujukan		81,1% (Sae Sanget)	84,4% (Sae Sanget)

Saking tabel ing inggil menika *validasi* saking dosen *ahli media* wonten ing bab *tampilan* saha *pemrograman* midhak 3,3%, inggih menika saking *persentase* pasarujukan 81,1% dados 84,4%. Saking *validasi* kanthi biji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon menika *layak* dipunginakaken kangge sinau basa Jawi mliginipun kangge siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan. Pambijinipun dosen *ahli media* ingkang kdoa makaten saged dipunandharaken kanthi langkung cetha kados makaten.

1) Bab *Tampilan*

a) Cetha pitedahipun

Wonten ing *validasi* I saha *validasi* II, *ahli media* paring biji sekawan ing *aspek* cetha pitedahipun kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. *kategori* ingkang kados makaten nedahaken bilih pitedah wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi saged nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken *media*. Pitedah panganggenipun *media* kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel ringkes, padhet, saha cetha saengga siswa gampil mangertos pitedahipun.

Pitedah panganggenipun *media* pasinaon dipunperang dados kalih, inggih menika pitedah panganggenipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saha pitedah isi *media*. Pitedah panganggenipun *media* pasinaon wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi kagungan ancas supados siswa ingkang ngginakaken *media* boten bingung anggenipun ngginakaken *media*, mangertos paedahipun *hyperlink* ingkang cumawis, lan sapiturutipun. Pitedah isi *media* kagungan ancas supados siswa ingkang ngginakaken *media* saged maksimal anggenipun ngginakaken *media* awit wontenipun pitedah sorogan cekakan saha tetenger wonten ing kamus.

b) Cetha seratanipun

Aspek cetha seratanipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saking *validasi* I saha II pikantuk biji sekawan. Biji ingkang kados makaten pikantuk *persentase* 80% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator*, saged dipundudut bilih seratan wonten ing *media* menika

saged dipunwaos kanthi cetha. Seratan wonten ing *media* ngginaaken aksara ingkang boten neka-neka saha ngginakaken warna ingkang kontras kaliyan keliripun saengga gampil menawi dipunwaos.

c) Cethanipun swanten

Wonten ing *aspek* cethanipun swanten *media* menika *validator ahli media* paring biji sekawan wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking *kategori* ingkang kados makaten saged dipundudut bilih swanten ing *media* menika saged dipunmirengaken kanthi cetha. Swanten ingkang dipunginakaken kangge iringan *media* menika boten kemresek saha saged narik kawigatosan siswa.

d) Trep pamilihipun gambar

Saking asil *validasi* I saha II, saged dipundudut bilih *kualitas* pamilihipun gambar wonten ing *media* menika mindhak. Dosen *ahli media* wonten ing *validasi* I paring biji sekawan ing *aspek* menika kanthi *persentase* 80%. Biji ingkang kados makaten mlebet wonten ing *kategori* sae. Wonten ing *validasi* II, *ahli media* ngowahi pambijipun dados gangsal kanthi *persentase* pasarujukan 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Tambahan gambar wonten ing *media* menika ingkang ndadosaken pambiji saking *ahli media* mindhak 20% dados 100%. Bab menika nedahaken bilih pamilihipun gambar sampun trep saha sekeca menawi dipuntingali. Gambar wayang wonten ing *media* menika ndadosaken *media* boten kaku saengga saged narik kawigatosanipun siswa kangge sinau ngginakaken *media*.

e) Trep pamilihipun warna

Validator ahli media wonten ing *validasi* I saha II paring biji sekawan inga *aspek* pamilihipun warna *media* kamus buku wucalan basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking *kategori* ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih warna ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika sampun trep. Warna ingkang dipunpilih kangge kelir minangka warna kanthi *saturasi* inggil, warna gambaripun minangka warna kanthi *gradasi* ingkang celak kaliyan keliripun, warna aksara ingkang dipunginakaken *kontras* kaliyan kelir saha gambaripun saengga cetha menawi dipunwaos.

f) Trep anggenipun mapanaken tombol

Wonten ing *aspek* trep anggenipun mapanaken tombol, *validator ahli media* paring biji sekawan ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator* wonten ing *aspek* menika, saged dipundudut billih *media* menika trep anggenipun mapanaken tombol. Tombol ingkang utami dipunpapanaken wonten ing papan ingkang ketingal, tombol tambahan dipunpapanaken wonten ing sisih-sisihipun kelir saengga boten ganggu *materi* ingkang dipunbikak.

g) Trep urutan *menunipun*

Wonten ing *aspek* trep urutan *menunipun*, *validator ahli media* paring biji sekawan ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator* wonten

ing *aspek* menika, saged dipundudut bilih anggenipun mapanaken menu wonten ing *media* sampun trep. Menu wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika panduan, ancas, kamus, gladhen, kapustakan, saha medal. *Menu-menu* wonten ing *media* menika dipunsusun kanthi nggatosaken ururanipun ngginakaken *media* pasinaon menika.

h) Trep pamilihipun iringan

Saking *validasi* I saha II, *validator ahli media* paring biji sekawan wonten ing *aspek* pamilihipun iringan wonten ing *media* kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator* ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih iringan wonten ing *media* pasinaon menika trep amargi iringan wonten ing *media* menika trep kaliyan pasinaon saha saged narik kawigatosanipun siswa. Irian ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika minangka lagu dolanan ingkang sekeca dipunmirengaken saengga saged nentremaken pikiranipun siswa nalika ngginakaken *media* menika.

i) Trep pamilihipun kelir

Pamilihipun kelir *media* wonten ing panaliten menika saking *validasi* I saha II pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator ahli media* saged dipundudut bilih kelir ingkang dipunginakaken wonten ing *media* trep dipunginakaken sae dipuntingali saha saged narik kawigatosan. Kelir ingkang dipunginakaken dipunrancang supados sekeca menawi dipunginakaken wonten ing *media* HP.

j) Sae *hyperlink* ingkang dipunginakaken

Validator ahli media wonten ing *validasi* I paring biji sekawan ing *aspek* sae *hyperlink* ingkang dipunginakaken kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator*, saged dipundudut bilih *hyperlink* ingkang dipuncawisaken sae *tampilan*ipun saha *trep* antawisipun *pencetan* kaliyan *kaca* ingkang dipunkarepaken. Nanging, *hyperlink* ingkang dipunginakaken wonten ing *menu* medal langkung prayogi menawi tambah saha dipunleresaken.

Sasampunipun *revisi* babagan *hyperlink* ing *menu* medal. *Validator ahli media* wonten ing *validasi* II paring biji gangsal ing *aspek* sae *hyperlink* ingkang dipunginakaken kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambijinipun *validator* ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *kualitas media* pasinaon kamus buku wucalan menika midhak ing *aspek* menika.

2) Bab *Pemrograman*

a) *Gampil* dipunginakaken

Aspek gampil dipunginakaken pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator*, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi gampil dipunginakaken. *Media* kamus buku wucalan basa Jawi menika boten perlu dipun*instal* saengga siswa ingkang ngginakaken *media* menika kantun mencet *icon aplikasi* kamus menika.

b) Cetha navigasinipun

Aspek cetha navigasinipun pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator* saged dipundudut bilih *navigasi* wonten ing *media* menika cetha saengga boten mbingungaken siswa ingkang ngginakaken.

c) Cetha keliripun

Aspek cetha keliripun pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking *kategori* menika saged dipundudut bilih kelir wonten ing *media* menika saged dipuntingali kanthi cetha, sekeca, saha boten ngganggu anggenipun ningali seratan.

d) Konsisten anggenipun mapanaken papan pencetan

Wonten ing *aspek* konsisten anggenipun mapanaken papan pencetan pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking *kategori* menika saged dipundudut bilih papan pencetan wonten ing *media* menika netep, boten nate owah saengga boten mbingungaken siswa.

e) Pepak saha migunani *hyperlink* ing *media*

Aspek pepak saha migunani *hyperlink* ing *media* wonten ing *validasi* I pikantuk biji sekawan saking *ahli media* kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun

validator, saged dipundudut bilih *hyperlink* wonten ing *media* menika sampun cekap saha migunani saengga siswa gampil anggenipun ngginakaken. Nanging, *validator ahli media* paring pamrayogi bilih langkung prayogi menawi wonten ing *menu* medal dipunjagkepi kaliyan *konfirmasi* anggenipun medal.

Sasampunipun njangkepi *hyperlink* wonten ing *menu* medal, dosen *ahli media* ugi mindhakaken biji 20% ing *aspek* menika nalika *validasi* II dados *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten saged dipundudut bilih *kualitas media* pasinaon mindhak wonten ing *aspek* menika.

f) Trep seratanipun

Aspek trep seratanipun pikantuk biji sekawan saking *validator ahli media* nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *validator*, saged dipundudut bilih seratan wonten ing *media* menika sae amargi ngginakaken jenis aksara ingkang boten neka-neka, ukuran ingkang trep, saha warna ingkang cetha saengga gampil anggenipun maos.

g) Cepet anggenipun ngginakaken

Wonten ing *aspek* cepet anggenipun ngginakaken menika *validator ahli media* paring biji sekawan nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking *kategori* menika saged dipundudut bilih proses anggenipun ngginakaken *media* menika cepet. *Media* kamus basa buku wucalan basa Jawi menika nalika dipunbikak boten mbetahaken wekdal ingkang kathah, menawi gatos *menu*

wonten ing *media* menika saged langsung, saha menawi pados tegesipun tembung ingkang dipunkarepaken *aksesipun* boten dangu.

h) Saged narik kawigatosan

Wonten ing *aspek* saged narik kawigatosan *validator ahli media* nalika *validasi* I saha II paring biji gangsal kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking *kategori* menika saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi saged narik kawigatosan siswa supados purun sinau ngginakaken *media* menika.

Pambijinipun *Validator ahli media* kanthi utuh wonten wolulas *aspek*, inggih menika cetha pitedahipun, cetha seratanipun, cethanipun swanten, trep pamilihipun gambar, trep pamilihipun warna, trep anggenipun mapanaken tombol, trep urutan menunipun, trep pamilihipun iringan, trep pamilihipun kelir, sae *hyperlink* ingkang dipunginakaken, gampil dipunginakaken, cetha navigasinipun, cetha keliripun, konsisten anggenipun mapanaken papan pencetan, pepak saha migunani *hyperlink* ing *media*, saha saged narik kawigatosan kanthi pambiji ingkang sampun dipunaandharaken saderengipun. *Validator ahli media* wonten ing panaliten menika boten namung mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, nanging ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* ingkang kados makaten.

- 1) Wonten ing kaca irah-irahan perlu dipunserat identitas mahasiswa supados cetha panganggitipun.

- 2) Wonten ing menu medal dipunsukani konfirmasi menapa sampun mantep anggenipun badhe medal saking *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi.

b. Validasi Dosen Ahli Materi

Validasi ahli materi dipunwontenaken kanthi ancas supados *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunbiji saha pikantuk pamrayogi kanthi wujud seratan saking *ahli materi*. Pambiji saha pamrayogi saking *ahli materi* ingkang sampun sinerat dipunginakaken minangka sarana *revisi media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. *Revisi media* pasinaon dipunlampahi supados *media* pasinaon ingkang dipundamel *layak* dipunginakaken kangge sinau.

Inkang dados *validator ahli materi* wonten ing panaliten menika Prof. Dr. Suwarna, M.Pd. minangka Guru Besar ing UNY ingkang ngasta wonten ing Jurusan Pendidikan Basa Jawi. Panjenenganipun ngasta pasinaon basa, kadosta tata basa, tata swara, tata tembung, saha tata ukara basa Jawi. *Validasi* saking *ahli materi* dipunlampahi kaping kalih. Asil *validasi* ingkang kaping pisan kados makaten.

1) Validasi Kualitas Media dening Ahli Media Wonten ing Bab Tampilan

Tabel 14: Asil *validasi I kualitas media* pasinaon dening *ahli materi* ing bab piwulangan

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Kualitas anggenipun paring panyurung dhateng siswa	C	3
2.	Trep <i>materinipun</i> kaliyan standar kompetensi	S	4
3.	Trep dipunginakaken kangge sinau	S	4
4.	Trep <i>materinipun</i>	S	4

tabel lanjutan

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
5.	Trep anggenipun ngginakaken basa	S	4
6.	Trep anggenipun ngginakaken <i>ejaan</i>	C	3
7.	Cekap anggenipun maringi gladhen	S	4
8.	Jumbuhipun soal kaliyan <i>indikator</i>	S	4
9.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	S	4
Persentase pasarujukan asil validasi I		75,5% (Sae)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening *ahli materi tahap I* wonten ing bab piwulangan pikantuk asil 75,5% ingkang kalebet wonten ing *kategori sae*.

Tabel 15: **Asil validasi II kualitas media pasinaon dening ahli materi ing bab piwulangan**

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	<i>Kualitas</i> anggenipun paring panyurung dhateng siswa	S	4
2.	Trep <i>materi</i> ipun kaliyan standar kompetensi	S	4
3.	Trep dipunginakaken kangge sinau	S	4
4.	Trep <i>materi</i> ipun	S	4
5.	Trep anggenipun ngginakaken basa	S	4
6.	Trep anggenipun ngginakaken <i>ejaan</i>	SS	5
7.	Cekap anggenipun maringi gladhen	SS	5
8.	Jumbuhipun soal kaliyan <i>indikator</i>	S	4
9.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	S	4
Persentase pasarujukan asil validasi II		84,4% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening *ahli materi tahap II* wonten ing bab piwulangan. Wonten ing bab menika *ahli materi* paring biji kanthi *persentase* 84,4%. Persentase ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori sae sanget*. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih *media* menika sampun trep isinipun kaliyan kabetahanipun siswa kangge sinau.

2) *Validasi Kualitas Media* dening *Ahli Materi* Wonten ing Bab Leresipun Isi

Tabel 16: *Asil validasi I kualitas media pasinaon dening ahli materi ing bab leresipun isi*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Trep <i>materi media</i> kaliyan <i>materi</i> sekolah	SS	5
2.	Trep pamilihipun gambar	SS	5
3.	Cetha <i>materi</i> ipun	SS	5
4.	Anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertosi	S	4
5.	Rumusan soal jumbuh kaliyan <i>materi</i> ingkang dipunsinau	S	4
Persentase pasarujukan asil validasi I		92% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening *ahli materi*. *Ahli materi* wonten ing bab leresipun isi *media* paring biji kanthi *persentase* 92%. *Persentase* pambijinipun *ahli media* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Tabel 17: *Asil validasi II kualitas media pasinaon dening ahli materi ing bab leresipun isi*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Trep <i>materi media</i> kaliyan <i>materi</i> sekolah	SS	5
2.	Trep pamilihipun gambar	S	4
3.	Cetha <i>materi</i> ipun	SS	5
4.	Anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertosi	S	4
5.	Rumusan soal jumbuh kaliyan <i>materi</i> ingkang dipunsinau	S	4
Persentase pasarujukan asil validasi II		88% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening *ahli materi tahap II* wonten ing bab leresipun isi pikantuk asil 88% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Saking *validasi tahap I* saged dipuntingali bilih pambijinipun dosen *ahli materi* wonten ing bab piwulangan saha leresipun isi pikantuk *persentase* pasarujukan 81,4%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika *layak* dipunuji kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli media*.

Saking *validasi tahap II* saged dipuntingali bilih *persentase* pambijinipun dosen *ahli materi* wonten ing bab piwulangan saha leresipun isi mindhak dados 84,3%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika *layak* dipunuji kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli media*. Mindhakupun *persentase* pambijinipun *ahli media* saged dipuntingali wonten ing tabel menika.

Tabel 18: Asil pambijinipun dosen *ahli materi tahap I* saha *tahap II*

No.	Pernyataan	Tahap I	Tahap II
Bab Piwulangan			
1.	Kualitas anggenipun paring panyurung dhateng siswa	3	4
2.	Trep <i>materinipun</i> kaliyan standar kompetensi	4	4
3.	Trep dipunginakaken kangge sinau	4	4
4.	Trep <i>materinipun</i>	4	4
5.	Trep anggenipun ngginakaken basa	4	4
6.	Trep anggenipun ngginakaken <i>ejaan</i>	3	5
7.	Cekap anggenipun maringi gladhen	4	5
8.	Jumbuhipun soal kaliyan <i>indikator</i>	4	4
9.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	4	4
Bab Leresipun Isi			
10.	Trep <i>materi media</i> kaliyan <i>materi</i> sekolah	5	5

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Tahap I	Tahap II
11.	Trep pamilihipun gambar	5	4
12.	Cetha <i>materi</i> ipun	5	5
13.	Anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertosi	4	4
14.	Rumusan soal jumbuh kaliyan <i>materi</i> ingkang dipunsinau	4	4
Jumlah		57	59
Persentase Pasarujukan		81,4% (Sae Sanget)	84,3% (Sae Sanget)

Saking tabel ing inggil menika *validasi* saking dosen *ahli materi* wonten ing bab piwulangan saha leresipun isi midhak saking persentase 81,4% dados 84,3%. Mindhakipun *persentase* menika amargi wontenipun *revisi media* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi*. Saking *validasi* kasebut, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika minangka *media inofatif* ingkang *layak* dipunginakaken kangge sinau basa Jawi. Pambijinipun dosen *ahli materi* saged dipunandharaken kanthi langkung cetha kados makaten.

1) Bab Piwulangan

a) *Kualitas anggenipun paring panyurung dhateng siswa*

Kualitas anggenipun panyurung dhateng siswa nalika validasi I pikantuk biji tiga kanthi *persentase* 60%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* cekap. Saking pambijinipun *ahli materi*, saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika saged narik kawigatosanipun siswa kangge sinau. Dosen *ahli materi* paring pamrayogi bilih *media* menika kedah dipunowahi wonten ing *menu* kamusipun.

Sasampunipun *revisi*, dosen *ahli materi* nalika *validasi* II paring biji sekawan wonten ing *aspek* menika kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih sasampunipun *revisi media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, *media* menika langkung saged narik kawigatosanipun siswa. Saderengipun *revisi* wonten ing *menu* kamus, siswa ingkang badhe madosi tembung kedah madosi kanthi *alfabetis*. Sasampunipun *revisi*, nalika madosi tembung siswa saged langsung nyerat tembungipun wonten ing kolom goleki.

b) Trep *materinipun* kaliyan Standar Kompetensi

Pambijinipun dosen *ahli materi* wonten ing *aspek* trep *materinipun* kaliyan Standar Kompetensi pikantuk biji sekawan nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun dosen *ahli materi* saged dipundudut bilih *media* pasinaon menika isinipun sampun trep kaliyan Standar Kompetensi. *Materi* wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi ingkang boten nyimpang saking Standar Kompetensi ndadosaken *media* menika saged dipunginakaken kanthi aman kangge sinau dening para siswa wonten ing dalem utawi sekolah.

c) Trep dipunginakaken kangge sinau

Wonten ing *aspek* trep dipunginakaken kangge sinau nalika *validasi* I saha II pikantuk biji sekawan dening *ahli materi* kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambiji ingkang kados makaten, sage dipundudut bilih *media* pasinaon menika trep dipunginakaken kangge sinau siswa SMA kelas X wonten ing SMAN 1 Kasihan,

Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika saged damel siswa langkung nguwaosi *materi* ingkang dipunsinau wonten ing sekolah.

d) Trep *materinipun*

Validator ahli materi wonten ing *aspek trep materinipun* paring biji sekawan nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* ing *aspek* menika saged dipundudut bilih *materi* wonten ing *media* pasinaon menika *trep* kaliyan kebetahanipun sinau siswa ing sekolah.

e) Trep anggenipun ngginakaken basa

Aspek trep anggenipun ngginakaken basa pikantuk biji sekawan dening *ahli materi* nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih basa ingkang dipunginakaken wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi menika sampun *trep*. Panganggenipun basa wonten ing *media* menika boten dipuncampur-campur. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika basa Jawi krama ingkang prasaja saengga gampil dipunmangertos dening siswa.

f) Trep anggenipun ngginakaken *ejaan*

Aspek trep anggenipun ngginakaken ejaan nalika *validasi* I pikantuk biji tiga saking *ahli materi* kanthi *persentase* 60%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* cepak. Saking pambijinipun *ahli materi* wonten ing *aspek* menika, saged dipundudut bilih panganggenipun *ejaan* wonten ing *media*

menika sampun cekap sae. Dosen *ahli materi* paring pamrayogi supados tadha wacanipun.

Sasampunipun *revisi* dosen *ahli materi* paring biji gangsal nalika *validasi* II wonten ing *aspek* menika kanthi *persentase* 100%. Saking pambijinipun *ahli materi*, saged dipundudut bilih sasampunipun *revisi* panganggenipun *ejaan* wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi langkung sae. *Ejaan* wonten ing *media* menika nalika *revisi* sampun dipunjumbuhaken kaliyan *ejaan* ingkang baku saengga langkung trep menawi *media* menika dipunginakaken kangge sinau siswa kelas X SMAN 1 Kasihan.

g) Cekap anggenipun maringi gladhen

Validator ahli materi wonten ing *aspek* cekap anggenipun maringi gladhen paring biji sekawan nalika *validasi* I kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi*, saged dipundudut bilih anggenipun nyawisaken gladhen kangge *evaluasi* siswa babagan *materi* pasinaon sampun sae. Ananging, *validator ahli materi* paring pamrayogi bilih langkung sae menawi wonten ing *menu* gladhen dipuntambah *tampilan* wekdal kangge mektoni siswa anggenipun garap gladhen.

Sasampunipun *revisi*, dosen *ahli materi* paring biji gangsal wonten ing *aspek* menika kanthi *persentase* 100%. Saking pambiji ingkang kados makaten saged dipundudut bilih sasampunipun nglampahi *revisi media* menika langkung sae, mliginipun wonten ing *menu* gladhen. Wekdal ingkang dipuncawisaken wonten ing *media* menika damel siswa langkung *terstruktur* anggenipun garap gladhen saha boten nelasaken wekdal ingkang kathah nalika garap.

h) Jumbuhipun soal kaliyan indikator

Aspek jumbuh soal kaliyan *indikator* pikantuk biji sekawan dening *ahli materi* wonten ing *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun dosen *ahli materi* saged dipundudut bilih soal wonten ing *menu* gladhen sampun jumbuh kaliyan *indikator materi* pasinaon saengga *media* menika trep dipunginakaken minangka *media* kangge mbiyantu siswa anggenipun sinau.

i) Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos

Validator ahli materi nalika *validasi* I saha II paring biji sekawan wonten ing *aspek* basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih basa ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika gampil dipunmangertos dening siswa amargi basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa krama ingkang prasaja kemawon.

2) Bab Leresipun Isi

a) Trep materi media kaliyan materi sekolah

Aspek trep *materi media* kaliyan *materi* sekolah pikantuk biji gangsal saking *ahli materi* nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih *materi* ingkang dipunginakaken wonten ing *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunwulangaken wonten ing sekolah. *Materi* ingkang jumbuh

antawisipun *materi media* kaliyan *materi* wonten ing sekolah ndadosaken *media* menika sekeca menawi dipunginakaken kangge sinau para siswa.

b) Trep pamilihipun gambar

Aspek trep pamilihipun gambar pikantuk biji gangsal nalika *validasi* I kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Ananging, wonten ing *validasi* II dosen *ahli materi* paring biji sekawan wonten ing *aspek* menika kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun dosen *ahli materi* ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih gambar wonten ing *media* pasinaon menika *kualitasipun* madhap nanging taksih kagolong sae.

c) Cetha materinipun

Validator ahli materi wonten ing *aspek* cetha materinipun paring biji gangsal nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih *materi* ingkang dipunrantam wonten ing *media* menika saged dipunsinau kanthi gampil. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* pasinaon ingkang dipunginakaken kangge nyengkuyung anggenipun sinau siswa semester jangkep kelas X SMAN 1 Kasihan.

d) Anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertos

Validator ahli materi wonten ing *aspek* anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertos paring biji sekawan nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih basa ingkang

dipunginakaken wonten ing *media* kamus basa Jawi minangka basa ingkang gampil dipunmangertos amargi mboten ngginakaken basa ingkang neka-neka.

e) Rumusan soal jumbuh kaliyan materi ingkang dipunsinau

Aspek rumusan soal jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunsinau pikantuk biji sekawan dening *ahli materi* nalika *validasi* I saha II kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun *ahli materi* saged dipundudut bilih soal ingkang karantam wonten ing gladhen sampun jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunsinau dening siswa wonten ing sekolah.

Pambijinipun *Validator ahli materi* kanthi utuh wonten sekawan welas *aspek*, inggih menika *kualitas* anggenipun paring panyurung dhateng siswa, trep *materi*ipun kaliyan Standar Kompetensi, trep dipunginakaken kangge sinau, trep *materi*ipun, trep anggenipun ngginakaken basa, trep anggenipun ngginakaken *ejaan*, cekap anggenipun maringi gladhen, jumbuhipun soal kaliyan *indikator*, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, trep *materi media* kaliyan *materi* sekolah, trep pamilihipun gambar, cetha *materi*ipun, anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertosi, rumusan soal jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunsinau. *Validator ahli materi* wonten ing panaliten menika boten namung mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, nanging ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* ingkang kados makaten.

- 1) madosi tembung kanthi dipunketik langsung, sanes *alfabetis*;
- 2) papan suwong dipunisi;
- 3) dipuntambah *scroll*;

- 4) ancas dipunringkes; saha
- 5) menu gladhen dipunsukani wekdal.

c. Pambijinipun *Kualitas Media Pasinaon* dening Guru Basa Jawi

Validator ingkang kaping tiga inggih menika guru basa Jawi ingkang dipunwontenaken kanthi ancas supados *media pasinaon* kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunbiji saha pikantuk pamrayogi kanthi wujud seratan. Pambiji saha pamrayogi saking guru basa Jawi ingkang sampun sinerat dipunginakaken minangka sarana *revisi media pasinaon* kamus buku wucalan basa Jawi. *Revisi media pasinaon* dipunlampahi supados *media pasinaon* ingkang dipundamel *layak* dipunginakaken kangge sinau.

Validator wonten ing panaliten inggih menika guru basa Jawi ingkang sampun nglampahi jenjang pendidikan S1. Ibu Fitriyani Astuti, S.Pd. ingkang ngasta basa Jawi wonten ing SMAN 1 Kasihan minangka *validatoripun*. Panjenenganipun mbiji *media pasinaon* kamus buku wucalan basa Jawi kados makaten.

Tabel 19: Asil *validasi* guru basa Jawi wonten ing bab panganggenipun *materi*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP	SS	5
2.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X	S	4
3.	Jumbuhipun <i>media</i> ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi	S	4
4.	Panganggenipun tembung saha <i>ejaan</i> sampun trep	S	4
5.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	S	4
Persentase pasarujukan		84% (Sae Sanget)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening guru basa Jawi wonten ing bab panganggening *materi* ingkang pikantuk asil 88% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Tabel 20: Asil *validasi* guru basa Jawi wonten ing bab *tampilan*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Cetha pitedah panganggenipun <i>media</i>	S	4
2.	Saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi	S	4
3.	Keliripun cetha	S	4
4.	Trep anggenipun milih warna	C	3
5.	Trep <i>menunipun</i>	S	4
6.	Trep jinis huruf saha ukuran teksipun	C	3
7.	Trep anggenipun milih gambar	S	4
8.	Cepet <i>prosesipun</i>	S	4
Persentase pasarujukan		75% (Sae)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening guru basa Jawi. Guru basa Jawi wonten ing bab *tampilan media* paring biji kanthi *persentase* 75%. *Persentase* pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae.

Tabel 21: Asil *validasi* guru basa Jawi wonten ing bab *gladhen/ evaluasi*

No.	Pernyataan	Kategori	Skor
1.	Cetha pitedahipun	S	4
2.	Cetha seratanipun	S	4
3.	Migunani pituduh leres saha lepatipun	S	4
4.	Cetha pambijinipun	S	4
Persentase pasarujukan		80% (Sae)	

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* pasarujukan dening guru basa Jawi wonten ing bab *tampilan* ingkang pikantuk asil 80% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae.

Validasi saking guru basa Jawi wonten ing bab panganggenipun *materi*, *tampilan*, saha *evaluasi* pikantuk *persentase* pasarujukan 78,8%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. *Validator* guru basa Jawi ugi ngandharaken wonten ing lembar *validasi* bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi. Saking pambiji saha andharan ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* menika *layak* dipunginakaken kangge sinau basa Jawi kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun guru basa Jawi. Pambijinipun guru basa Jawi wonten ing bab panganggenipun *materi*, *tampilan*, saha *evaluasi* saged dipuntingali wonten ing tabel menika.

Tabel 22: Asil pambijinipun guru basa Jawi

No.	Pernyataan	Skor
Bab Panganggenipun Materi		
1.	Materi ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP	5
2.	Materi ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X	4
3.	Jumbuhipun <i>media</i> ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi	4
4.	Panganggenipun tembung saha <i>ejaan</i> sampun trep	4
5.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	4
Bab Tampilan		
6.	Cetha pitedah panganggenipun <i>media</i>	4
7.	Saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi	4
8.	Keliripun cetha	4
9.	Trep anggenipun milih warna	3
10.	Trep <i>menunipun</i>	4
11.	Trep jinis huruf saha ukuran teksipun	3
12.	Trep anggenipun milih gambar	4
13.	Cepet <i>prosesipun</i>	4
Bab Leresipun Isi		
14.	Cetha pitedahipun	4
15.	Cetha seratanipun	4
16.	Migunani pituduh leres saha lepatipun	4

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Skor
17.	Cetha pambijinipun	4
Jumlah		67
Persentase Pasarujukan		78,8% (Sae)

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali pambijinipun *kualitas media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saking pitulas *aspek* inggih menika *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP, *materi* ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X, jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi, panganggenipun tembung saha *ejaan* sampun trep, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, cetha pitedah panganggenipun *media*, saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi, keliripun cetha, trep anggenipun milih warna, trep *menunipun*, trep jinis huruf saha ukuran teksipun, trep anggenipun milih gambar, cepet *prosesipun*, cetha pitedahipun, cetha seratanipun, migunani pituduh leres saha lepatipun, saha cetha pambijinipun.

Pambijinipun guru basa Jawi wonten ing pitulas *aspek* menika kanthi langkung cetha dipunandharaken kados makaten.

1) Bab panganggenipun *materi*

a) *Materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP

Aspek *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP pikantuk biji gangsal saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 100%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Pambiji ingkang kados makaten nedahaken bilih *materi* wonten ing *media* menika jumbuh kaliyan pasinaon basa Jawi wonten ing SMAN 1 Kasihan saengga saged mbiyantu siswa sinau basa Jawi kanthi trep.

b) *Materi* ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X

Aspek *materi* ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi saged dipundudut bilih *materi* ingkang dipunpendhet dados pathokanipun damel *media* trep menawi dipunginakaken kangge siswa kelas X.

c) Jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi

Aspek jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten saged dipundudut bilih *materi* wonten ing *media* menika jumbuh kaliyan Standar Kompetensi ingkang dipunginakaken kangge sinau. Standar Kompetensi ingkang dipunginakaken kangge pathokan anggenipun sinau inggih menika Standar Kompetensi maos.

d) Panganggenipun tembung saha ejaan sampun trep

Aspek panganggenipun tembung saha ejaan sampun trep pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi

saged dipundudut bilih pamilihipun tembung-tembung saha panyeratipun tembung wonten ing *media* menika sampun trep.

e) Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos

Aspek basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi saged dipundudut bilih basa ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika boten mbingungaken siswa. Tetembungan wonten ing *media* menika minangka tetembungan ingkang praja saengga gampil dipunmangertos.

2) Bab tampilan

a) Cetha pitedahipun ngginakaken *media*

Aspek cetha pitedahipun ngginakaken *media* pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih pitedah wonten ing *media* ketingal cetha saengga gampil dipunmangertos saha nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken *media*.

b) Saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi

Aspek saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi menika saged narik kawigatosanipun siswa. *Media* menika saged damel

siswa langkung gampang anggenipun sinau basa Jawi saengga siswa langkung remen sinau basa Jawi.

c) Keliripun cetha

Aspek keliripun cetha pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih kelir wonten ing *media* pasinaon menika saged dipuntingali kanthi cetha. Pamilihipun warna saha ukuran sampun trep, boten ganggu antawisipun gambar saha seratan wonten ing *media*.

d) Trep anggenipun milih warna

Aspek trep anggenipun milih warna pikantuk biji tiga saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 60%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* cekap. Saking pambijinipun guru basa Jawi saged dipundudut milih warna ingkang dipunginakaken wonten ing *media* sampun cekap. Miturutipun guru basa Jawi warna *media* langkung sae dipundamel radi rame.

e) Trep *menunipun*

Aspek trep *menunipun* pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi. *Persentase* saking guru basa Jawi inggih menika 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih menu ingkang dipunginakaken wonten ing *media* sampuntrep, pepak, saha migunani. *Menu* wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika *panduan*, ancas, kamus, gladhen,

kapustakan, saha medal. *Menu* wonten ing *media* menika nggampilaken siswa ingkang ngginakaken *media*.

f) Trep jinisipun saha ukuran teksipun

Aspek trep jinisipun saha ukuran teksipun pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijiniipun guru basa Jawi, saged dipundudut bilih jinis saha ukuran teks ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika sampun trep. Aksara ingkang dipunginakaken minangka aksara ingkang boten neka-neka saengga gampil anggenipun maos.

g) Trep anggenipun milih gambar

Aspek trep anggenipun milih gambar pikantuk biji tiga saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 60%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* cekap. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih gambar ing *media* menika sampun cekap.

h) Cepet prosesipun

Aspek cepet prosesipun pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijiniipun guru basa Jawi, saged dipundudut bilih *media* proses anggenipun ngginakaken *media* menika kagolong cepet. *Media* menika saged dipunginakaken kanthi cepet, wiwit saking mbikak *media*, ngginakaken menu-menu wonten ing *media*, dumugi medal saking *media*. *Media* ingkang cepet menawi dipunginakaken saged damel siswa remen anggenipun ngginakaken, bab menika ndadosaken siswa boten gampil bosen anggenipun sinau.

3) Bab *evaluasi/ gladhen*

a) Cetha pitedahipun

Aspek cetha pitedahipun pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih pitedah wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi saged nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken *media*. Pitedah wonten ing *media* kamus buku wucalan basa Jawi dipunserat ngginakaken basa krama ingkang prasaja saengga siswa gampil anggenipun mangertos pitedah wonten ing *media*.

b) Cetha seratanipun

Aspek cetha seratanipun pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi, saged dipundudut bilih seratan ingkang dipunginakaken wonten ing *media* menika boten mbingungaken siswa anggenipun maos. Seratan wonten ing *media* menika ngginakaken jinis aksara ingkang boten neka-neka, warna ingkang kontras kaliyan keliripun, saha ukuran ingkang trep saengga seratan wonten ing *media* saged gampil ketingal.

c) Migunani pitedah leres utawi lepat

Aspek migunani pitedah leres utawi lepat pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambijinipun guru basa Jawi ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih wontenipun pitedah leres utawi lepat wangsulan

wonten ing gladhen migunani sanget. Pitedah kala wau damel siswa mangertos bilih wangsulanipun siswa wonten ing gladhen sampun leres menapa dereng.

d) Cetha pambijinipun

Aspek cetha pambijinipun pikantuk biji sekawan saking guru basa Jawi kanthi *persentase* 80%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae. Saking pambiji ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih pambijinipun gladhen wonten ing *media* menika cetha. Pambijinipun gladhen wonten ing *media* menika ngginakaken cara pambiji ingkang sampun karangkum wonten ing RPP lajeng biji saking gladhen saged dipuntingali langsung wonten ing pungkasan gladhen.

Pambijinipun guru basa Jawi kanthi utuh wonten pitulas aspek, inggih menika *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP, *materi* ingkang dipunginakaken trep kangge siswa kelas X, jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi, Panganggenipun tembung saha ejaan sampun trep, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, cetha pitedahipun ngginakaken *media*, saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi, keliripun cetha, trep anggenipun milih warna, trep menunipun, trep jinisipun saha ukuran teksipun, trep anggenipun milih gambar, cepet prosesipun, cetha pitedahipun, cetha seratanipun, migunani pitedah leres utawi lepat, saha cetha pambijinipun. Guru basa Jawi wonten ing panaliten menika boten namung mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, nanging ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* ingkang kados makaten.

- 1) Pitedah wonten ing menu gladhen dipuntambah tandha pakon (!);

2) Tembung ingkang klentu dipunleresaken.

d. Panguji ingkang Winates dening Para Siswa

1) *Angket tanggapan siswa*

Uji coba ingkang winates dening para siswa dipunlampahi nalika dosen *validasi ahli materi* saha dosen *validasi ahli media* sami sarujuk bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi *layak* dipunuji cobaaken kanthi *revisi*. Salajengipun, *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ingkang badhe dipunuji dipunbiji langkung rumiyin dening guru basa Jawi.

Uji coba *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipunlampahi wonten ing SMA N 1 Kasihan ingkang mapan ing Jln. Bugisan Selatan Tirtonirmolo Kasihan Bantul. Subjek panaliten inggih menika siswa kelas X. MIA 1 kanthi cacah sangalikulur siswa. Nalika nguji, panaliti tumindak dados guru kangge *ngontrol* kagiyatan sinau *materi* ingkang dipunteliti.

Sasampunipun kagiyatan uji coba kalampahan, siswa dipunutus ngisi *angket* tanggapan *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. Tanggapan siswa babagan *media* pasinaon menika kaperang dados tigang, inggih menika panganggenipun *media*, *kemandirian*, saha *penyajian media*. Tanggapan siswa babagan *media* saged dipuntingali wonten ing tabel kados makaten.

Tabel 23: **Tanggapan siswa babagan panganggenipun *media***

No.	Nama Siswa	Skor wonten ing <i>pernyataan</i> kaping:						
		1	2	3	4	5	6	7
1	Agil Tri Wibowo	5	5	5	4	4	4	5
2	Amarulloh Anggoro Bkti	5	5	5	4	4	4	5
3	Andi Muhammad Al-Fayet	5	5	4	5	5	5	5
4	Anisya Arum Kumalasari	4	4	4	4	4	4	4

tabel salajengipun

No.	Nama Siswa	<i>Skor wonten ing pernyataan kaping:</i>						
		1	2	3	4	5	6	7
5	Anjanetta Nadya Pasha	5	5	5	5	3	4	5
6	Apriandi Vinjay Pradana	5	5	5	4	4	4	5
7	Arsita Devi Amsari	5	5	5	4	5	5	5
8	Bernadeta Winona Lalita R.	5	5	5	4	4	4	5
9	Bima Budi Perdana Putra	5	5	4	5	3	5	4
10	Clara Andita Dwi Putri W	5	5	5	5	4	4	5
11	Dina Ullistiya	5	4	3	3	4	5	4
12	Etik Novitasari	5	5	5	5	5	4	5
13	Faras Wira Andita	5	5	5	4	4	4	4
14	Fatikha Putri Lidya	5	5	5	5	5	5	5
15	Hananta Wira Putra	5	5	5	4	5	5	5
16	Hikmah Nidaul Husna	4	5	4	3	3	5	4
17	Julivan Nur Ahmad Sidiq	5	5	5	4	5	5	5
18	Kania	5	5	5	5	4	4	5
19	Krisensia Rena Devania	5	5	5	5	4	4	5
20	Laksmi Suryaning Nastiti	5	5	5	4	4	4	5
21	Mentari Ayu Satiti	5	5	5	4	4	4	5
22	Mutiara Dian Purnaningsih	5	4	4	4	3	4	4
23	Nia Saraswati	5	5	5	4	4	4	5
24	Nur Alia Shinta Dewi	5	5	4	5	5	5	5
25	Nur Irhambagda Prihatna	3	4	4	5	5	5	5
26	Richard Yulian	4	5	4	3	4	4	4
27	Rizal Setiawan	5	5	4	5	5	5	5
28	Rizaldi Arif Widiatma	5	5	5	5	5	4	5
29	Safa Annisa Novianti	5	5	4	4	5	4	3
Jumlah		140	141	133	125	123	127	135
<i>Persentase tanggapan siswa wonten ing bab panganggenipun media inggih menika 91% kanthi kategori sarujuk sanget</i>								

Saking tabel tanggapan siswa babagan panganggenipun *media* wonten ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* tanggapan siswa wonten ing bab menika ingkang pikantuk asil *persentase* 91%. Persentase ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sarujuk sanget. Saking pambiji ingkang kados makaten saged dipundudut bilih siswa remen ngginakaken *media* menika.

Tabel 24: Tanggepan siswa babagan *kemandirian*

No.	Nama Siswa	Skor wonten ing <i>pernyataan</i> kaping:				
		1	2	3	4	5
1	Agil Tri Wibowo	4	4	2	4	5
2	Amarulloh Anggoro Bkti	4	4	2	4	5
3	Andi Muhammad Al-Fayet	5	4	4	5	4
4	Anisya Arum Kumalasari	4	4	3	4	4
5	Anjanetta Nadya Pasha	5	5	3	4	3
6	Apriandi Vinjay Pradana	4	4	2	4	5
7	Arsita Devi Amsari	4	4	4	5	4
8	Bernadeta Winona Lalita R.	4	4	2	4	5
9	Bima Budi Perdana Putra	5	5	5	4	5
10	Clara Andita Dwi Putri W	5	5	3	4	3
11	Dina Ullistiya	3	4	5	4	3
12	Etik Novitasari	5	5	5	5	5
13	Faras Wira Andita	4	4	4	5	5
14	Fatikha Putri Lidya	5	5	5	5	5
15	Hananta Wira Putra	4	4	4	5	4
16	Hikmah Nidaul Husna	5	3	5	3	4
17	Julivan Nur Ahmad Sidiq	4	4	4	5	4
18	Kania	4	5	4	4	5
19	Krisensia Rena Devania	5	5	3	4	3
20	Laksmi Suryaning Nastiti	4	4	2	4	5
21	Mentari Ayu Satiti	4	4	2	4	5
22	Mutiara Dian Purnaningsih	4	4	2	4	5
23	Nia Saraswati	4	4	2	4	5
24	Nur Alia Shinta Dewi	5	4	4	5	4
25	Nur Irhambagda Prihatna	4	4	4	5	3
26	Richard Yulian	4	5	4	4	4
27	Rizal Setiawan	5	4	4	5	4
28	Rizaldi Arif Widiatma	5	5	5	5	4
29	Safa Annisa Novianti	3	3	3	4	5
Jumlah		125	123	101	126	125
<i>Persentase tanggapan siswa wonten ing bab kemandirian inggih menika 83% kanthi kategori sarujuk sanget</i>						

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* tanggapan dening para siswa. Siswa kelas X. MIA 1 wonten ing bab *kemandirian* paring biji kanthi

Saking tabel ing inggil menika, saged dipuntingali *persentase* tanggepan siswa wonten ing bab *kemandirian* ingkang pikantuk asil 86% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sarujuk sanget. Saking pambijinipun siswa ingkang kados makate, saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi menika dipuncawisaken kanthi sae, saengga saged narik kawigatosanipun siswa.

2) Data asil *evaluasi* siswa

Evaluasi ingkang dipunlajengaken dhateng para siswa gadhah ancas kangge ngukur panguwaosipun *materi* ingkang dipunrembag ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dening para siswa. Gladhen ingkang dipungarap dening siswa cacahipun kalih dasa soal kanthi wujud pilihan ingkang mapan wonten ing *menu* gladhen. Sasampunipun mangsuli pitakenan wonten ing gladhen, kanthi *otomatis* siswa saged mangertos bijinipun. Biji siswa saking mangsuli pitakenan wonten ing gladhen saged dipuntingali wonten ing tabel menika.

Tabel 26: **Biji siswa saking mangsuli gladhen**

No.	Nama Siswa	Biji
1	Agil Tri Wibowo	95
2	Amarulloh Anggoro Bekt	75
3	Andi Muhammad Al-Fayet	90
4	Anisya Arum Kumalasari	75
5	Anjanetta Nadya Pasha	95
6	Apriandi Vinjay Pradana	100
7	Arsita Devi Amsari	80
8	Bernadeta Winona Lalita R.	75
9	Bima Budi Perdana Putra	80
10	Clara Andita Dwi Putri W	95
11	Dina Ullistiya	85
12	Etik Novitasari	65

tabel salajengipun

No.	Nama Siswa	Biji
13	Faras Wira Andita	90
14	Fatikha Putri Lidya	85
15	Hananta Wira Putra	90
16	Hikmah Nidaul Husna	80
17	Julivan Nur Ahmad Sidiq	50
18	Kania	80
19	Krisensia Rena Devania	90
20	Laksmi Suryaning Nastiti	75
21	Mentari Ayu Satiti	65
22	Mutiara Dian Purnaningsih	60
23	Nia Saraswati	95
24	Nur Alia Shinta Dewi	50
25	Nur Irhambagda Prihatna	90
26	Richard Yulian	95
27	Rizal Setiawan	75
28	Rizaldi Arif Widiatma	95
29	Safa Annisa Novianti	85
Jumlah		2360

Tabel 27: *Ketuntasan Siswa nalika mangsuli gladhen*

KKM	Jumlah Siswa	Persentase
≥ 75	24	82,8%
< 75	5	17,2%

Saking tabel ketuntasan siswa nalika mangsuli gladhen ing inggil menika saged dipuntingali bilih 82,8% bijinipun siswa langkung tinimbang KKM. Saking bijinipun siswa ingkang kados makaten, saged dipundudut bilih panguwaosipun *materi* dening para siswa ngginakaken *media* menika kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Saking asil *evaluasi* ingkang kados makaten ugi saged dipundudut bilih *media* menika sae saha *layak* dipunginakaken kangge sinau basa Jawi siswa wonten ing sekolah. Kanthi ngginakaken *media* menika dipunajab siswa langkung gampil anggenipun sinau.

B. *Revisi Media Pasinaon*

Adhedhasar asil *validasi* saking *ahli media* saha *ahli materi*, pambijinipun guru basa Jawi, saha panguji ingkang winates dening para siswa, panaliti pikantuk pamrayogi kangge *revisi media* supados *media* menika layak dipunginakaken kangge sinau. Pamrayogi minangka sarana *revisi media* kados makaten.

1. Dosen *Ahli Media*

Sanesipun mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, *validator ahli media* ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* menika. Pamrayogi saking dosen *ahli media* dipunwujudaken kanthi *revisi* ingkang kados makaten.

a. Bab *Tampilan*

1) Wonten ing Kaca Irah-Irahan Perlu Dipunserat Identitas Mahasiswa



Gambar VII: Gambar kaca irah-irahan saderengipun *revisi*



Gambar VIII: Gambar kaca irah-irahan sasampunipun *revisi*

Validator ahli media paring pamrayogi bilih wonten ing kaca irah-irahan langkung sae menawi dipuntambah identitas pangaggitipun *media*. Saderengipun *revisi*, wonten ing kaca irah-irahan namung wonten nama *media*, sasaran *media*, pencetan swanten, *hyperlink* wonten ing menu, saha *hyperlink* kangge miwiti kemawon. Sasampunipun *revisi* wonten ing kaca irah-irahan dipuntambah identitas ingkang damel.

b. Bab Pemrograman

1) Wonten ing Menu Medal Dipunsukani Konfirmasi



Gambar IX: **Gambar menu medal saderengipun *revisi***



Gambar X: **Gambar menu medal sasampunipun *revisi***

Validator ahli media ngendika bilih langkung sae menawi saderengipun medal saking *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipunsukani pitakenan bilih sampun mantep menapa dereng badhe medal saking *media* menika. Saderengipun *revisi*, ing menu medal namung wonten kelir kanthi seratan

matur nuwun awit kawigatosanipun lajeng *media* menika pejah. Sasampunipun *revisi*, saderengipun mlebet kelir kanthi seratan matur nuwun awit kawigatosanipun wonten pitakenan bilih menapa panjenengan sampun leres badhe medal. Menawi dipunpilih boten, *media* pasinaon menika boten pejah. Menawi milih inggih medal kelir kanthi seratan matur nuwun awit kawigatosanipun, lajeng pejah.

2. Dosen *Ahli Materi*

Sanesipun mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, *validator ahli materi* ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* menika. Pamrayogi saking dosen *ahli materi* dipunwujudaken kanthi *revisi* ingkang kados makaten.

a. Bab Piwulangan

1) Papan Suwong Dipunisi




Gambar XIII: Gambar *media* saderengipun *revisi*




Gambar XIV: Gambar *media* sasampunipun *revisi*

Validator ahli materi paring pamrayogi bilih kelir *media* menika kathah ingkang lowong, langkung sae menawi dipunisi. Saderengipun *revisi*, wonten papan ing kelir ingkang kosong. Sasampunipun *revisi* dipunisi kaliyan gambar wayang. Gambar wayang dipunpilih kangge ngisi papan suwung amargi wayang minangka salah satunggalipun ciri khas tiyang Jawi.

2) Ancas Dipunringkes



Gambar XVII: **Gambar menu ancas saderengipun revisi**



Gambar XVIII: **Gambar menu ancas sasampunipun revisi**

Validator ahli materi paring pamrayogi bilih menu ancas langkung sae menawi dipunringkes. Saderengipun *revisi*, menu ancas dipundamel dados ukara-ukara utuh wonten ing paragraf. Sasampunipun *revisi*, ancasipun *media* dipunserat kanthi ngginakaken nomer saengga gampil anggenipun maos.

3) Dipuntambah Scroll

Validator ahli materi paring pamrayogi bilih langkung sae menawi wonten ing menu panduan saha ancas dipunsukani *scroll*. Saderengipun *revisi*, wonten ing menu panduan saha ancas *media* boten wonten *scroll*ipun saengga menawi badhe

maos ing andhapipun kedah nggeser kelir ngginakaken driji menawi ngginakaken *media* tauchscreen utawi kedah klik ping kalih lajeng dipunadhapaken menawi wonten laptop. Sasampunipun *revisi*, wonten ing menu panduan saha ancas dipunparingi *scroll* saengga menawi badhe maos ing andhapipun kanton nggeret *scroll*.



Gambar XV: Gambar menu panduan saderengipun *revisi*



Gambar XVI: Gambar menu panduan sasampunipun *revisi*

b. Bab Leresipun Isi

1) Madosi Tembung kanthi Dipunketik Langsung, Sanes *Alfabetis*

Validator ahli materi wonten ing bab laresipun isi paring pamrayogi bilih langkung sae menawi wonten ing menu kamus, caranipun madosi tembung boten namung kanthi nyerat aksara wasananipun, nanging saged dipunpadosi kanthi nyerat tembung-tembungipun kanthi utuh. Saderengipun *revisi*, caranipun madosi tembung kanthi nyerat aksara wasananipun tembung kemawon. Sasampunipun *revisi*, tembung wonten ing *media* saged dipunpadosi kanthi nyerat aksara-aksara tembung kanthi pepak.




Gambar XI: Gambar menu kamus saderengipun *revisi*



Gambar XII: Gambar menu kamus sasampunipun *revisi*

2) Menu Gladhen Dipunsukani Wekdal



Gambar XIX: Gambar menu gladhen saderengipun *revisi*



Gambar XX: Gambar menu gladhen sasampunipun *revisi*

Validator ahli materi paring pamrayogi bilih langkung sae menawi wonten ing menu gladhen dipunparingi wekdal. Saderengipun *revisi*, menu gladhen boten dipunsukani wekdal. Sasampunipun *revisi*, menu gladhen dipunparingi wekdal.

3. Guru Basa Jawi

Sanesipun mbiji *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi, guru basa Jawi ugi paring pamrayogi minangka sarana *revisi media* saha perangkat kangge mulang. Pamrayogi saking guru basa Jawi dipunwujudaken kanthi *revisi* ingkang kados makaten.

a. Bab Panganggenipun *Materi*

Guru basa Jawi Wonten ing bab panganggenipun *materi* boten paring pamrayogi kangge *revisi media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. Bab menika dipunlampahi amargi *materi* wonten ing *media* menika sampun jumbuh saha trep menawi dipunginakaken kangge sinau basa Jawi siswa kelas X semester jangkep wonten ing SMAN 1 Kasihan.

b. Bab *Tampilan*

Guru basa Jawi wontening bab *tampilan* ugi boten paring pamrayogi kangge *revisi media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. Bab menika dipunlampahi amargi *media* menika *tampilanipun* sampun sae. *Tampilan* saking *media* menika saged dipuntingali kanthi cetha saha saged narik kawigatosanipun siswa kangge sinau ngginakaken *media* menika.

c. Bab *Evaluasi/ Gladhen*

1) Pitedah wonten ing menu gladhen dipuntambah tandha pakon (!)

Guru basa Jawi wonten ing panaliten menika paring pamrayogi bilih wonten ing *menu* gladhen, pitedahipun dipunsukani tandha pakon. Saderengipun *revisi*, wonten ing pitedah anggenipun garap gladhen boten wonten tandha pakon.

Sasampunipun *revisi*, pitedah menika dipungantos ukara ingkang langkung trep saha wonten tandha penthungipun amargi ukara menika kalebet ukara pakon.




Gambar XXI: Gambar pitedah gladhen saderengipun *revisi*




Gambar XXII: Gambar pitedah gladhen sasampunipun *revisi*

2) Tembung ingkang klentu dipunleresaken



Gambar XXIII: Gambar pitakenan gladhen no. 2 saderengipun *revisi*



Gambar XXIII: Gambar pitakenan gladhen no. 2 saderengipun *revisi*

Guru basa Jawi paring pamrayogi babagan isinipun *media* inggih menika tembung ingkang klentu anggenipun nyerat kedahipun dipunleresaken. Saderengipun *revisi*, wonten tembung-tembung ingkang klentu panyeratipun. Sasampunipun *revisi*, tembung ingkang klentu sampun dipunleresaken.

C. Damel Pungkasan *Media* Pasinaon

Adhedhasar biji *validasi ahli media, ahli materi*, guru basa Jawi, saha tanggapan siswa, saged dipuntingali kualitas *media* pasinaon ingkang dipundamel. Pambijinipun Dosen *ahli media* wonten ing panaliten menika kaperang dados wolulas *aspek*. *Aspek* ingkang dipunbiji inggih menika cetha pitedahipun, cetha seratanipun, cethanipun swanten, trep pamilihipun gambar, trep pamilihipun warna, trep anggenipun mapanaken tombol, trep urutan menunipun, trep pamilihipun iringan, trep pamilihipun kelir, sae *hyperlink* ingkang dipunginakaken, gampil dipunginakaken, cetha navigasinipun, cetha keliripun, konsisten anggenipun mapanaken papan pencetan, pepak saha migunani *hyperlink* ing *media*, saha saged narik kawigatosan. Pambiji saking dosen *ahli media* dipundadosaken salah satunggalipun pathokan bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi *layak* dipunginakaken.

Pambijinipun dosen *ahli media* dipunlampahi kalih *tahap*. Biji pungkasan saking *ahli media* wonten ing panaliten menika mlebet wonten ing *kategori* sae sanget kanthi *persentase* pasarujukan 84,4%. Saking pambijinipun *validator ahli media* saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* ingkang *inofatif*, kagungan *tampilan* saha *pemrograman* ingkang sae. *Media* kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunginakaken kanthi gampil

kangge sinau, saged narik kawigatosanipun siswa, saged dipunginakaken minangka *media* pasinaon mandiri wonten ing sekolah saha *media* pasinaon mandiri wonten ing dalem.

Pambijinipun dosen *ahli materi* wonten ing panaliten menika kaperang dados sekawanwelas *aspek*. *Aspek* ingkang dipunbiji inggih menika *kualitas* anggenipun paring panyurung dhateng siswa, trep *materinipun* kaliyan standar kompetensi, trep dipunginakaken kangge sinau, trep *materinipun*, trep anggenipun ngginakaken basa, trep anggenipun ngginakaken ejaan, cekap anggenipun maringi gladhen, jumbuhipun soal kaliyan *indikator*, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, trep *materi media* kaliyan *materi* sekolah, trep pamilihipun gambar, cetha *materinipun*, anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangertos, *rumusan* soal jumbuh kaliyan *materi* ingkang dipunsinau. Pambiji saking dosen *ahli materi* dipundadosaken salah satunggalipun pathokan bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi *layak* dipunginakaken.

Pambijinipun dosen *ahli materi* dipunlampahi kalih *tahap*. Biji pungkasan saking *ahli media* wonten ing panaliten menika mlebet wonten ing *kategori* sae sanget kanthi *persentase* pasarujukan 84,3%. Saking pambijinipun *validator ahli materi* saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* ingkang trep dipunginakaken wonten ing pasinaon basa Jawi, saged narik kawigatosan siswa, saha saged nggampilaken siswa anggenipun sinau.

Pambijinipun guru basa Jawi wonten ing panaliten menika kaperang dados pitulas *aspek*. *Aspek* ingkang dipunbiji inggih menika *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu sinau basa Jawi miturut KTSP, *materi* ingkang

dipunginakaken trep kangge siswa kelas X, jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan Standar Kompetensi, Panganggenipun tembung saha ejaan sampun trep, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, cetha pitedahipun ngginakaken *media*, saged dados panjurung siswa anggenipun sinau basa Jawi, keliripun cetha, trep anggenipun milih warna, trep menunipun, trep jinisipun saha ukuran teksipun, trep anggenipun milih gambar, cepet prosesipun, cetha pitedahipun, cetha seratanipun, migunani pitedah leres utawi lepat, saha cetha pambijinipun. Pambiji saking guru basa Jawi dipundadosaken salah satunggalipun pathokan bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi *layak* dipunginakaken.

Pambijinipun guru basa Jawi wonten ing panaliten menikamlebet wonten ing *kategori* sae kanthi *persentase* pasarujukan 78,8%. Saking pambijinipun guru basa Jawi saged dipundudut bilih *media* kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* ingkang inofatif, *materi* wonten ing *media* jumbuh kaliyan Standar Kompetensi, sae *tampilan*ipun. Menu gladhen wonten ing *media* ingkang jumbuh kaliyan Standar Kompetensi minangka sarana *evaluasi* ingkang efektif.

Asil tanggepan siswa kanthi utuh inggih menika mlebet wonten ing *kategori* 87%. Siswa ketingal reman saha semangat nalika ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi. Saking *evaluasi*, 82,8% siswa bijinipun langkung tinimbang KKM ing sekolah. Bab menika ngandharaken bilih *media* pasinaon saged mbiyantu siswa nguwaosi *materi* ingkang dipunwulangaken wonten ing sekolah. Asil ingkang kados makaten jumbuh kaliyan andharanipun Padmo (2004: 423) bilih *media* pasinaon ingkang sae inggih menika *media*

ingkang jumbuh kaliyan karakteristik saha saged damel siswa nggayuh kompetensi miturut kurikulum.

Tabel 28: Asil pungkasan pambijinipun *kualitas media* pasinaon saha tanggapan siswa babagan *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi

No.	Pambiji <i>Kualitas Media</i> Pasinaon	<i>Persentase</i> Pasarujukan	<i>Kategori</i>
1.	Dosen <i>Ahli Media</i>	84,4%	Sae Sanget
2.	Dosen <i>Ahli Materi</i>	84,3%	Sae Sanget
3.	Guru Basa Jawi	78,8%	Sae
4.	Tanggapan Siswa Kelas X	87%	Sarujuk Sanget
<i>Prosentase</i> Pasarujukan		87%	Sae Sanget

Adhedhasar asil pambijinipun *kualitas media* pasinaon ingkang smpun kalampahan saged dipundudut bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* ingkang *layak* dipunginakaken kangge sinau basa Jawi.

D. Langkung Kirangipun *Media* Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi

Saben *media* pasinaon ingkang dipundamel tamtu kemawon wonten langkung kirangipun. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi ugi kagungan kalangkungan ugi kakirangan, inggih menika kados makaten.

1. Langkungipun *Media* Pasinaon Kamus buku wucalan Basa Jawi

- a. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipundamel kanthi nggatosaken karakteristik siswa. *Media* menika dipundamel kanthi njumbuhaken kaliyan kasagedan saha kawontenanipun siswa.
- b. *Tampilan media* menika saged narik kawigatosan, siswa remen sinau ngginakaken *media* menika. Bab menika saged dipunbukikaken saking biji *evaluasi* siswa.

- c. *Media* menika saged dipunginakaken minangka sarana sinau piyambak, *media* menika saged dipunginakaken piyambak wonten ing sekolah saha wonten dalem. Kalangkungan *media* ingkang kados makaten jumbuh kaliyan andharanipun Sadiman (1986:10) bilih *media* pasinaon ingkang nyaluraken pesen boten namung dipunginakaken dening guru, nanging ugi langkung prayogi saged dipunginakaken dening siswa piyambak
- d. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi kanthi wujud CD (*Compact Disk*) saged dipunginakaken wonten ing komputer ingkang boten kagungan aplikasi *flash player*.
- e. *Media* kamus buku wucalan basa Jawi ugi saged dipunginakaken wonten ing HP (*handphone*) *android* kanthi pambiyantunipun aplikasi *flash player* saha *smartSWF*.

2. Kirangipun *Media* Pasinaon Kamus Buku Wucalan Basa Jawi

- a. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi namung saged dipunginakaken wonten ing sekolah ingkang gadhah *fasilitas* komputer kemawon.
- b. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi namung saged dipunginakaken wonten ing komputer saha HP *android* kemawon saengga tiyang ingkang ngginakaken *media* menika kedah kagungan saha saged ngginakaken komputer utawi HP *android*.
- c. *Media* kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* pambiyantu tambahan wonten ing proses sinau saha mulang. *Media* menika boten saged

ngandharaken *materi* kanthi jangkep. *Media* menika namung saged mbiyantu siswa langkung gampang anggenipun sinau *materi*.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten ingkang dipunlamahi inggih menika *research and development (RnD) media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi kanthi ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. Tahap damel *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi inggih menika *tahap analisis*, *tahap* damel rantaman *media* pasinaon, *tahap* damel *media* pasinaon, *tahap validasi* saha nguji *media* pasinaon, sarta damel pungkasan *media* pasinaon.

Tahap validasi dipunlampahi dening dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi saengga *media* pasinaon menika *layak* dipunujicoba wonten ing sekolah. *Kualitas media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saking *ahli media* pikantuk *persentase* pasarujukan 84,4% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. *Kualitas media* pasinaon menika pikantuk *persentase* 84,3% saking dosen *ahli materi* ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae sanget. Guru basa Jawi wonten ing panaliten menika paring biji kanthi *persentase* 78,8% ingkang kalebet wonten ing *kategori* sae.

Sasampunipun *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi dipun*validasi*, panaliti nglampahi ujicoba ingkang winates wonten sekolah. Saking uji coba ingkang kalampahan, panaliti pikantuk biji tanggapan saking siswa kanthi *persentase* 87% ingkang mlebet wonten ing *kategori* sarujuk sanget. Cacahipun pambiji *kualitas media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi adhedhasar *validasi* dening dosen *ahli media*, *ahli materi*, guru basa Jawi, saha

panguji ingkang winates wonten ing sekolah pikantuk *persentase* 87%. *Persentase* ingkang kados makaten kalebet wonten ing *kategori* sae sanget.

Nalika nglampahi uji coba ingkang winates wonten ing sekolah, panaliti ngawontenaken *evaluasi* dhateng para siswa. *Evaluasi* ingkang dipunlajengaken gadhah ancas kangge ngukur panguwaosipun *materi* ingkang dipunrembag ngginakaken *media* kamus menika. Saking *data evaluasi* siswa, panaliti pikantuk 82,8% siswa ingkang bijinipun langkung tinimbang KKM (*Kriteria Ketuntasan Minimal*) wonten ing sekolahipun. Asil *evaluasi* ingkang kados makaten minangka pathokan bilih *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi minangka *media* pasinaon ingkang *layak* dipunginakaken kangge sinau amargi saged mbiyantu siswa anggenipun nguwaosi *materi* ingkang dipunsinau wonten ing sekolah.

B. Implikasi

Media pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi saged dipunginakaken minangka *inovasi* pasinaon siswa kelas X semester jangkep mliginipun ing SMAN 1 Kasihan kanthi wujud *media* pasinaon *interktif* ngginakaken *aplikasi Adobe Flash Professional CS5*. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika saged mbiyantu siswa anggenipun nguwaosi *materi* wonten ing pasinaon basa Jawi kanthi langkung sae. *Media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi menika minangka *media* pasinaon ingkang saged dipunginakaken piyambak-piyambak ngginakaken *media* komputer utawi HP saengga gampil anggenipun ngginakaken.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asilipun panaliten, saged dipunrantam pamrayogi kados makaten.

1. Siswa saged sinau piyambak ngginakaken *media* pasinaon kamus buku wucalan basa Jawi supados saged mindhakaken panguwaosipun *materi* ingkang dipunsinau wonten ing sekolah.
2. Guru saged ngginakaken *media* menika minangka sarana mulang basa Jawi wonten ing sekolah.
3. Perlu damel *media* pasinaon ingkang langkung *interktif* kangge sinau, mliginipun basa Jawi.
4. *Media* pasinaon menika perlu dipundamel malih kanthi cara nambah jumlah tembung-tembungipun.

KAPUSTAKAN

- Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Rajawali Press.
- Astuti, Fitriyani. 2012. *LKS: Lestari*. Yogyakarta: Asna Litera.
- Borg R. Walter saha Meredith D. Gall. 1983. *Educational Research An Introduction*. New York: Longman Inc.
- Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga. 2010. *Kurikulum Muatan Lokal Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa, Sastra, dan Budaya Jawa untuk SMA/ MA dan SMK*. Yogyakarta: Pemprov DIY.
- Fakultas Bahasa dan Seni. 2010. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Gagne, Robert M. saha Leslie J. Briggs. 1916. *Principles of Instructional Design*. New York: Holt, Rinehart and Winsaton.
- Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Yogyakarta: Diva Press.
- Lestari, Budi. 2002. *Pengembangan Kamus Multimedia Bahasa Inggris-Bahasa Indonesia untuk Anak-Anak*. Skripsi. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Teknik Elektro, Fakultas Teknik, UNY
- Madcoms. 2012. *Kupas Tuntas Adobe Flash Professional CS5*. Yogyakarta: Andi.
- Nuraeni, Nani. 2007. "Verbal & Nonverbal Comm", www.bcommunication.wordpress.com. Diunduh pada tanggal 19 Desember 2012.
- Padmo, Dewi. 2004. *Teknologi Pengajaran*. Jakarta: Pusat Teknogi Komunikasi dan Informasi Pendidikan.
- Permen diknas RI. 2005. *Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Republik Indonesia Nomor 11 Tahun 2005 tentang Buku Teks Pelajaran*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional
- Poerwadarminta, W. J. S., 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia. J. B. Wolters Uitgevers. Maatschappij.
- Sadiman, Arif. S. 1986. *Media Pendidikan: Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: Rajawali Press.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

- Tim Andromeda. 2009. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan (EYD): Disertai Uraian tentang Gaya Bahasa atau Majas*. Yogyakarta: Anromeda Publishing.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wahana Komputer. 2010. *Adobe Flash CS5 untuk Membuat Animasi Kartun*. Yogyakarta: Andi.

LAMPIRAN

Lampiran 1

1. *Kurikulum Pasinaon Basa Jawi*
2. *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)*



Kurikulum Muatan Lokal
STANDAR KOMPETENSI DAN KOMPETENSI DASAR

MATA PELAJARAN
BAHASA, SASTRA, DAN BUDAYA JAWA
UNTUK SMA/MA DAN SMK

PEMERINTAH PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
DINAS PENDIDIKAN, PEMUDA, DAN OLAHRAGA
JL. CENDANA 9 YOGYAKARTA

TAHUN 2010

BAB II

STANDAR KOMPETENSI DAN KOMPETENSI DASAR PELAJARAN BAHASA JAWA SMA/MA/ SMK

Kelas X, Semester Gasal

Menyimak

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
1.	Memahami ragam wacana lisan sastra dan non sastra dalam kerangka budaya Jawa.	1.1	Memahami dan menanggapi berita yang dibacakan atau melalui berbagai media.
		1.2	Memahami geguritan yang dibacakan atau melalui berbagai media

Berbicara

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
2.	Mengungkapkan gagasan dan pendapat dalam ragam wacana lisan non sastra dalam kerangka budaya Jawa	2.1	Menceritakan berbagai pengalaman dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai dengan keetlisnya.

Membaca

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
3.	Memahami isi wacana tulis sastra dan non sastra dalam kerangka budaya Jawa	3.1	Melakukan dan Memahami ajaran moral tentang macapat
		3.2	Memahami dan menanggapi wacana beraksara Jawa

Menulis

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
4.	Mengungkapkan gagasan dan pendapat berbagai wacana non sastra dalam kerangka budaya Jawa	4.1	Mengarang dengan tema bahasa, sastra dan budaya Jawa
		4.2	Menulis wacana beraksara Jawa

Kelas X, Semester Genap

Menyimak

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
5.	Memahami berbagai wacana lisan sastra dan seni, dalam kerangka budaya Jawa dari berbagai media	5.1	Memahami dan menanggapi seni pertunjukan tradisional Jawa dari berbagai media.

Berbicara

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
6.	Mengungkapkan gagasan dan tanggapan berbagai wacana lisan sastra dan seni dalam kerangka budaya Jawa	6.1	Menceritakan dan Menanggapi seni pertunjukan tradisional Jawa dari berbagai media.

Memhaca

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
7.	Menganalisis berbagai wacana sastra dan seni dalam kerangka budaya Jawa	7.1	Melakukan dan menganalisis struktur tembang macapat
		7.2.	Memahami ajaran anand cerita wayang
		7.3	Membaca geguritan

Mengulis

Standar Kompetensi		Kompetensi Dasar	
8.	Mengungkapkan gagasan dan pendapat berbagai ragam wacana non sastra dan sastra, dalam kerangka budaya Jawa	8.1	Mengarang wacana dengan aksara Jawa.
		8.2	Mencipta geguritan

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Nama Sekolah : SMA N 1 Kasihan
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas : X
 Semester : Genap
 Alokasi Waktu : 2 x 45 menit
 Standar Kompetensi : Membaca
 7. Mampu menganalisis berbagai wacana sastra dan seni dalam kerangka budaya Jawa.
 Kompetensi Dasar : 7.2 Memahami ajaran moral cerita wayang.
 Indikator :
 1. mengartikan makna kata-kata sulit,
 2. menceritakan isi teks bacaan, dan
 3. menguraikan nilai budi pekerti yang terdapat dalam teks bacaan.

A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa dapat :

1. mengartikan kata-kata sukar dalam berita dengan benar,
2. menceritakan isi teks dengan baik, dan
3. menguraikan nilai budi pekerti yang terdapat dalam teks bacaan dengan benar.

B. Karakter Pendidikan

Apresiasi, analisis, cermat dan tanggung jawab.

C. Materi pembelajaran

Wacana

Sang Hyang Narada

Sang Hyang Narada karo Batara Guru iku kadang tunggal rama-ibu, nanging luwih tuwa Sang Hyang Narada, mula Bathara Guru nyebut "Bathara Narada". Sang Hyang Kaneka Putra iku mumpuni ing guna kasantikan sarta jaya kawijayan, sengsem mratapa ing samodra. Amarga genturing tapa bratane, tejane sumunar katon saka jroning Salaka, kawuninga dening Sang Hyang Jagadnata banjur dhawuh marang para Dewa, niti priksa samodra barang apa kang mawa teja kawistara saka jroning Salaka. Satekane ing samodra, para Dewa priksa ana maharsi mbeneri lagi manungku puja samadi. Para Dewa banjur ngaturi priksa marang Sang Hyang Jagadnata yen ana maharsi mrata ing samodra.

Para Dewa kadhawuhan nimbali maharsi kang lagi martapa ing samodra lan diparingi purba wasesa, yen puguh diroda paksa yen kena dirampungi. Sang Hyang Narada nalika semana lagi samadi nutupi babahan hawa sanga datan keguh dening ature para Dewa. Para Dewa banjur ngruda peksa njunjung Sang Hyang Narada nedya binoyong marang ngarsane Sang Hyang Jagadnata, nanging padha ora kuwat ngangkat. Satemah para Dewa ngrubut nganggo gegaman maneka warna, nanging kang tapa ora keguh tetep ayem jenjem neruske tapane. Sawuse padha kesel banjur para Dewa bali menyang Jonggring Salaka sowan Sang Hyang Jagadnata. Sawuse midhangetake ature para Dewa, nuli Sang Hyang Jagadnata tedhak piyambak ing samodra kanthi nawung duka.

“Heh... Maharsi tapa! Apa kang dadi gegayuhanira, dene sira kepati tapa brata? Apa sira kepingin mumpuni ing sawernaning guna kasantikan lan kawicaksanan ngungkuli para Dewa kabeh?” Mangkono ngendikane Sang Hyang Jagadnata. Amarga sing lagi tapa isih meneng wae tanpa mangsuli sakecap, sang Hyang Jagadnata banjur ngendika maneh:

“Heh... Maharsi tapa wruhanira! Nadyan sira ora mblakekake sedyamu, ing sun ora samara marang gegayuhanira, sira iku banget adhigung kumalangkung darbe cipta kepengih pinangeran ing jagad. Sedyanira mangkono iku tangeh lamun bisaa kasembadan, amarga ya ing sun iki kang binathara ing jagad tanpa sisihan. Nadyan sira martapa nganti 1000 warsa, ing sun tanpa mratapa sedina, tangeh lamun sira bisa madhani ing sun, jer ing sun iki wis pinasthi kudu mbawani bawana. Sira kalah tuwa tinimbang ing sun, bumi langit sarta cahya kang nglimputi bawana. Wondene kang tuwa dhewe ora liya mung anane Sang Hyang Wisesa.

Saparipurnaning ngendikane Sang Hyang Jagadnata, Sang Tapa nuli mudhar tapa, mak gregah banjur gumuyu latah:

“Wruhanira! Ingsun iki peparab Sang Hyang Narada, iya Sang Hyang Kaneka Putra. Sadurunge sira ngendika, ing sun wis sumurup menawa sira iku Sang Hyang Jagadnata kang mbawani bawana lan pinangeran ing Jagad, ratuning para Dewa kabeh. Nanging yen kawruhanira mung kaya kang sira kandhakake mau, durung kena ingaranan entuk ing kawruh bab kasampurnaning urip lan durung waspadha marang jatining tunggal amarga anane Hyang Wisesa sira anggep kang sepuh dhewe. Mangka nalika anane Hyang Wisesa wus miyarsa swara kadi gentha kekeleng dumeling. Mulane, kasinungan prangrungi iku dadi tandha yekti yen wis ana kang amengku. Lha kang

amengku iku sapa? Lan maneh nalika isih awang uwung bumi langit durung ana, sapa kang ana dhingin, sapa kang nganakake? Yen sira durung sumurup iku ateges durung putus ing budi.”

Bareng midhanget pangandikane Sang Hyang Narada kang mangkono iku, Sang Hyang Jagadnata getun banget penggalihe amarga banjur rumangsa durung putus kawruhe. Lan wasanan kanthi basa mardumardawa ngendika:

“Kakang Kanekaputra! Samangku kula rumaos dereng putus ing kawruh. Pramila kakang tetepa dados sesepuh, asunga seserepan dhateng kula. Kakang kersaa minggah dhateng kahyangan kula pasrahi wewenang ngereh para Dewa lan para ratu.”

Bareng midhanget ngendikane Sang Hyang Jagadnata mangkono, Sang Hyang Narada banjur matur kanthi patrap susila anor raga:

“Dhuh Sang Hyang Jagadnata, sakalangkung atur panuwun saha pamudhi kawula dhateng sedaya dhawuh pangandika Paduka. Pun kakang sendika nindakaken dhawuh timbalan Paduka, boten pisan-pisan ing karsa suwala.”

Sawise iku Sang Hyang Narada banjur ndherekake Sang Hyang Jagadnata kondur menyang Jonggring Salaka. Sajroning mandhegani Sang Hyang Narada tansah ngagem gegebengan yaiku aweh patuladhan sing becik, ora mung dhawuh nanging uga kersa bebarengan nambut karya lan aweh panjurung panyengkuyung marang sing padha dierehake marih padha gumregah ngayahi pakaryan kang dadi kuwajibane.

(Sempulur No. 07, II, 2003 dening Ki Brewok Lumerjati)

D. Metode Pembelajaran

1. Metode unjuk kerja yaitu ketika siswa mengerjakan soal
2. Metode diskusi yaitu ketika membahas hasil mengerjakan soal

E. Langkah-langkah Pembelajaran

I. Kegiatan tatap muka pertemuan pertama

Tahap Pembelajaran	Bentuk Kegiatan (Operasional)	Alokasi Waktu
Kegiatan awal	1. Guru memulai pelajaran dengan berdoa 2. Guru menanyakan kehadiran siswa (presensi)	5 menit
Kegiatan inti	Eksplorasi - Guru meminta salah satu siswa membacakan wacana	35 menit

tabel lanjutan

Tahap Pembelajaran	Bentuk Kegiatan (Operasional)	Alokasi Waktu
	Elaborasi 1. Siswa diberi kesempatan untuk bertanya tentang kata-kata yang sukar dalam wacana 2. Secara individu, siswa mengerjakan soal pilihan ganda yang ada Konfirmasi - Guru bersama dengan siswa membahas jawaban soal yang telah dikerjakan	
Kegiatan akhir	1. Guru menyampaikan tugas kepada siswa 2. Guru menutup kegiatan pembelajaran dengan berdoa	5 menit

II. Kegiatan tatap muka pertemuan kedua

Tahap Pembelajaran	Bentuk Kegiatan (Operasional)	Alokasi Waktu
Kegiatan awal	1. Guru memulai pelajaran dengan berdoa. 2. Guru menanyakan kehadiran siswa (presensi).	5 menit
Kegiatan inti	Eksplorasi Guru meminta siswa menjelaskan kembali materi minggu sebelumnya. Elaborasi 1. Siswa diberi kesempatan untuk bertanya tentang hal-hal yang belum dipahami sesuai dengan materi yang dipelajari. 2. Siswa mengerjakan soal pilihan ganda secara individu. Konfirmasi Guru bersama dengan siswa membahas jawaban soal yang telah dikerjakan.	35 menit
Kegiatan akhir	Guru menutup kegiatan pembelajaran dengan berdoa.	5 menit

F. Alat, Media, dan Sumber Belajar

1. Alat : kamus basa Jawi dan LKS.
2. Media : komputer (lab.komputer), media presentasi (LCD dan proyektor).
3. Sumber belajar:
 - Astuti, Fitriyani. 2012. *Lestari*. Bantul: ASNA Litera

G. Penilaian

1. Teknik penilaian : tes tertulis
2. Bentuk : pilihan ganda
3. Instrumen :

Gladhen soal pilihan

1. Sang Hyang Narada karo Bathara Guru iku **kadang** tunggal rama-ibu. Tembung kadang wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
 - a. kanca c. duwe e. batir
 - b. sedulur d. padha
2. Sang Hyang Kaneka Putra iku **mumpuni** ing guna kasantikan sarta jaya kawijayan. Tembung mumpuni wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
 - a. duwe ilmu kang akeh c. duwe karep e. ora entek-entek
 - b. sregep d. ora kesed
3. **Tejane** sumunar katon saka jroning Salaka. Tembung teja wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
 - a. cahya c. sumber e. raga
 - b. awake d. nutupi
4. Para Dewa priksa ana **maharsi** mbeneri lagi manengku puja samadi. Tembung maharsi wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
 - a. manungsa c. golongan Dewa e. raja
 - b. ksatiya d. pandhita
5. Para Dewa kadhawuhan **nimbali** maharsi kang lagi martapa ing samodra lan dipunparingi purba wasesa. Tembung nimbali wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...

- a. meksa c. marani e. nyeret
b. ngakon d. nyeluk
6. Para Dewa kadhawuhan nimbali maharsi kang lagi martapa ing samodra lan diparingi purba wasesa, yen **puguh** diroda paksa yen kena dirampungi. Tembung puguh wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
- a. nyembadani c. ora nurut e. nganyeli
b. gelem d. obah
7. Sang Hyang Narada nalika semana lagi samadi nutupi **babahan** hawa sanga datan keguh dening ature para Dewa. Tembung babahan wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
- a. klambi c. bolongan e. jiwa
b. sirah d. awak
8. Para Dewa banjur **ngruda peksa** njunjung Sang Hyang Narada nedya binoyong marang ngarsane Sang Hyang Jagadnata. Tembung ngruda peksa wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
- a. ngajak c. meksa e. ngejurke wae
b. nggulingake d. ngakon
9. Sang Hyang Narada nedya binoyong marang **ngarsane** Sang Hyang Jagadnata. Tembung ngarsane wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...
- a. ngarepe c. sedulure e. panggonane
b. omahe d. tamune
10. **Nuli** Sang Hyang Jagadnata tedhak piyambak ing samodra kanthi nawung duka. Tembung nuli wonten ing ukara menika sami tegesipun kaliyan ...

- a. banjur c. gawe e. karepe
b. mulane d. nesu

11. *Sang Hyang Kaneka Putra iku mumpuni ing guna kasantikan sarta jaya kawijayan, sengsem mratapa ing samodra. Saking ukara menika saged dipundudut bilih Sang Hyang Kaneka Putra sekti mandraguna amargi ...*

- a. wus gawan c. nurut e. seneng tapa
b. pinter d. sinau terus

12. *Amarga genturing tapa bratane, tejane sumunar katon saka jroning Salaka. Tejanipun Sang Hyang Narada katon saking jroning Salaka amargi ...*

- a. tapa brata c. duwe kasantikan e. narik
kawigatosan
b. sekti mandraguna d. mepeng anggenipun nglampahi tapa

13. *Nadyan sira martapa nganti 1000 warsa, ingsun tanpa mratapa sedina, tangeh lamun sira bisa madhani ingsun. Saking ukara menika saged dipundudut bilih ...*

- a. pandita bisa ngungkuli Sang Hyang Jagadnata
b. pandita ora bisa ngungkuli Sang Hyang Jagadnata
c. kabeh uwong bisa dadi sekti
d. pandita luwih unggul mbangane Sang Hyang Jagadnata
e. Sang Hyang Jagadnata paling tuwa

14. *Nalika anane Hyang Wisesa wus miyarsa swara kadi gentha kekeleng dumeling. Saking ukara menika saged dipundudut bilih ...*

- a. swara kadi gentha kekeleng wus ana kawit biyen
b. swara kadi gentha kekeleng iku apik
c. swara kadi gentha kekeleng digawe Hyang Wisesa

- d. Hyang Wisesa paling tuwa
e. Sang Hyang Jagadnata paling tuwa
15. Sang Hyang Jagadnata getun banget penggalihe amarga banjur rumangsa durung putus kawruhe. Saking ukara menika saged dipundudut bilih Sang Hyang Jagadnata ...
- a. pinter dhewe c. kudu sinau e. rumangsa elmune kurang
b. ora ana tadhinge d. kudu diormati
16. Sawise iku Sang Hyang Narada banjur ndherekake Sang Hyang Jagadnata kondur menyang Jonggring Salaka. Saking ukara menika saged dipundudut bilih ...
- a. Sang Hyang Narada ngganteni Sang Hyang Jagadnata
b. Sang Hyang Jagadnata melu tapa
c. Sang Hyang Narada ngeterke Sang Hyang Jagadnata bali
d. Sang Hyang Narada dadi ratu
e. Sang Hyang Jagadnata pindhah ing Jonggring Salaka
17. Sang Hyang Narada tansah ngagem gegebengan. Saking ukara menika Sang Hyang Narada ...
- a. nganggo prinsip c. gegojekan e. nyindir
b. ngendikan d. paring wejangan
18. Sang Hyang Kaneka Putra iku mumpuni ing guna kasantikan sarta jaya kawijayan, sengsem mratapa ing samodra. Nilai budi pakarti saking ukara menika menawi dipunjumbuhaken kangge siswa inggih menika ...
- a. mratapa ing samodra gawe pinter
b. dadi siswa kudu mumpuni ing guna kasantikan
c. siswa kang pinter iku nyengsemake

d. yen pingin pinter aja sregep sinau

e. yen pingin pinter kudu sregep sinau

19. Nadyan sira martapa nganti 1000 warsa, ingsun tanpa mratapa sedina, tangen lamun sira bisa madhani ingsun. Sipat ingkang boten pikantuk dipundadosaken tuladha wonten ing ukara menika yaiku ...

a. sombong c. prihatin e. galak

b. seneng tapa d. kesed

20. Menawa dadi pemimpin aja mung dhawuh nanging uga kersa bebarengan nambut karya lan aweh panjurung panyengkuyung marang sing padha dierehake. Patuladhan kang becik saking ukara menika yaiku ...

a. pemimpin oleh akan

d. pemimpin kudu legawa

b. pemimpin oleh ngatur

e. pemimpin kudu sareh

c. pemimpin iku kudu nuladhani

4. Kunci jawaban dan penskoran :

Penilaian Aspek Kognitif

Gladhen soal pilihan

No.	Jawaban	Skor
1.	b. <i>sedulur</i>	1
2.	a. <i>duwe elmu kang akeh</i>	1
3.	a. <i>cahya</i>	1
4.	d. <i>pandhita</i>	1
5.	d. <i>nyeluk</i>	1
6.	c. <i>ora nurut</i>	1
7.	c. <i>bolongan</i>	1
8.	c. <i>meksa</i>	1
9.	a. <i>ngarepe</i>	1
10.	a. <i>banjur</i>	1
total 1		10

No.	Jawaban	Skor
11.	c. <i>midhun</i>	1
12.	d. <i>duwe</i>	1
13.	b. <i>kowe</i>	1
14.	a. <i>aku</i>	1
15.	a. <i>rampung</i>	1
16.	c. <i>jenenge</i>	1
17.	d. <i>weruh</i>	1
18.	a. <i>krungu</i>	1
19.	a. <i>nyata</i>	1
20.	c. <i>bali</i>	1
total 2		10

Total skor keseluruhan: total 1+ total 2= 20

Kriteria penskoran : - menjawab dengan benar = 1
- menjawab dengan salah = 0

$$\text{Nilai maksimal} = \frac{\text{jumlah skor maksimal}}{2} \times 10$$

Penilaian Aspek Afektif

No.	Pertanyaan	Skor
1.	Kehadiran - hadir = 4 - tidak hadir = 0	4
2.	Kesiapan menerima pelajaran - siap = 4 - cukup siap = 2 - tidak siap = 1	4
3.	Keaktifan bertanya maupun menjawab - aktif bertanya dan menjawab = 4 - cukup aktif bertanya dan menjawab = 3 - kurang aktif bertanya dan menjawab = 2 - tidak bertanya dan menjawab = 1	4
4.	Kedisiplinan - disiplin = 4 - cukup disiplin = 3 - kurang disiplin = 2 - tidak disiplin = 1	4
5.	Etika/ sopan santun - sopan = 4 - cukup sopan = 3 - kurang sopan = 2 - tidak sopan = 0	4
Jumlah skor maksimal		20

Kriteria penilaian :

- 16-20 poin = AB

- 10-15 poin = B
- 6-10 poin = C
- < 6 poin = K

Penilaian Aspek Psikomotorik

No.	Pertanyaan	Skor
1.	Persiapan KBM - siap = 4 - cukup siap = 3 - kurang siap = 2 - tidak siap = 1	4
2.	Pelaksanaan KBM - bertanggungjawab = 4 - cukup bertanggungjawab = 3 - kurang bertanggungjawab = 2 - tidak bertanggungjawab = 1	4
3.	Kemampuan menggunakan unggah-ungguh - baik = 4 - cukup baik = 3 - kurang baik = 2 - tidak baik = 1	4
4.	Keaktifan dalam KBM - aktif = 4 - cukup aktif = 3 - kurang aktif = 2 - tidak aktif = 1	4
5.	Cara menanggapi pertanyaan - baik = 4 - cukup baik = 3 - kurang baik = 2 - tidak baik = 1	4
Jumlah skor maksimal		20

Kriteria penilaian :

- 16-20 poin = AB
- 10-15 poin = B
- 6-10 poin = C
- < 6 poin = K

Mengetahui,
Guru Pembimbing



Fitriyani Astuti, S.Pd.
NIP 19830622 200903 2 010

Yogyakarta, 20 Agustus 2013

Mahasiswa




Dewi Pangestu Said
NIM 09205241008

Lampiran 2

1. *Flowchart Media Pasinaon*
2. *Naskah Media Pasinaon*
3. Isi kamus
4. Cara Ngginakaken *Media Pasinaon*
5. *Tampilan Media Pasinaon Kamus Buku Pelajaran Basa Jawi*

Flowchart Media Pasinaon




Naskah Media

Isi	Bentuk
Pambuka: • Kamus Buku Pelajaran Basa Jawi • Kangge siswa kelas X Semester Jangkep SMAN 1 Kasihan • wiwit	
Pilihan menu: • <i>panduan</i> • <i>ancas</i> • <i>kamus</i> • <i>gladhen</i> • <i>kapustakan</i> • <i>medal</i>	
Wonten ing menu panduan wonten menu sanesipun: • Panganggenipun <i>Media</i> • Katrangan Isi <i>Media</i>	
Menu panduan, panganggenipun media: Media pasinaon kamus pelajar basa Jawi saged dipunginakaken kanthi cara kados makaten. 1. <i>Tampilan media</i> pasinaon dipunwaos kanthi permati. 2. Wonten ing <i>layar</i>, sampun dipuncawisaken	


tabel salajengipun

Isi	Bentuk												
<i>menu</i> ingkang saged dipunpilih kanthi cara dipunpencet. 3. Panganggenipun kamus <i>pelajar</i> basa Jawi wonten ing <i>menu</i> kamus, saged dipunlampahi kanthi cara nyerat tembung ingkang dipunkersakaken wonten ing papan ingkang sampun dipuncawisaken, lajeng <i>klik tombol</i> padosi. 4. Menawi sampun milih <i>menu</i> ingkang dipunkarepaken, panjenengan saged balik malih wonten ing kaca utami, kaca saderengipun, utawi wonten ing kaca salajengipun (menawi wonten) ngginakaken <i>hyperlink</i> ingkang sampun dipuncawisaken, kados makaten.  = balik wonten kaca saderengipun  = balik wonten kaca utami													
Menu Panduan, Katrangan Isi Media: Kamus pelajar basa Jawi menika dipunjangkepi kaliyan cekakan saha cara anggenipun maos supados boten klentu menawi badhe madosi tegesipun tembung. 1. Sorogan cekakan <table border="0"> <tr> <td>(A) Arab</td><td>k. krama</td></tr> <tr> <td>(M) mlayu</td><td>ki. krama inggil</td></tr> <tr> <td>(S) Sansekerta</td><td>kn. krama-ngoko</td></tr> <tr> <td>(W) Wlanda (Beland)</td><td>kw. kawi</td></tr> <tr> <td>ak. arang kanggone</td><td>n. ngoko</td></tr> <tr> <td>engg. enggon-enggonan</td><td>ptj. pancelathon</td></tr> </table> 2. Tetenger a. tandha (<...>) Tandha <...> dipunginakaken kangge nyerat aksara a, i, u, e supados anggenipun madosi tembung boten klentu. Panganggenipun tandha menika tuladhanipun kadosta menawi badhe nyerat tembung jejer saged dipunserat <jèjèr> ‘cerak’ saha <jêjêr> ‘wiwit pagelaran’. b. tandha titik koma (;) tandha menika dipunginakaken kangge misahaken tegesipun tembung ingkang langkung saking setunggal, kadosta	(A) Arab	k. krama	(M) mlayu	ki. krama inggil	(S) Sansekerta	kn. krama-ngoko	(W) Wlanda (Beland)	kw. kawi	ak. arang kanggone	n. ngoko	engg. enggon-enggonan	ptj. pancelathon	
(A) Arab	k. krama												
(M) mlayu	ki. krama inggil												
(S) Sansekerta	kn. krama-ngoko												
(W) Wlanda (Beland)	kw. kawi												
ak. arang kanggone	n. ngoko												
engg. enggon-enggonan	ptj. pancelathon												

tabel salajengipun

Isi	Bentuk
tembung sekar gadhah pangertosan kembang saha tembang.	
Ancasipun: <i>Media</i> pasinaon kamus <i>pelajar</i> basa Jawi dipundamel kanthi ancas supados siswa remen sinau tembung-tembung Jawi saengga siswa langkung nguwaosi tembung-tembung Jawi. Panguwaosipun tembung-tembung Jawi dening para siswa dipunajib saged nyengkuyung sinau siswa mliginipun wonten ing standar kompetensi maos kangge siswa kelas X wonten ing semester jangkep, tahun akademik 2012/ 2013. Kanthi ngginakaken <i>media</i> menika dipunajib siswa langkung gampil anggenipun mangertos isinipun seratan ing pasinaon saengga materi saged dipuntampi kanthi sae.	
Isinipun Kamus: *wonten ing lampiran	
Gladhen: - Wangsulana pitakenan ing gladhen menika kanthi cara mencet wangsulanipun! - Wiwit Isinipun Gladhen: *wonten ing lampiran Biji: - cacahipun soal : 10 - wangsulan leres :	

tabel salajengipun

Isi	Bentuk
wangsulan lepat : • panjenengan pikantuk biji • dipunambali	
Kapustakan: Astuti, fitriyani. 2012. <i>Lestari: LKS Basa Jawi kangge SMA/MA Kelas X Semester Genep</i>. Bantul: Asna Litera Mulyono, Slamet. 2008. <i>Kamus Pepak Basa Jawa</i>. Jakarta: PT. Buku Kita. Poerwadarminta, W. J. S., 1939. <i>Baoesastra Djawa</i>. Batavia. J. B. Wolters Uitgevers. Maatschappij. Sudarmanto. 2011. <i>Kamus Lengkap Bahasa</i>	

tabel salajengipun

<i>Jawa (Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa).</i> Semarang: Widya Karya.	
Konfirmasi Medal: Menapa sampun mantep badhe medal saking media pasinaon kamus buku pelajaran menika? • inggih • boten Medal: Matur nuwun awit kawigatosanipun	Menapa sampun mantep badhe medal saking media pasinaon kamus buku pelajaran basa Jawa? Inggih boten MATUR NUWUN Awit Kawigatosanipun

Isi Kamus

aba	: kn. nyuwara, mrentah
abab	: (A) kn. hawa saka lambe; diababi: didamu
abad	: kn. jaman kang suwene satus taun
abah-abah	: kn. piranti, prabot
abahan	: kn. prabot sarta bebakaling omah
adani	: kn. diwiwiti, dianyaki
adhedhasar	: <adhêdhasar> (tl. dhasar) kn. kanthi dhasar, kanthi pathokan
adhi	: kn. sedulur kang luwih enom
adi	: kw. linuwih, becik
adibusana	: <adibusânâ> kw. klambi sing apik (bener)
adicara	: <adicârâ> engg.kn. acara
adigang	: kn.ak. ngendelke kakuwatane
adiguna	: <adigunâ> kn.ak. ngendelke kapinterane
adigung	: kn.ak. ngendelke kaluhurane
adil	: (A) kn. ora pilih asih
adipati	: (S) kw.ratu
aditya	: <adityâ> (S) kw. srengenge
ageman	: <agêman> k. klambi, kang diagem, kang dinggo
ageng	: <agêng> k. 1.gedhe,ora cilik; 2.akeh bayune
agni	: kw. geni
agul-agul	: kw. gegedhong, andel-andel, sing diandelke
agung	: kw. gedhe
ajeg	: <ajêg> kn. tetap; gaweyane, ora tau ganti
ajer	: <ajêr> kn. leleh, luluh dadi cuwer (merga dipanasi)
aji	: 1.kn. dedongan kanggo ngetokake kaluwihan; 2.n. rega; 3.kw. ratu; 4.(A)engg.kn. kaji
ajur	: kn. rusak banget, ancur, remuk
aking	: kn. garing
aksara	: <aksârâ> (S)kn. tulisan kang nggambarake swara
aldaka	: <aldâkâ> (S) kw. gunung
alih	: n. ganti panggonan
alit	: k. cilik
alus	: kn. 1 ora kasar; 2 rata; 3 ora ketok
amarga	: <amargâ> n. sebab, jalaran, awit
amargi	: k. sebab, jalaran, awit
ambal warsa	: <ambal warsâ> kn. ulang tahun
ambal	: kn. 1. pancadan utawa undhak-undhakan munggah kapal; 2. ping, kaping; 3. bola-bali
ambeg	: <ambêg> kn. duweni sipat
ambu	: n. mambu, apa kang dirasakke saka irung
amis	: kn. ambu kaya dene ambune iwak loh
among	: 1.kw. momong; 2.kw. nunggu; 3.engg. bancakan
amrih	: kw. supaya

amuk	: engg. 1. ditempuh ora nggagas apa-apa; 2. ngamuk-ngamuk; 3. aluwung
andhap	: k. cendhek, ora dhuwur, ngisor
andhapan	: k. celeng, babi ing alas
andhap-asor	: kn. trep anggone ngajeni awake dhewe (ora gemedhe)
andhar	: kn. panjlentrehan babagan tetamtu
anggep	: (anggêp) kn. duwe gagasan, direngkuh kaya, dikanggokake, diajeni
anggit	: kn. gagasan, tulisan
anggitan	: n. tulisan, karangan
anggunge	: <anggungé> munine perkutut
angkara	: <angkârâ> kw. murka, kudu nduweni
anom	: n. enom, durung tuwa
anor raga	: <anor raga> kw. andhap asor, trep anggone ngajeni awake dhewe, ora gemedhe, ora rumangsa apik dhewe
antawis	: k. 1. let, sela-sela ing barang loro; 2. kira-kira
anteng	: <antêng> kn. ora kakèhan polah
antep	: <antêp> kn. setya tuhu, tetep ngegemi panemune
antu	: kw. 1.memedi; 2.mati; 3.tunggu
antuk	: kn. oleh
aos	: kn. mentes, akeh isine
apadene	: <âpâdéné> engg. apa meneh
apunten	: <apuntên> k. ngapunten, njaluk ngapura
apus	: kn. ngapusi, ora ngomong kang nyata, goroh
aran	: n. jeneng, asma, barang kang ana wujud
arsa	: <arsâ> kw. kersa, ngarep
arta	: <artâ> k. dhuwit
asma	: <asmâ> ki. jeneng
asrep	: <asrêp> k. adem
asring	: <asring> k. sering, bola-bali
asta	: <astâ> ki. tangan
asung	: kw. menehi, weweh
atos	: kn. ora empuk, nyerikake
atur	: kn. apa kang dikandhakake
awak	: kn. badan
awang uwung	: awang-awang
aweh	: <awèh> n. 1.oleh dipek; 2.menehi
awet	: <awèt> ora ndang entek
awis	: k. 1. arang; 2.larang
awit	: kn. 1.wiwit; 2.jalaran, disebabake
awrat	: k. angel, abot
ayun	: kw. ngarep
babad	: kn. 1. crita kang wis kelakon; 2. ditegori
babag	: kn. tanding
babagan	: kn. bab utawa perkawis, ngengingi salah sawijining perkara

babahan hawa sanga	: <babahan hâwâ sângâ> kn. colongan cacah sanga ing raganing manungsa
babahan	: kn. bolong
babar	: kn. dadi akeh
babas	: engg.kn. ngerti-ngerti terus
bablas	: kn. 1.ilang saka pandelengan; 2.wis adoh; 3.maju terus;
babo	: kn. wani
babon	: kn. pitik wedok
badheg	: <badhêg> n. mambu kang ora enak, wis bosok
bagas	: kn. ora lara
bajra	: <bajrâ> (S)kw. 1. inten; 2. tombak kang pathile lima; 3. bledheg
bakal	: n. 1.apa kanga rep dingo; 2.calon; 3.pacangan; 4.isih anyaran, durung dadi; 5.rajangan godhong awar-awar; 6. arep
bakuh	: kn. 1.ora gampang rusak; 2.pengkuh atine
bala	: <bâlâ> 1.(S)kw. karosan, kakuwatan; 2.kn. prajurit kang melu perang; 3.wuku kang kaping selawe
balung sungsum	: n. kekarepané kendho kenceng
balung	: kn. rangkaning kewan
bancakan	: engg.kn. slametan kanthi cara bagi-bagi sega kuning
bandha	: <bândhâ> kn. 1.kasugihan; 2.pawitan; 3.barang-barang kanggo gawe omah
bangga	: <bânggâ> kn. ora nurut, angel, nglawan
banjur	: n. bubar kuwi, terus bar kuwi
bapa	: <bâpâ> kn. wong tuwa lanang
barat	: engg.kn. angin kang banter
bareng	: <barêng> engg. kn. nglakoni tumindak ana ing wektu kang padha
barep	: <barêp> ptj. wiwitan, anak kang dilairke dhisik dhewe, anak kaping pisan
bathang	: kn. bangke
bathuk	: kn. peranganing endhas kang ngarep
batin	: n. kang ora bisa disawang mata
batos	: k. batin, kang ana ing ati
batur	: kn. 1.pendhapa kang luwih dhuwur tinimbang lemah sarta kang digawe bata lan dilepa; 2.bata lepan sangganing gedheg; 3.wong kang melu wong liya
baut	: kn. pinter
bawa	: <bâwâ> (S)kw. 1.kaanan, sipat; 2.uni, swara
bawana	: <bawânâ> (S)kw. 1.omah, panggonan; 2.jagad
bebrayan	: <bêbrayan> bebarengan
bebrayan	: <bêbrayan> bebarengan
becik	: <bêcik> n. apik, ora ana cacate
beda	: <bédâ> kn. 1.digawe mangkel; 2.ana kacekke; 3.ora padha
bedhah	: <bêdhah> kn. 1.jebol; 2.dikalahake musuh
begal	: <bégal> kn. preman
beksa	: <bêksâ> ki. njoged
bekta	: <bêktâ> k. gawa

bekti	: <bêkti> kn. 1.pakurmatan; 2.paweweh marang wong kang pangkate luwih dhuwur; 3.sungkem banget
bener	: <bênêr> n. 1.trep; 2.ora salah, ora kleru; 3.ora menceng; 4.tenanan; 5.mula pancen nyata
bengkah	: <bêngkah> kn. sigar mbegah
bengkas	: <bêngkas> kw. rampung, sirna, ilang
bersih desa	: <bêrsih désâ> slametan sabubaré panèn
besut	: <bêsut> kn. dielus lan dilemesake nganggo lading; 2.disletika; 3.diowahi lan digawe luwih apik
beya	: <béyâ> engg.kn.ak. ragad
bibar	: k. 1.bubar; 2.sauwise kuwi
bibrah	: k. bubrah, rusak sarta padha copot, rusak, ana perangan kang ucul
bidhal	: k. mangkat
bini	: engg. bojo, garwa
binoyong	: (tl. boyong) kn. diboyong, dipindhah ana ing panggonan liya
binudaya	: <binudâya> kn. diusahakake
biyantu	: engg.kn. gelem nulung, ngewangi, mbantu
blaka	: <blâkâ> kn. kandha kang sabenere
blantik	: kn. tukang adol utawa ngedolke kewan
blebekan	: <blèbèkan> kn. 1.tipis, lelembaran; 2.mili ngiwa nengen
blencong	: <bléncong> kn. lampu kanggo madhang wayang
blenjani	: <blénjani> kn. ora nglakoni janjine, ngingkari, ora nepati
blereng	: <blêrêng> ora kena ndelok kanthi cetha
borong	: kn. dituku kabeh
boyong	: kn. digawa lunga menyang panggonan liya
brasta	: <brastâ> (S) kw. 1.prasetya; 2.tapa, pasa
brata	: <brâtâ> (S)kw. 1.prasetya; 2.tapa, pasa
brayat	: kn. sanak sedulur ing omah
brengengeng	: <brêngêngêng> kn. nywara kaya brengenge tawon, nangis terus
bubar	: 1.wis rampung; 2.padha pepisahan; 3. sawise
bubrah	: n. rusak sarta padha copot
bucal	: k. buwang, dioncalake amarga wis ora kanggo
budhal	: n. mangkat
budheg	: <budhêg> kn. ora iso ngrungokke
bumbung	: kn. tugelane pring saeros utawa luwih
bungah	: n. seneng
cacah	: kn. 1.wilangan, kehing samubarang; 2.wong tani kang wenang melu ndarbeni sarta garap sawah
cagak	: kn. kayu utawa pring dingo nyangga
cahya	: <cahyâ> (S)kn. 1.warnaning sorot; 2.kamulyan
cak	: kn. carané nggarap, garapan
cakepan	: <cakêpan> kn. cakupan
caket	: <cakêt> kn. cerak
cakra	: <câkrâ> (S)kw. 1.bunderan, rodha, gaman wujud bunderan sing pinggire lancip; 2.tetenger, titikane barang
cakrik	: kn.ptj. rupa, rai, wanguning praen

candhak	: kn. 1.terusane; 2.nyekel
candra	: <cândrâ> (S)kw. 1.bangsane lintang alih kang sumunar padhang; 2.sasi; 3.crita kahanan kang maujud pepindhan
canggah	: kn. simbahe simbah
cangkem	: <cangkêm> kn. perangane awak kang digunakake kanggo mangan utawa kanggo ngomong
cangkriman	: kn. bedhekan
caping	: kn. piranti kanggo nutupi sirah sing digawe saka anyaman pring
cariyos	: k. cerita
cawis	: kn. siap, sedy, wis tumata
cekak	: <cêkak> kn. ora dawa
cekap	: <cêkap> k. cukup
cekel	: <cêkêl> n. goceki, gondheli
ceker	: <cèkèr> kn. sikil ayam lan manuk
cempala	: <cêmpâlâ> kn. kayu ana penthole kanggo ngeprak wayang
cempurit	: <cêmpurit> kn. garan wayang, piranti kanggo nyekeli wayang
cencang	: kn. ditali
cendhek	: <cêndhèk> engg. ora dhuwur
cengkorongan	: <cêngkorongan> kn. dipetha sadurunge dadi, digawe kerangkane dhisik
centhong	: <cènthong> engg.kn. enthong, balung tepak
cepak	: <cêpak> kn. wis cedhak
cepakake	: <cêpakaké> n. siapake
cepeng	: <cêpêng> k. digoceki, digondheli
cepet	: <cêpêt> (M)engg. rikat, banter
cerak	: <cêrak> engg.kn. cedhak
ceret	: <cèrèt> kn. prabot dhapur kanggo nggodhog banyu
cerkak	: <cêrkak> cerita kang cendhak
cetha	: <cêthâ> kn. weca, terang banget
cethek	: <cèthèk> kn. ora jero
cidra	: <cidrâ> (S)kn. 1.ora setya, ora nuhoni janji; 2.pangapus-apus; 3.luput
cinancang	: kn. ditaleni, dicencang
cineker	: <cinèkèr> (tl. ceker) kn. diceker, dieker-eker nganggo sikile ayam
cipta	: <ciptâ> kn. gagasan, pangangen-angen, gambaran ana ing angen- angen
cocog	: kn. 1.rujuk, ora sulaya; 2.ora gèsèh; 3.ora geseh petungane; 4.dicubles nganggo barang lancip
colong	: kn. njupuk duwekke uwong tanpa nembung, maling
condhok	: kn. 1.ketemu, gathuk, cocog; 2.pondhok
cubriya	: <cubriyâ> kn. curiga
cukat	: kn. trengginas, sarwa rikat tandang tandukke
cukong	: kn. bandar, wong kang gaweyane tuku barang kang ora bener
cumondhok	: kn. mondhok, ana ing pondhok
dados	: k. dadi, mujud saka sing ora ana, uwis rampung
dahana	: <dahânâ> (S) kw. geni

dahwen	: <dahwèn> kn. seneng nyruwe, cawe-cawe, nyeluk
dalah	: kn. sarta, karo
dalan	: n. papan kanggo lewat
dalem	: <dalêm> ki. omah
daluh	: k. bengi, wayah antarane sore karo esuk
damel	: <damêl> k. gawe
darbe	: <darbé> engg.kn. duwe, apa-apa sing diduweni
daru	: kn. bangsane lintang alih kang sumunar padhang
dasanama	: <dâsânâma> sinonim, jeneng liya
datan	: kw. ora
daya	: <dâyâ> kn. kakuwatan ing barang
deksiya	: <dêksiyâ> kn. siya-siya
deleng	: <dêlêng> engg.n. delok, tonton
dene	: <déné> kn. 1.amarga; 2.ananging
dening	: <déning> engg.ptj. 1.amarga saka; 2.sing gawe; 3.olèh
dereng	: <dèrèng> k. durung, isih kurang karo mangsane sing dituju
dhahar	: ki. mangan, nedha, nedhi
dhalang	: kn. wong kang nglakokake saha crita wayang
dhapuk	: kn. 1.ditata sarta dirancang; 2.diwenahi gawean
dhateng	: <dhatêng> k. marang, tumuju ing, teka, menyang
dhaup	: kn. jodho karo, wis jejodhoan
dhawuh	: engg.kn. mrentah, ngakon wong liya nglakoni pakaryan
dhemen	: <dhêmên> n. seneng sarta asih
dhingin	: engg.n. dhisik
dhodhog	: kn. nggebug (lawang, lsp.)
dhumateng	: <dhumatêng> (tl. dhateng) k. marang, tumuju ing, teka, menyang
dhuwur	: n. 1.ora cendhek, dawa ukuran awake; 2.luhur
dibetheti	: <dibèthèti> (tl. bethet) kn. ditembak terus dijupuki jeroane (usus, lsp.)
dicocog	: (tl.cocog) kn. dicublesi, disunduk-sunduk
dierehake	: <diêrèhaké> (tl. reh) kn. diprentah, dikon, didhawuhi
dikepyakake	: <dikêpyakaké> (tl. kepyak) 1.ptj. diumumake; 2.dipitongtonake (ana ing pagelaran wayang); 3.digiyarake kanthi sumuwa (babagan pangkat)
dipesthekake	: <dipêsthèkaké> (tl. pesthi) kn. ditentukake, ora mungkin ora
diprangguli	: (tl. pranggul) kn. ora sengaja weruh
dipuneling	: <dipunéling> (tl. eling) n. ora dilalèkaké
dipuntatah	: (tl. tatah) kn. dibolong nganggo tatah
direwangi	: <diréwangi> (tl. rewang) n. dibelan-belani
ditandhu	: (tl. tandhu) engg. digadhe ing sawetara taun
ditatah	: (tl. tatah) kn. dibolong nganggo tatah
ditundhung	: (tl. tundhung) kn. dikon lunga
diwasa	: <diwâsâ> wis gedhe, wis omah-omah
diyan	: kn. piranti sing bisa gawe padhang
dom	: kn. jarum, piranti kanggo njait
domblong	: engg.kn. mlongo marga gumun

donga	: <dongâ> (A)kn. tetembungan kanggo gusti kang maha kuwaos
donya	: <donyâ> (A)kn. 1.jagad; 2.barang-barang kasugihan
dora	: <dorâ> k. goroh, kandha sing ora nyata, ngapusi
driji	: kn. geglitaning tangan
dudu	: n. ora, beda
duduh	: kn. banyuning woh-wohan,banyune jangan
dudut	: kn. dicabut metu, ditarik
dudutan	: (tl. dudut) kn. apa kang iso dipethil saka tulisan
dugi	: k. tekan, tutug
duka	: <dukâ> ki. 1.nesu; 2.ora ngerti
dumados	: (tl. dados) engg. dadi
dumateng	: <dumatêng> (tl. dhateng) kanggo, marang
dumeh	: <dumèh> kn. mung merga
dumeling	: <dumêling> kn. katon cetha wela-wela, katon cetha banget
dumugi	: (tl. dugi) k. tekan
dur	: (S)kw. ala, elek
duta	: <dutâ> (S)kw. kongkonan
dwija	: <dwijâ> (S)kw. pendhita, guru
ebah	: <ébah> k. owah saka kaanan meneng
edi peni	: <èdi pèni> èndah, becik
edi	: <èdi> kn. sarwa becik
elar	: <êlar> 1.digawe supaya luwih amba; 2.wulu ing suwiwi; 3.suwuwine kupu; 4. garis saka puser menyang kubeng; 5.rujining rodha
eling	: <éling> n. 1.pikirane pulih kaya sadurunge; 2.ngerti meneng marang perkara sing wis lawas; 3.ora lali; 4.ngrumangsani
elmi	: <èlmi> k. ilmu, èlmu
elok	: kn. nyimpang saka kaanan kang lumrah
eman	: <éman> kn. owel banget, sayang banget, mesakake menawa kadaden sing ora-ora
emut	: <émut> engg. 1.pikirane pulih kaya sadurunge; 2.ngerti meneng marang perkara sing wis lawas; 3.ora lali; 4.ngrumangsani
endah	: <éndah> kw. apik, ayu, kepenak disawang
enem	: <ênèm> k.ptj. enom, durung tuwa
enggal	: k. 1.anyar, ora lawas, durung tau dingo utawa tau dingo sedhilit; 2.gek ending, ndang cepet
enggen	: <ênggèn> k. enggon, papan kang dipanggoni
enggon	: <ênggon> n. papan kang dipanggoni
enjang	: ngg.k. wayah esok
enjing	: <énjing> k. enjang, wayah esuk, wayah ngarepake srengenge mlethek nganti kurang luwih jam sanga
esthi	: <èsthi> kw. 1.maksud, niat; 2.gajah
etang	: <ètang> k. etung, cara kang digunakake kanggo ngerti cacahé barang
ethes	: <èthès> engg.ptj.ks. iso
ethok-ethok	: <éthok-éthok> kn. ora tenanan, pawadan

ewah	: <éwah> k. owah, ganti
gabah	: kn. las-lasaning pari, wosing pari sadurunge dadi beras, beras kang durung dionceki
gada	: <gådå> penthong cendhak
gadhadh	: k. 1.duwé, kagungan; 2.sugih; 3.mangku wewenang
gadhing	: kn. siyunge gajah
gaduk	: kn. tekan, iso ngranggeh, iso njupuk
gage	: <gagé> engg.ptj. gek endang, cepet
gagrag	: kn. cara kang wis lumrah
gajul	: kn. nendhang nganggo pucuk sikil
gala	: <gålå> kn. 1.atos; 2.senapati ing prang
galih	: ki. ati, prasaan
gaman	: n. 1.piranti kanggo nglawan; 2.piranti kanggo nyambut gawe
gamel	: <gamêl> kn. wong kang ngopeni jaran
gampang	: n. ora angel
gancar	: kn. urutaning lelakon
gancaran	: kn. tulisan sing kasusun saka ukara dudu tembang
ganti	: n. 1.alihan; 2.ganti
gantos	: k. 1.alihan; 2.ganti
garan	: kn. kayu lan sapiturute piranti kanggo nyekeli
garwa	: <garwå> ki. bojo, sisihaning wong jejodhoan
gatek	: <gatèk> <i>perduli</i> , ora kena disepèlèkaké
gati	: n. 1.perlu, penting; 2.tenanan
gatra	: <gåtrå> (S) kn. 1.awak; 2.perangan/ bagian ukara sing wis madeg
gayuh	: <gayuh> kn. ngranggeh, ngarah prakara sing luhur
gebyar	: <gêbyar> kn. sorot satleraman, kendhahan kang katon ing lair
gedhe	: <gêdhé> n. 1.ora cilik; 2.akeh bayune
gegala	: <gêgålå> (tl. gala) kn. gala
gegaman	: <gêgaman> (tl. gaman) n. 1.piranti kanggo nglawan; 2.piranti kanggo nyambut gawe
gegayutan	: <gêgayutan> (tl. gayut) kn. gandheng ceneng, hubungan
gegebengan	: <gêgêbêngan> (tl. gebeng) kn. prinsip, wewengkon, golongan
gegem	: <gêgêm> kn. 1.kepelan tangan; 2.tekeman tangan
geger	: <gêgèr> kn. 1.rame banget, rebut banget; 2.padu
geger	: <gêgêr> kn. perangane awak sing bagian mburi
geguritan	: <gêguritan> (tl. gurit) kn. tembang sing wujud mung purwakanthi
gelar	: <gêlar> kn. njereng, njembreng, dianakeke, digawe dadi ana
gemati	: <gêmati> n. apikan
gentha kekeleng	: <gêntha kêkêlèng> kw. gentha cilik kanggo tengara semedhi
gentha	: <gênthå> kn. 1.kalung sapi; 2.tuku lemah ing kuburan
gentur tapa	: <gêntur tâpå> kn. mèmèng anggane nglakoni
gentur	: <gêntur> kn. nyawa gemludhug gentenan
gerah	: <gêrah> ki. 1.gludhug, swara sing gemludhug; 2.sumuk, panas; 3.lara

gesang	: <gêsang> k. urip
geseh	: <gèsèh> kn. sulaya, ora cocog, beda
getak	: <gêtak> kn. swara kang seru saka lambe
getun	: <gêtun> kn. kaduwung merga kelangan
gina	: <ginâ> k. paedah, manfaat
giyar	: kn. 1.gelar; 2.undang
giyaran	: (tl. giyar) kn. pagelaran
giyat	: kn. semangat, rajin
gladhe	: <gladhé> engg. ajar utawa nglatih
gladhen	: <gladhèn> engg. ajar utawa nglatih
gladhi	: engg. ajar utawa nglatih
golek	: <golèk> n. 1.pepethaning wong sing digawe kayu; 2.ngupaya supaya bisa oleh
gondhang	: kn. 1.telak, gorokan; 2.tetuwuhan, keyong gedhe
goroh	: n. dora, kandha sing ora nyata, ngapusi
grana	: <grânâ> ki. irung
grapyak	: kn. seneng aruh-aruh
graut	: <graut> kn. ngrauk utawa nyuwek nganggo kuku
gregah	: <grégah> kn. tangi ndadak banjur njenggelek
greged	: <grêgêd> kn. kamempengan, deranging ati
greges	: <grêgês> kn. 1.krasa adhem amarga lara utawa arep lara; 2.lemah kang kacampuran krikil
greget	: <grêgêt> kn. kamempengan, deranging ati
gremeng	: <grêmêng> kn. 1.ngomong alon-alon; 2.ngomongke eleke wong liya
greneng-greneng	: <grênêng-grênêng> kn. ngomog alon tur ora cetha
grengseng	: <grêngsêng> kn. tenanan anggane nglakoni pakaryan, semangat
gresah	: <grêsah> kn. ngresula, sambat, nggrundel
gronjal	: kn. obah-obah marai arep tiba
grusa-grusu	: kn. sarwa kasar lan kesusu
gubed	: <gubêd> kn. mbulet, tumali ningseti
gudel	: <gudèl>kn. anak kebo
gugah	: kn. nggawe supaya tangi
gugu	: n. dipercaya, diturut
gujeng	: <gujêng> kn. cekel
gulang	: kn. nyinau
gumanti	: (tl. ganti) n. ganti
gumathok	: (tl. gathok) kn. wis netep
gumregah	: <gumrégah> (tl. gregah) kn. tangi ndadak banjur njenggelek
gumuyu	: (tl. guyu) kn. ngguyu
guna	: <gunâ> n. paedah, manfaat
gunem	: <gunêm> n. omongan
gurit	: kw. tulisan tatahan, kidung, tembang
guru gatra	: <guru gâtrâ> cacahing gatra saben sapadha
guru lagu	: kn. tibane swara ing saben pungkasaning pada
guru swara	: <guru swârâ> kw. purwakanthi sing nunggal swara

guru wilangan	: kn. cacahing wanda ing padaning tembang macapat
guru	: kn. 1.wong kang mulang muruk ing pamulangan; 2.paugeran utawa wewaton
harsa	: <harsâ> k. bungah, seneng
hawa	: <hâwâ> kn 1.gas kang ngebaki jagad; 2.kepinginan ing ati
hompimpah	: kn. dolanan kocokan kanthi srana ngobahake tangan
Hyang	: k. sesebutane dewa
imbang	: kn. bobote padha
inggil	: <inggil> k. 1.dhuwur, ora cendhek, dawa ukuran awake; 2.luhur
ingong	: kw. aku
ingsun	: n. aku, -ku
ipuk	: engg.kn. 1.bakul sing dodoalan barang bekas; 2.diklompokake
irah-irahan	: kn. ak. judhul
irama	: <irâmâ> kn. wirama
ireng	: <irêng> warna kang kaya warnane areng
jabang bayi	: kn. bayi kang lagi wae dilairake
jago	: n. 1.ayam lanang; 2.wong kang dipercaya ana ing pamilihan; 3.wong kang menangan
jaka	: <jâkâ> kn. bocah lanang sing durung rabi
jalar	: kn. nyebabake
jalaran	: kn. amarga
jangka	: <jângkâ> pepesthening lelakon
jangkep	: <jangkêp> k. pepak, genep, ora kurang, pas
jarak	: kn. arane uwit, wit jarak
jarwa	: <jarwâ> kn. katerangan tegesing tembung kawi
jati	: (S)kn. nyata, tulen
jatmika	: <jatmikâ> kn. anteng, tansah nganggo tata trapsila anggoné tumindak
jebul	: <jêbul> kn. tibake
jegur	: <jêgur> kn. mlebu ing banyu
jejer	: <jêjêr> kn. wiwit pagelaran
jejer	: <jèjèr> n. cerak, sebelah, sampingan
jejuluk	: <jêjuluk> kn. dijenengi
jeneng	: <jênêng> n. nama, asma
jenes	: <jênês> kn. bècèk, reged
jenggirat	: <jênggirat> kn. ngerti-ngerti tangi, kaget
jengkel	: <jèngkèl> kn. nesu, ora seneng
jenjem	: <jênjêm> kn. ayam lan tentrem
jenthit	: <jênthit> kn. njenthar nanging mung sithik
jer	: <jêr> kn. mula mengkono, pancen, jalaran mengkono, amarga kaya ngono
jibles	: <jiblês> kn. rupane padha plek
jiblok	: n. tiba
jirih	: kn. wedèn, ora wani
jiwit	: kn. dipijit nganggo pucuk driji

jladren	: <jladrèn> kn. jèr-jèran tepung dinggo gawe roti utawa panganan liya
jlagra	: <jlâgrâ> 1.kn. tukang gawe krajinan saka watu; 2.ki. banyu kenthel kang metu saka gulu pas lagi watuk
jodho	: kn. 1.cocog, bisa gathuk; 2.kang dadi rakitane; 3.rakitan lanang wadon; 4.nunggal karep, padha karepe
judheg	: <judhêg> kn. wis ora bisa mikir
jumeneng	: <jumênêng> ki. 1.ngadek; 2.dadi raja utawa ratu
junjung	: kn. 1.ngumbulake mendhuwur, diangkat; 2.ngunggahake pangkat; 3.ngurmati; 4.ngalembana, diomongake apike
kaandharake	: <kaandharaké> (tl. andhar) kn. dijlentrehake, diterangake
kaandharna	: <kaandharnâ> (tl. andhar) kn. jlèntrehna, terangna
kabuktekake	: <kabuktèkaké> (tl. bukti) kn. bisa menehi bukti, bisa gawe supaya percaya
kaca	: <kâcâ> kn. 1.halaman; 2.piranti kanggo ngilo utawa ndelok awake dhewe
kacithak	: (tl. cithak) kn. kagawe, katulis
kadang konang	: kn. gelem ngakoni sedulur menawa sugih
kadang	: kn. sedulur
kadhapuk	: (tl. dhapuk) kn. dipasrahi
kadhaupake	: <kadhaupaké> (tl. dhaup) kn. diningkahaké
kaduk	: engg.ak. 1.kakehan, keluwihan; 2.kebangetan
kagunan	: kn. 1.kesenian; 2.paedah, manfaat
kahanan	: kn. keadaan
kahuripan	: (tl. urip) n. ing sajroning urip
kaiket	: <kaikêt> (tl. iket) kw. 1.ditali; 2.dikarang, dianggit
kajeng	: <kajêng> k. karep, kang dipinginaké, sing dimaksud
kajibah	: kn.ak. kepopoh, kewajiban
kaki	: kn. 1.embah lanang; 2.panyebut kanggo wong enom sing disayang banget
kala	: <kâlâ> k. 1.wektu, mangsa, wayah; 2.ala, elek; 3.bangsane buto, demit; 4. kewan ngentup; 5. jiret manuk
kalarasake	: <kalarasaké> (tl. laras) kn. dicocogaké
kalawan	: k.ak. karo, lan
kalebet	: <kalêbêt> (tl. lebet) k. mlebu
kalebu	: <kalêbu> (tl. lebu) n. 1.kebacut mlebu, mlebu ora dijarag; 2.kapétung, kagolong ing; 3.dianggep kaya
kalis	: kn. 1.ora bisa teles, ora bisa campur; 2.ora pasha
kalodhangan	: (tl. lodhang) kn. sempet, duwé wektu
kamot	: n. ana ing njerone, amot
kandha	: <kândhâ> n. ngomong, matur
kandhakake	: <kaandharaké> (tl. kandha) n. omongake
kanthi	: kn. 1.binarengan, bareng; 2.nganggo
kanuragan	: kw. kedhotan, katosan (ora mempan ing gaman)
kapetang	: <kapétang> (tl. etang) k. kaetung, dieting
kaping	: k. ping, sing ke-

kapitayan	: (tl. pitaya) k. kapercayan, apa kang dipercaya
kapribaden	: <kapribadèn> (tl. pribadi) kw. babagan madeg dhewe, pribadi
kapungkur	: kn. wis kelakon, biyen
karakit	: (tl. rakit) k. ditata, dipasang
kareben	: <karêbèn> (tl. karep) n. supaya bisa
karep	: <karêp> n. kajeng, karsa, niat nindakake pakaryan, maksud
karipta	: <kariptâ> (tl. ripta) kw. nulis, nganggit, ngarang
karsa	: <karsâ> ki. karep, kajeng, niat nindakake pakaryan, maksud
karya	: <karyâ> k. gaweyan
kas	: 1.engg.ptj. cukat lan gagah; 2.engg. mentas, lagi wae; 3.kw. temen-temen; 4.engg.ptj. kothak; 5.(W)kn. panyimpenan dhuwit
kasantikan	: (tl. santika) kw. kadigdayan, pinter oleh gegaman ing perang
kasarasan	: (tl. saras) k. kawarasan, kuwarasan, kaséhatan
kasebat	: <kasêbat> kn. kasebut
kasebatna	: <kasêbatnâ> (tl. sebat) kn. sebutna
kasekarna	: <kasêkarnâ> (tl. sekar) k. tembangna, nyanyekna
kasembadan	: <kasêmbadan> (tl. sembada) kn. kalaksanan
kasil	: kn. 1.hasil, pametu; 2.kasembadan, kalaksanan
kasilep	: <kasilêp> (tl. silep) kn. 1.amles ing banyu; 2.ora katut dieting; 3.dilalekake; 4.wis ora dinggo
kasmaran	: (tl. asmara) kn. lagi nandang tresna, lagi seneng marang wong liya
katamakake	: <katamakaké> (tl. tamat) kn. diempakake, dikenakake
kathah	: k. akeh
kathik	: kn. 1.karo; 2.ngrawat jaran
katindakna	: <katindaknâ> (tl. tindak) k. dilakoni
katitik	: (tl. titik) kn. 1.konangan; 2.wis dicap
katon	: n. ketok, iso didelok
kawastanan	: (tl. wasta) diceluk, diundang, disebut
kawigaten	: <kawigatèn> (tl. wigati) n. <i>perhatian</i> , gatekake
kawijayan	: (tl. wijaya) (S) kw. kasekten
kawistara	: <kawistârâ> (tl. wistara) kw. ketara, ketok cetho
kawontenan	: <kawontênan> (tl. wonten) k. kahanan, keadhaan
kawruh	: kn. ilmu
kawula	: <kawulâ> kn. 1.batur, abdi; 2.aku; 3.rakyat
kawuningan	: (tl. uninga) engg. ketok, bisa disawang
kaya	: <kâyâ> n. 1.meh padha karo; 2.rumangsaku
kayadene	: <kâyâdéné> n. kaya, padha karo
kayata	: <kâyâtâ> n. contone, tuladhane
kebes	: <kêbês> kn. teles banget saka ndhuwur nganti ngisor
kebul	: <kêbul> kn. kukusing barang sing kobong, keluk
keceblung	: <kêcêblung> (tl. ceblung) kn. tiba ing banyu
kecebur	: <kêcêbur> (tl. cebur) kn. tiba ing bayu
kecegur	: <kêcêgur> (tl. cegur) kn. tiba ing banyu
keceh	: <kêcèh> kn. dolanan banyu
kecrek	: <kêcrèk> 1.ptj. pepindhan ing swara, tumamaning gamelan; 2.engg.ak. disosoh; 3.kn. blenggu

kedah	: <kêdah> k. kudu dilakoni, ora oleh ora
kedangon	: <kêdangon> (tl. dangu) k. kesuwèn, kaladuk suwéne
kedhana-kedhini	: <kêndhânâ-kêndhini> seduluran lanang wadon
kedhawahan	: <kêdhawahan> (tl. dhawah) k. 1.kena barang saka ndhuwur; 2.oleh, pikantuk
kedhep	: <kêdhèp> kn. merem melèk matane
kedhuk	: <kêdhuk> kn. 1.énthong, sendhok sega; 2.keruk, dijupuk saka bagian paling ndhuwur; 3.balung kebo sing dinggo wadhah minyak klenthik
keduwung	: <kêduwung> (tl. dhuwung) kn. getun amarga kelakon sing wis dilakoni
keguh	: <kêguh> kn. nggape, ngubris
kejaba	: <kêjâbâ> n. saliyane, ora ketut dirembug
kejawi	: <kêjawi> k. saliyane, ora katut dirembug
keladuk	: <kêladuk> (tl. laduk) kn. kakehan, rada banget
kelir	: <kêlir> kn. 1.pager bata; 2.layar putih kanggo nampani wayang
kempel	: <kêmpêl> kn. kumpul kraket
kendel	: <kêndêl> kn. wani, ora jirih, ora wedèn; (kêndêl) kn. 1.ora nyuwara; 2.ora obah; 3.lèrèn; 4.meneng waé
kendhat	: <kêndhat> kn. pedhot-pedhot
kenging menapa	: <kénging mênâpâ> k. merga apak
kenging	: <kénging> k. 1.ora mlèsèt, kena senjata; 2.oleh dinggo
kepara	: <kêpârâ> kn.ak. 1.rada; 2.malah
kepati	: <kêpati> n. tenanan, banget-banget
kepok ora tombok	: <kêpok ora tombok> melu seneng-seneng ora melu nragati
kepok	: <kêpok> kn. nangkupake tangan nganti metu swara plok-plok, cocok
keprak	: <kêprak> kn. kepyak ing gamelan
kepranan	: <kêpranan> kw. pangrasa, ati
kepungkur	: <kêpungkur> n. wis kliwat
kepyak	: <kêpyak> engg.ak. rericikane gamelan
kersa	: <kêrsâ> ki. gelem, purun, ora lenggana, manut, arep
kethok	: <kêthok> n. tugel, ditugel
keweleh	: <kêwêlèh> (tl. weleh) kn. konangan anggone ngapusi
kinaya	: <kinâyâ> (tl. kaya) kn. 1.meh padha karo; 2.rumangsaku
kiyat	: k. kuat, rosa
kiyeng	: <kiyêng> kn. 1.awake kenceng lan kuwat; 2.semangat
klangenan	: <klangênan> kn. selir, kesenengan
klangsrak	: kn. kumlembreh ngambah lemah
klawu	: kn. warna kaya warnaning awu
klebet	: <klêbêt> k. 1.kebacut mlebu, mlebu ora dijarag; 2.kapétung, kagolong ing; 3.dianggep kaya
klebon	: <klêbon> n. ana kang mlebu tanpa pamit
klebu	: <klêbu> (tl. lebu) k. 1.kebacut mlebu, mlebu ora dijarag; 2.kapétung, kagolong ing; 3.dianggep kaya

kleru	: <kléru> n. salah ora bener
klintu	: k. kleru, salah, ora bener
kluron	: kn. keguguran
kober	: <kobêr> kn. duwe wektu kanggo nindakake pakaryan
kokop	: kn. diombe kanthi cara lambene dicemplungake
konang	: kn. kewan kang bisa ngetokake cahya saka awake
kondhang	: kn. terkenal, misuwur, akeh sing ngerti
kondur	: ki. bali
kongsi jambul wanen	: <kongsi jambul wanèn> nganti tuwa banget
kongsi	: 1.ptj.n. nganti, tekan; 2.kn. pakumpulan dhagang
kontal	: kn. mental
kopen	: <kopèn> kn. diingu kanthi apik
kotang	: kn. 1.entrok; 2.klambi tanpa lengen
krama	: <karma> ki. 1.pratingkah, pratab; 2.watak, sipat; 3.tembung pakurmatan; 4.bojo
kraman	: kn. wong kang nglawan utawa mbaléla marang nagara
krasa	: <krâsâ> n. bisa ngrasakake
kreketi	: <krèkèti> kn. dicokoti sithik-sithik
kridha	: <kridhâ> (S)kw. 1.tumindak; 2.pagawean; 3.dolanan, seneng-seneng
krincing	: kn. pepindhan swarane dhuwit
krocok	: engg.ptj. kroyok, disunduki wong akeh, ditembaki wong akeh
krungu	: n. bisa ngerti swara kang dirungokake
kulina	: <kulinâ> (S)kw.ak. wis sering dilakoni nganti ora iso ditinggalake
kumalungkung	: <kumâlungkung> kn. ambeg luhur, luwih
kumrincing	: (tl. krincing) kn. swarane dhuwit
kupeng	: <kupêng> kn. 1.sekitar, sakiwa tengene; 2.dikepung, meh gathuk pucukke
kuwagang	: kn. kelar, kecongah, bisa nindakake, kuwat, duwe daya kanggo nglakoni pakaryan
kuwalat	: kn. kena ing walat
kuwanda	: <kuwânda> kw. awak, bangke
kuwasa	: <kuwâsâ> kn. kakuwatan, kawenangan
kuwat	: n. duwe daya kanggo nglakoni pakaryan
kuwawa	: <kuwâwâ> w. kuwat
kuwawi	: k. kuwat
labet	: <labêt> k. gawe jasa sarana melu nandang lara lapa
labuh	: <labuh> 1.kw. tiba, runtuh, rusak; 2.n. gawe jasa sarana melu nandang lara lapa
lairan	: kn. babaran, ngetokake anak saka weteng
laku	: n. 1.obah maju nganggo sikil; 2.tumindak; 3.lelungan; 4.kuwajiban nindakake ajahan kraton; 4.seserik; 5.payu; 6.cara
laladan	: kn. 1.tlatah, papan, dhaerah; 2.solah tingkah
lambar	: kn. lemek
lambe	: <lambé> n. 1.pinggir cangkem; 3.pinggi cangkir
lamis	: kn. mung njabane sing apik, njerone ora

lampah	: k. 1.obah maju nganggo sikil; 2.tumindak; 3.lelungan; 4.kuwajiban nindakake ajahan kraton; 4.seserik; 5.payu; 6.cara
lampahan	: (tl. lampah) k. lakon
landhesan	: <landhêsan> (tl. landhes) kn. ganjelan, sanggan, barang kanggo lemek
langkung	: k. 1.luwih; 2.mlaku ing; 3.banget
lantip	: kn. pinter
larik	: kn. deretan
latah	: kw. 1.ngguyu kanthi seru; 2.nirokake omongan utawa tingkahe wong liya kanthi ora sengaja
lawan	: k.ak. karo, lan
lawas	: n. ora anyar, wis suwe, jaman biyen
lebu	: <lêbu> n. 1.mlebu ning njero, ngakon maring njero; 2.awu, abu
lekas	: <lêkas> kn. anyak nggarap, miwiti nggarap
lelagon	: <lêlagon> n. lagu
lempuyang	: <lêmpuyang> kn. tanduran sing iso digawe jamu
lestantun	: <lêstantun> k. lestari
lestari	: <lêstari> kn. ajeg, ora ana sing béda
limpe	: <limpé> kn. nggebukake gaman marang wong sing lagi lena
limrah	: k. lumrah, biasa
linambaran	: (tl. lambar) kn. lemekan, dilambari, dilambari
lincak	: kn. kursi anyaman kanggo lungguh
lingsem	: <lingsêm> k. isin, rasa rikuh, diisin-isin
lingsir	: kn. uwis miring
lintang	: kn. bintang, barang kang cacahé akeh tur katon sumorot ing langit nalika wengi
lir	: kw. 1.pindha, kaya dene; 2.karep, tegesing tembung; 3.kaanan kang sejati
lirih	: kn. ora banter, alon-alon
lodhang	: kn. sempet, duwé wektu
lugu	: kn. 1.apa anane, ora digawe-gawe, ora ditambah lan disuda; 2.aturan kang baku
luhung	: kw. luhur, linuwih
lumrah	: n. 1.ana ing endi-endi, ora aneh, ora nyleneh, biasa wae; 2.ora cethil
lungkrah	: kn. krasa kesel lan males amarga isih lara
luntur	: kn. 1.kegawa banyu; 2.ilang
luput	: n. 1.salah, kliru; 2.ora kena; 3.nandang cilaka; 4.kurang beja; 5.kalis ing-..
lurug	: kn. teka ing panggone musuh, nekani musuh
lurung	: kn. dalan cilik sing jeblog
luwes	: <luwès> kn. ora kaku
mabur	: <mabur> kn. munggah maring ndhuwur tanpa ngambah apa-apa
madeg	: <madêg> kn. 1.ngadek; 2.dadi raja utawa ratu
madhang	: (tl. padhang) kn. gawe supaya dadi padhang
madhani	: (tl. padha) n. gawe awake dhewe padha karo wong liya

madya	: <madyâ> k. tengah
maesa	: <maêsâ> ki. kebo
magepokan	: <magêpokan> kn. gegayutan karo
magrok	: kn. 1.ngadek; 2.mandhek thok
magrong-magrong	: kn. gedhe lan dhuwur (omah)
mahanani	: kw. nyasmitani, nerangake yen
maharsi	: kw. pendhita luhur
majeng	: <majêng> k. 1.mlaku maju; 2.mundhak-mundhak; 3.seneng nyambut gawe
makantar-kantar	: kw. murub mubyar-mubyar
makili	: (tl. wakil) (A)kn. ngganteni pakaryane wong liya
mambu	: n. 1.ngetokake ambu sing ora enak; 2.ngrasakake ambu sing ora enak; 3.bosok
manabda	: <manabdâ> clatu, gunem, ngendikan, omongan
mandhegani	: <mandêngi> (tl. pandhega) kw. mimpin
mandraguna	: <mândrâgunâ> kw. wasis (digdaya) banget
mangalad-alad	: kn. mbulat-mbulat
mangerteni	: <mangêrtèni> (tl. ngerti) n. ngerti
mangertos	: <mangêrtos> k. ngerti
mangga	: <mânggâ> 1.kw.gelem; 2.k. ayo; 3.k. enya, ngulungake barang supaya ditampa, mara; 3.kn.ak. tegel; 4.menawa; 5.engg.ak. pelem; 6.kewan kang bisa gawe sawang sikile wolu
manggala	: <manggâlâ> (S)kw. 1.beja, berkah; 2.bebukaning sembahyang; 3.pamimpin ing perang
manggilingan	: kw. mubeng, urip matundha-tundha
manggon	: n. ngomah, mapan ing
mangke	: <mangké> k. mengko, sedhilit meneh
mangke	: <mangké> k. mengko, sedhilit meneh
mangsa	: <mângsâ> kn. wektu, musim
mangsuli	: k. njawab
manjing	: kw. mlebu, wis mlebu
mantheng	: <manthêng> kn. narik kenceng
mantu	: kn. 1.bojone anak; 2.duwe gawe ngomah-ngomahake anake
manunggal	: kn. dadi siji
manungku puja	: <manungku pujâ> engg.kn. semedi, tapa
manut	: kn. nurut, ora nolak, gelem
maos	: k. maca
mapan	: kn. 1.milih papan; 2.manggon ana ing papan kang kepenak
marang	: n. 1.tumuju ing; 2.namakaké parang
mardawa	: <mardâwâ> (S)kw. lemes, alus, lembut, sareh, nyenengake
mardika	: <mardikâ> kn. ora kaiket ing apa-apa, bebas
matur	: k. ngomong marang wong liya kang luwih tuwa
mawi	: k.ak. 1.nggawa; 2.nganggo; 3.amarga
mbabar	: nyaritakaké
mbajeng	: <mbajêng> k. anak kang dilairke dhisik dhewe
mbalela	: <mbalélâ> kn. ora nurut karo aturan

mbanyaki	: n. klabakan, kasusahan nganti bingung
mbarang	: kn. ditempuh ora nggagas apa-apa
mbawani	: ptj. nguwasani, mengkon
mbedhah	: <mbêdhah> kn. dikalahaké musuh
mbobot	: kn. hamil, ngandhut, ana bayi ing wetengé
mbudidaya	: <mbudidâya> kn. ngrekadaya, usaha
mbuktekake	: <mbuktèkaké> kn. menahi bukti, gawe supaya percaya
medhot	: <mêdhot> kn. tugel, gawe tugel
mega	: <mégâ> kn. kumpulaning uwap ing awing-awang warnané putih
meguru	: <mêguru> kn. ngangsu kawruh marang guru, sinau marang guru
mekar	: <mêkar> kn. 1.mundhak gedhe; 2.megar
melas	: <mêlas> kn. mesakake banget
melu	: <mêlu> n. ora gelem ditinggal
menawi	: k. menawa, mbok menawa, yèn
mendhem	: <mêndhêm> n. 1.nyimpen ing ati; 2.nyimpen ing jero lemah
menggah	: <mênggah> k. mungguh, sumpama
mengku	: <mêngku> kn. duwé karep
mentar	: <méntar> kw. lunga
mentes	: <mêntês> kn. ana isine
menyang	: <mênyang> n. mangkat, lunga
mepaki	: <mêpaki> ngganepake, digawe dadi pepak
mepet	: <mèpèt> n. 1.cedhak banget; 2.wis diirit-irit banget
merem	: <mêrêm> kn. 1.mripate ditutup; 2.ora gelem mikir seduluré
mergi	: <mêrgi> k. 1.dalan, papan kanggo lewat; 2.amarga
meri	: <mêri> anak banyak
meri	: <mèri> kn. iri, kepengen luwih saka liyané
merti dhusun	: <mêrti dhusun> kn. bersih desa
mesem	: <mèsêm> (tl. pesthi) kn. ngguyu kang ora kawedhar, ngguyu ora kêtok untuné
mesthi	: <mêsthi> kn. wis temtu, ora mungkin ora
meta	: <mêtâ> kw. nepsu banget
micara	: <micârâ> n. ngomong, ngendika
midhangetaken	: <midhangêtaké> (tl. pidhanget) ki. ngrungokake, nggatekake
migunani	: (tl. guna) n. ana gunané, duwe paedah
mijil	: 1.metu; 2.tembang macapat
mikul	: n. nggawa nganggo pikulan
mila	: <milâ> k. mula, makané
minangka	: <minångkå> kn. 1.dienggo; 2.dadi
minggah	: k. saka ngisor pinuju ndhuwur
mingkuh	: kn.ak. nedya nyingkiri kawajibane, ngemohi kawajibane
mireng	: <mirêng> k. krungu
miris	: kn. wedi sarta sumelang
miturut	: kn. manut
miyarsa	: <miyarsâ> kw. 1.krungu; 2.weruh, nonton
mligi	: kn. 1.kusus, ora umum; 2.tulèn, ora kecampuran; 3.ora ana liyané

mokal	: (A)kn. 1.ora ana tenanan, ora bisa kelakon; 2.ora ketemu ing nalar
mongkog	: kn. gedhe atine, mantep
mori	: kn. kain putih kanggo mbungkus mayit
mothol	: kn. gawe supaya pothole, gawe supaya tugel
mratapa	: <mratâpâ> (tl. tapa) kn. nglakoni tapa
mratelakake	: <mratélakaké> (tl. pratela) k. ngendikakaké, nuduhake, ndudui, ngawehi ngerti
mratelakaken	: <mratélakakên> (tl. pratela) ki. menahi ngerti, ngandhani
mrawasa	: <mrawâsâ> kw. nempuh, meksa, ngrusak
mriksani	: kn. nonton, nyawang
mudhar	: kn.ak. ngudhari, udhar, ucul saka tatanane
muksa	: <muksâ> kw. mati ilang karo ragané
mulat	: 1.engg.kn. nyawang, ndelok; 2.kw. inten
mumet	: <mumêt> kn. nggliyeng, krasa buyer anggone nyawang
mumpangat	: k. manfaat
mumpuni	: kn. duwe elmu kang akeh
mumur	: kn. ajur, remuk babar pisan
mundhak	: n. munggah, tambah
mundhut	: ki. njupuk
mungguh	: kn. 1.manggon; 2.pantes banget; 3.saumpama
mungkur	: kn. minger, ora madhep, wis kliwat
muput	: kn. ngentek, sedina
murka	: <murkâ> kw. nesu banget
muspra	: <musprâ> kn. ora ana gunané
mustaka	: <mustâkâ> ki. sirah, peranganing awak sing mapan ing dhuwur
nadyan	: ptj. ngandharake nek perkara kang dibahas iku ora lumrah, luwih tinimbang kang biyasane
namakake	: <namakaké> kn. ngenakake
nambut	: kw. nampani, nyekel
nampa	: <nâmpâ> n. nrima
nata	: <nâtâ> kn. 1.ngrakit, masang; 2.ratu
natas	: kn. medhot
nate	: <naté> k. tau ngalami, pernah
nawung	: kn.ak. 1.ngumpulake; 2.nata ukara; 3.mangsuli, njawab
nayogyani	: sepakat
ndhelik	: <ndhêlik> kn. umpetan supaya ora ketok
ndherek	: <ndhèrèk> engg.ki. 1.melu; 2.njarah; 3.miturut
ndherekake	: <ndèrèkaké> k. ngeterke, ngancani nganti tekan panggone
nedya	: <nêdyâ> kn. sumudya, niat
nengsemake	: <nêngsêmaké> kn. njalari sengseming ati
nenutuh	: <nênutuh> engg. nyeneni amarga kleru tindak tanduke
nepsu	: <nêpsu> kn. 1.derenging ati; 2.nesu
nepungake	: <nêpungaké> (tl. tepung) n nemokake, gawe supaya bisa ketemu
netra	: <nétrâ> k. mripat, mata, perangané awak kanggo ndelok barang
ngadhèpi	: <ngadhêpi> kn. nglawan
ngagem	: <ngagêm> ki. nganggo, nggunakaké

ngandhap	: k. ing ngisor
ngandhut	: kn. meteng, mbobot
ngasta	: <ngastâ> ki. 1. nggawa; 2. ngajar
ngayahi	: engg.kn. nindakake pakaryan
ngebruki	: <ngêbruki> n. nibani
ngel	: <ngèl> kw. sayah, kesel, rekasa
ngelak	: <ngêlak> kn. kepingin ngombe
ngemu	: <ngêmu> kn. duwèni isi
ngendhaleni	: <ngêndhalèni> (tl. kendhali) kn. ngetrepi kendhali, ngatur
ngendhih	: <ngêndhih> kw. ngalahake
ngendika	: <ngêndikâ> ki. ngomong marang wong liya kang luwih cilik
ngenteni	: <ngêntèni> n. nunggu
ngereh	: <ngêrèh> kn. mrentah, ngakon, dhawuh
nggegulang	: <nggêgulang> kn. nyinau
ngiras pantes	: <ngiras pantês> engg. disambi, sisan
ngiras	: kn. 1.nugel; 2.nindakake bebarengan, nglakoni pakaryan bareng-bareng; 3.jajan dipangan ing panggone
ngoncati	: (tl. oncat) kn. nyingkiri, ngindhar, luput
ngoyak	: (tl. oyak) kn. mburu
ngudi	: kn. ngupaya supaya oleh sing dikarepake
ngunandika	: <ngunandikâ> (ngendika) ki. ngomong marang wong liya kang luwih cilik
ngungkuli	: kn. nglangkahi, luwih tinimbang liyané
nguri-uri	: k. nglestarikake
nimbali	: (tl. timbal) k. nyeluk, akon teka
nindakake	: <nindakaké> (tl. tindak) k. nglakoni pakaryan
ningali	: k. nonton
nir	: kw. 1.ilang; 2.tanpa
nirokake	: <nirokaké> (tl. tiru) kn. digawe supaya padha karo sing ditiru
niteni	: <nitèni> kn. digatekake tenanan banjur dieling-eling
nitipriksa	: <nitipriksâ> kn. mriksa
niyaga	: <niyâgâ> k. wong kang nabuh gamelan
njalari	: (tl. jalar) kn. nyebabake
nora	: n.ak. ora
nrajang	: kn. nubruk, nyerang
nresnani	: <nrêsnani> (tl. tresna) kn. nyenengi antarane lanang lan wadon
nuhoni	: (tl. tuhu) kn. tuhu, setya marang
nuli	: n. enggal, banjur, terus
nunjang	: kn. nubruk, nrajang
nunten	: <nuntên> k. nuli, enggal, banjur
nunut	: kn. mèlu numpak
nurun	: n. niru, nyonto nggoné wong liya
nurut	: n. manut, ora mbaléla
nuwuhake	: <nuwuhaké> (tl. tuwuh) kn. gawe supaya bisa thukul
nyamber	: <nyambêr> (tl. samber) kn. nyaut, njupuk kanthi cepet banget, njaluk kanthi cepet bange

nyana	: <nyânâ> kn. ngira
nyaosi	: (tl. caos) engg.ptj. 1.tungguk; 2.sowan marang dhedhuwurane
nyare	: <nyaré> (tl. sare) ki. turu ing omah, nginep
nyata	: <nyâtâ> kn. tenanan, ora ngapusi, terang banget, genah banget
nyawang	: (tl. sawang) kn. 1.delok, tonton; 2.omahe kewan temangga
nyedhakake	: <nyêdhakaké> (tl. cedhak) n. gawe supaya cerak
nyekel	: <nyêkêl> (tl. cekel) n. nggoceki, nggondheli
nyemak	: <nyêmak> (tl. semak) kn. ngrungokaké kanthi tenanan anggoné wong liya ngomong
nyengkuyung	: <nyêngkuyung> (tl. sengkuyung) k. mèlu ngéwangi, ndhukung
nyirep	: <nyirêp> (tl. sirep) kn. digawe sareh, digawe supaya ora panas (geger, rame, lsp.)
nyuda	: <nyudâ> (tl. suda) kn. nggawe supaya luwih sithik tinimbang biasane
nyumurupi	: (tl. sumurup) n. nemoni, ndelok
obah	: n. owah saka kaanan meneng
oncat	: kn. luput saka
ontran-ontran	: kn. sing gawé rebut
open	: <opèn> kn. seneng ngrumati barang-barang sing ora dienggo
owah gingsir	: owah, malih, dadi beda
owah	: n. 1.malih, wis ganti; 2.obah; 3.édan, lara pikiré
pacelathon	: <pacêlathon> n. omongan
padatan	: kn. biasané
padha	: <pâdhâ> n. ora béda
padhang	: kn. 1.cètha, jelas; 2.resik, ora semrawut
padhepokan	: <padhépokan> kw. papan patapan, panggonan kanggo tapa
pados	: k. golèk, ngupaya supaya bisa oleh
paedah	: <paédah> k. guna, gina, manfaat
pagelaran	: <pagêlaran> (tl. gelar) tontonan
pakem	: <pakêm> kn. crita padhalangan
pakulinan	: (tl. kulina) kw. kabiyasan, gaweyan kang wis sering dilakoni nganti ora bisa ditinggalake
palang	: kn. kayu utawa cagak liya kanggo ngalang-alangi supaya ora mlebu utawa metu
pamanggih	: (tl. panggih) k. panemu
pamrayogi	: (tl. prayogi) k. saran
pana	: <pânâ> kw. ilang, entek
pandhega	: <pandhégâ> kw. leleurah, kepala
pandherek	: <pandhèrèk> kn. pangiring, wong kang ngeterke, wong kang ndherekake
panemu	: <panêmu> (tl. temu) kn. pendhapat, sing dingertèni
pangajab	: kn. pangarep-arep, muga-muga bisa
pangarsa	: <pangarsâ> (tl. arsa) kn. kang dikarepake, kang dipengini
pangguh	: engg.kn. ora owah, kukuh
panggedhe	: <panggêdhé> (tl. gedhe) kn. wong kang dhuwur pangkate
panggesangan	: <panggêsangan> (tl. gesang) k. panguripan

panggih	: k. ketemu
panglipur	: kn. gawé ati ora nelangsa menèh, gawe seneng
pangrasa	: <pangrâsâ> (tl. rasa) n. 1.anggone ngrasakake; 2.pangira, panemu
pangreh	: <pangrèh> kn. cara ngrampung wong kang gawe perkara, kang mimpin pakumpulan
pangrembag	: <pangrêmbag> (tl. rembag) k. rembugan, omongan
pangrungu	: (tl. krungu) n. bisa ngerti swara kang dirungokake
panjurung	: kn. 1.pandong; 2.sumbangan
panyaruwe	: <panyaruwé> kn. kritik
papan	: kn. panggonan
paraga	: <parâgâ> kn. wong kang maragani carito, lakon, wong kang nglakokake awake dadi wong kang diceritakake ing pagelaran
paran	: kw. penering mlaku menyang ing
pareng	: <parêng> k. olèh
paribasan	: kn. tembung utawa ukara kang tegese wantah duwe pepindhan
parikan	: kn. pantun kang isine ana rong (loro) ukara
paring	: ki. mènèhi, wèwèh, ngekèki
paripurna	: <paripurnâ> (S)kw. 1.utuh, genep; 2.rampung; 3.mari
pasemon	: <pasêmon> kn. 1.wanguning rai; 2.solah tingkah
pasrah	: kn. 1.menehake apa-apa marang; 2.ngalah; 3.wis ora bisa nglawan
pati	: n. misah antarane sukma karo awak, mati
patitis	: kn. cetha lan terang, diamatake tenanan
patrap	: kn. 1.solah tingkah; 2.cara anggone nggarap; 3.cak-cakan anggone nganggo; 4.wiwit nglakoni pakaryan
paugeran	: <paugêran> (tl. uger) kn. pathokan, aturan
pawarta	: <pawartâ> n. berita
pawartos	: k. berita
pawicantenan	: <pawicantênan> k. omongan
pawitan	: kn. duwit lan sapiturute kang dingo dodolan
pawiyatan	: kw. pamulangan, sekolahan
pecut	: <pêcut> kn. sabuk sing garané dawa kanggo nyabet
pedhot	: <pêdhot> kn. tugel, gawe tugel
penget	: <pêngêt> kn. peling, sing eling marang
penggalih	: <pênggalih> (tl. galih) ki. 1.jantung; 2.ati; 3.pangrasa
pengrawit	: <pêngrawit> kn. wong kang nabuh gamelan
pepak	: <pêpak> kn. kabeh ana
peparab	: <pêparab> kn.ak. jeneng, diwenahi jeneng
pepasih	: <pêpasih> kn. kang disenengi, kang ditresnani, kang disayangi
pepundhen	: <pêpundhèn> (tl. pundhen) kn. barang kang disembah-sembah
perangan	: <pêrangan> kn. bagian
pesthi	: <pêsthi> kn. wis temtu, ora mungkin ora
pethi	: <pêthi> kn. kothak kanggo nyimpen barang
pethuk	: <pêthuk> k. ketemu, njemput
picis	: engg.kn. diukum mati kanthi cara diiris sithik-sithik
pidhanget	: <pidhangêt> ki. ngrungokake,nggatekake
piji	: kn. dikon nindakake sawijining gaweyan

pikantuk	: k. oleh, angsal
pinangeran	: <pinangéran> (tl. pangeran) pangeran, bendara
pinasthi	: wis mesthi, ora mungkin ora
pinilih	: kn. kang dipilih
piranti	: n. prabot, ubarampé, barang kang digunakaké
pirantos	: k. piranti, prabot, ubarampé, barang kang digunakaké
pireng	: <pirêng> k. krungu
pitados	: k. percaya
pitajeng	: <pitajêng> k. percaya
pitaken	: <pitakèn> k. pitakon, njaluk ngerti babagan salah stunggaling perkara
pitakon	: n. njaluk ngerti babagan salah stunggaling perkara
pitaya	: <pitâyâ> n. percaya
pitutur	: kn. piwulang kabecikan
piweling	: <piwêling> kn. diwanti-wanti, dikandani
piwulang	: kn. petunjuk, wulangan, nasihat, pituduh
piyambak	: k. dhewe, ora ana kancane
pocapan	: kn. omongan
polatan	: kn. wujud rai
poma	: <pomâ> kn.ak. kongkon supaya ati-ati
pothol	: kn. tugel
praja	: <prâjâ> kw. kraton, krajaan, Negara
pramila	: <pramilâ> (tl. mila) k. mula, makane
pranggul	: <pranggul> kn. ora sengaja weruh
prasaja	: <prasâjâ> kn. biasa wae, ora aneh-aneh, ora gebyar-gebyar
pratela	: <pratêlâ> kn.ak. menehi ngerti, ngandhani
prayitna	: <prayitnâ> kn. waspada lan ngati-ati
prayoga	: <prayogâ> n. panglimbang kang becik
prayogi	: k. panglimbang kang becik
prekara	: <prêkârâ> ptj. prakara, masalah
prekawis	: <prêkawis> k. masalah
prelu	: <prêlu> kn.ak. perlu, butuh
premati	: <prêmati> kn. tliti, ngati-ati
prigel	: <prigêl> kn. trampil
priksa	: <priksâ> kn. ditonton kanthi tenanan
priyagung	: k. priyayi gedhé, wong kang duwé kuwasa
puguh	: kn. teguh, kukuh, ora gelem miturut
pulih	: kn. bali kaya sadurunge
pundhen	: <pundhèn> kn. barang kang disembah-sembah
pundhut	: ki. 1.jupuk; 2.tuku; 3.jaluk; 4.mati
pungkas	: kn. keré dhewe, mburi dhewe, rampung
punthes	: <punthês> ptj. entek babar pisan, wis ora ana sisane
puput	: kn. 1.tekan keré dhewe, entek; 2.wis ucul tali pusere bayi
purba wasesa	: <purbâ wasésâ> kw. saka wiwitan nganti pungkasan
purba	: <purbâ> kw. wiwitan, kuna
purwakanthi	: <purwâkanthi> kn. tetembungan kang padha swarane

pusaka	: <pusākā> kn. barang warisan sing diaji-aji
puser	: <pusêr> kn. udel
putra	: <putrâ> ki. anak, kang dilairké
putus	: <putus> kn. 1.pedhot; 2.wis rampung, wis tamat; 3.wis ditetepake
racak	: kn.sing lumrah
raga	: <râgâ> kn. awak
rahajeng	: <rahajêng> k. slamet, beja, luput ing kacilakan
rahayu	: n. slamet, beja, luput ing kacilakan
raka	: <rākā> ki. mas
rama	: <rāmā> ki. bapak
rancag	: kn. 1.cepet rampung; 2.pincang
raos	: k. rasa
rasa	: <rāsā> n. kang dirasakake nalika barang nempel ing ilat (asin, pedhes, lsp.); 2.kang dirasakake ana ing awak (seneng, nesu, lsp)
raseksa	: <rasêksā> kn. buta
raseksi	: <rasêksi> kn. rasaksa wedok
rasuk	: kn. mlebu
redi	: <rêdi> k. gunung
regeng	: <rêgêng> kn. katon akeh wonge
rembag	: <rêmbag> k. rembug, diomongké, dibahas
rembaka	: <rêmbākā> kn. majuning
rembug	: <rêmbug> n. omong, bahas
remen	: <rêmên> k. seneng
rencang	: <rêncang> k. batur, wong kang melu wong liya
rengat	: <rêngat> kn. bentheth
rengka	: <rêngkā> kn. bentheth arep bengkah
renteng	: <renting> kn. rengka, rengat, bentheth
resi	: <rêsi> kn. pandhita, brahmana
rewang	: <rêwang> n. batur, wong kang melu wong liya
rikat	: kn. enggal, banter
rina	: <rinā> n. wayah awan
rinasa	: <rināsā> n. apa kang dirasakake
ringgit	: k. wayang
ringkesan	: <ringkêsan> (tl. ringkes) kn. tulisan kang isine mung sing penting-penting thok, dudutan, intine tulisan
ripta	: <riptā> kw. gagasan
roda	: <rodā> kn. tindak tumindak kanthi meksa, peksa
rubeda	: <rubédā> kn. pakewuh, alangan
ruda peksa	: <rudā pêksā> kw. dipeksa, ora oleh ora
ruket	: <rukêt> kn. raket banget, dikekep kenceng banget
rumangsa	: <rumāngsā> n. 1.krasa; 2.ngaku salah
rumiyin	: k. dhisik 1.ngluwihi tinimbang liyane; 2.wiwitan; 3.biyen, wektu kang wis kepungkur suwe
rungu	: n. nggatekake, ngrungokake, bisa ngerti swara kang dirungokake
runtut	: urut
rupa	: <rupā> n. 1.ra; 2.wujud; 3.jinis

ruruh	: engg.kn. 1.wanguning praèn sarèh; 2.digolèki; 3.jatmika, anteng
ruwatan	: (tl. ruwat) slametan kanggo ngilangi rereged
ruwet	: <ruwêt> kn. 1.benang bundhet; 2.kisruh; 3.bingung
saderma	: <sadêrma> kn. mung
sae	: <saé> k. apik, ora èlèk
saengga	: <saénggâ> engg.kn. dadi
saged	: <sagêd> k. bisa, pinter
sakecap	: <sakêcap> kn. mung sakecapan lambe, sithik banget le mangsuli
sakral	: kn. suci
salaka	: <salâkâ> kn. logam werna putih kanggo gawe dhuwit
salawase	: <salawasé> (tl. lawas) n. tekan sesuk, terus-terusan nganti rusak
samar	: kn. 1.kawatir; 2. ora ketok cetha
samara	: <samara> (S)kw. perang
sambet	: <sambêt> k. sambung, gandheng, ana sesambetane
sambung rapet	: <sambung rapêt> n. gandheng ceneng, hubungan
sambung	: n. gandheng, ana sesambetane, ana gandheng cenenge
samodra	: <samodrâ> kw. segara, laut
sampun	: <sampun> k. uwis, wis tau ditindakake
samubarang	: n. sakabèhé, kabeh
samun	: kn. 1.sepi, ora rame; 2.ora ketok, ora ketara; 3.ora berkat
sandhang	: kn. klambi
sandhing	: kn. cerak karo
santer	: <santêr> kn. 1.banter anggone mili banyu; 2.tenanan anggone nyambut gawe; 3.banget
santosa	: <santosâ> kn. kukuh, panggah, ora owah
sapandurat	: kw. sakedepan, ngerti-ngerti
saras	: k. sehat
sare	: <saré> ki. turu
sareh	: <sarèh> kn. sabar, ora kesusu
sareng	: <sarêng> k. nglakoni tumindak ana ing wektu kang padha
sarira	: <sarirâ> ki. awak
sarwa	: <sarwâ> kn. kabeh-kabehe
sasat	: kn. 1.meh padha karo; 2.aja sing
satemah	: <satêmah> kn. ing wasanane, tundhone
satriya	: <satriyâ> kn. prajurid kang gagah prakosa
saut	: kn. disamber kanthi cepet
sawalang-walang	: kn. ajur, remuk babar pisan
sawang	: kn. 1.delok, tonton; 2.omahe kewan temangga
saweneh	: <sawênèh> engg.kn. 1.ing sawetara, ana; 2.liyane; 3.nerangake sing ora cetha jenenge; 4.sakabehe
sawetara	: <sawêtârâ> n. <i>sementara</i>
sawetawis	: <sawêtawis> k. sawetara, <i>sementara</i>
sawiji	: n. mung siji ora ana liyane
sayah	: kn. kesel
sebat	: <sêbat> k. sebut
sebel	: <sêbêl> kn. ora gangsar, siyal

seda konduran	: <sédâ konduran> ki. mati nalika nglairake
seda	: <sédâ> ki. mati, ora urip menèh
sedasa	: <sêdâsâ> k. sepuluh
sedaya	: <sêdâyâ> kn. kabèh, ora ana sing ora katut
sedherek	: <sêdhèrèk> k. sedulur
sedya	: <sêdyâ> kn. niat
sega	: <sêgå> n. beras kang wis dimasak saengga iso dipangan
seganten	: <sêgantên> k. laut
segara	: <sêgårà> n. laut
sekar	: <sêkar> kn. 1.kembang; 2.tembang, lagu
sekeca	: <sêkéçâ> k. krasa seneng, ora rekasa, kepenak
sekti mandraguna	: <sêkti mândrâgunâ> kw. sakti banget
sekti	: <sêkti> kw. sakti, duwe keluwihan ngungkuli kodrat
semak	: <sêmak> kn. ngrungokaké kanthi tenanan anggoné wong liya ngomong
sembada	: <sêmbâdâ> kn. 1.cocog, pantes; 2.dipepaki; 3.dilawan; 4.dilakoni kepinginane
sempulur	: <sêmpulur> kn. gangsar, enggal ketemu sing sinedya
senajan	: <sénajan> kn. <i>meskipun</i>
sengar	: <sêngar> kn. ambu kang sumegrag, mambu banget
sengguh	: <sêngguh> kn. dhiri, duwe ambek kaya
sengkud	: <sêngkud> kn. kalawan rerikatan sarta mèmèng
sengsem	: <sêngsêm> kw. seneng marang
sepa	: <sêpâ> kn. ora ana rasane
sepet	: <sêpêt> 1.k. rasa kang kaya sawo mentah; 2.k. ngantuk banget; 3.kn. kulit klapa
serat	: <sêrat> k. 1.urating kayu; 2.layang, surat; 3.tulis
serep	: <sêrêp> k. mlebu, manjing mlebu
sesambungan	: <sêsambungan> (tl. sambung) n. gegandhengan, hubungan
sethithik	: <sêthithik> n. ora akeh, mung sithik
sigra	: <sigrâ> 1.kw. rikat, cepet-cepet, banjur; 2.ki. waing
sikil	: n. perangane awak sing ngisor dhewe, perangane awak kanggo mlaku
sinandhang	: (tl. sandhang) kn. kang dinggo ing awak
sindhêm	: <sindhêm> engg. disimpen ing jero ati
sindhen	: <sindhên> kn. wong kang nembangake tembang
sinebut	: <sinêbut> (tl. sebut) kn. kang disebut
sinengker	: <sinèngkêr> dipageri
singkir	: kn. dilungani, diedohi, digawe adoh, diemohi, ora gelem cerak-cerak
siningit	: kn. didhelikake, diumpetake
sinten	: <sintên> k. sapa
sinuwun	: kn. panjenengan ratu
sira	: <sirâ> engg. kowé
sirah	: k. endhas, mustaka, peranganing awak
sirep	: <sirêp> kn. sareh, mari panase (geger, rame, lsp.)

sisih	: kn. mapan ana ing samping
sisihan	: kn. 1.tetimbangan; 2.bojo; 3.kang ana ing sampinge
siyung	: kn. taring
solah	: kn. 1.obahe awak; 2.tindak tanduk
sora	: <sorâ> kn. sero, banter anggone ngomong
sowan	: ki. madhep marang wong kang luwih dhuwur pangkate
suda	: <sudâ> kn. dadi luwih sithik tinimbang sadurunge, kurang
sukma	: <sukmâ> 1.kn. roh; 2.kw. alus, lembut
sulap	: kn. 1.ora bisa katon cetha amarga blereng; 2.tontonan kathi kaprigelan
sumeleh	: <sumèlèh> (tl. seleh) kn. 1.dumunung ing lumah; 2.wis lega atine
sumilak	: (tl. silak) kn. resik sumisih, resik padhang
sumpel	: <sumpêl> kn. apa-apa kang dinggo nutupi bolongan (kuping, lsp)
sumunar	: (tl. sunar) kw. sumorot, metu cahyane
sumurup	: (tl. surup) n. 1.mlebu ing; 2.weruh; 3.dianggep dadi
sun	: kw. aku
sunat	: engg.kn. dibeleh, ditugel
sungging	: k. gambar nganggo pola
sungut	: kn. 1.apa-apa sing dawa njengat; 2.rambut ing endhase gangsir kanggo piranti ngrasakake; 3.ganthilaning sarining kembang
supitan	: kn. dalan sing ciyut; 2.segara antarane pulo-polo; 3.tetakan
suraos	: (tl. raos) k. rasa
surjan	: engg.kn. klambi tradhisionale wong jawa
susila	: <susilâ> (S)kw. apik budine, apik tumindake
suwala	: <suwâlâ> kw. ora manut, nglawan
suwe	: <suwé> n. ora sedhela
suwita	: <suwitâ> kn. ngabdi
swara	: <swârâ> n. unen-unen asil saka tutuk nalika guneman
swasana	: <swasânâ> kw. hawa
tancep kayon	: <tancêp kayon> nancepaké gunungan
tandang	: kn. garap
tangèh	: <tangèh> kn. 1.isih adoh antarane, isih suwe; 2.mokal
tansah	: kn. sering, terus, tetep
tapa	: <tâpâ> kn. lunga menyang papan kang sepi kanggo golek elmu
tata krama	: <tâtâ krâmâ> kn. unggah ungguh, adab
tedhak	: <têdhak> ki. turun, mudhun
tedhas	: <têdhas> kn. mempan senjata, iso ditugel
teges	: <têgês> kn. arti, maksud
teja	: <téjâ> kn. cahya, sorot, kluwung
tekan	: <têkan> kn. wis ana ing panggonan sing dituju
tembang	: <têmbang> kn. lagu jawa kang ana aturane
tembe	: <têmbé> kn. lagi wae
tembung	: <têmbung> n. kata
temu	: <têmu> n. kepethuk, ketemu
tenger	: <têngêr> kn. tandha
tepung	: <têpung> n. ketemu, gathuk

tetingalan	: <têtingalan> (tl. tingal) ki. tontonan
tetulung	: <têtulung> (tl. tulung) kn. biyantu uwong liya
timbal	: ki. 1.diundhang, dikon teka; 2.tundha-tundha
tindak	: ki. lunga, ditinggal panggonane, ora ana ing omah, mlaku menyang ing
tinemu	: <tinêmu> (tl. temu) n. ketemu
tirakat	: kn. 1.ngurangi, nglakoni sesirik; 2.ziarah ing pasarean
tiru	: kn. kaya, gawe supaya padha karo
titi	: kn. digatekake kanthi tenanan
titikan	: (tl. titi) kn. tandha
tiwas	: kn. 1.nemoni kacilakan; 2.ora kebeneran, ora kedadeyan; 3.tanpa guna
tiyang	: kn. uwong
tlatah	: kn. dhaerah, papan, panggonan
tlusur	: kn. digrayangi amarga nggoleki, digoleki kanthi ngati-ati
trajang	: kn. 1.diserang; 2.obah; 3.caraning panindak; 4.nglanggar larangan; 5.dilewati terus
trengginas	: <trêngginas> kn. cukat sarta gampil
trenyuh	: <trênyuh> kn. 1.remuk; 2.susah atine, lagi nandang sungkawa
trep	: <trêp> kn. cocog, pas
tresna	: <trêsna> kn. seneng antarane lanang lan wadon
tuban	: kw. grojogan
tuhu	: kn. setya marang
tuladha	: <tulâdhâ> k. conto
tumama	: <tumâmâ> kn. kena, lumebu
tumekaning	: <tumêkaning> (tl. teka) n. tekaning
tumindak	: (tl. tindak) kn. nglakoni pakaryan
tumiyup	: kn. cumlorot banter
tumrap	: kn. kanggo
tumuju	: kn. nuju marang, tujuane ing
tumuli	: n. cepet-cepet, banjur
tumurun	: n. medhun
tundhone	: <tundhone> n. tandhane, kang dadi tandha, katitik saka
tundhung	: kn. kon lunga
tunggal	: k. mung siji thok
tuwa	: <tuwâ> n. 1.umure wis akeh; 2.wis mateng
tuwuh	: kn. thukul, <i>tumbuh</i>
ubarampe	: <ubârapé> kn. 1.panganen lan lelawuhan sing diwenehke marang wong kang luwih dhuwur pangakte nalika nandang gawe; 2.apa-apa sing klebu prabot utawa kaperluan
ucap	: kn. metune omongan\
udi	: kn. ngupaya supaya oleh sing dikarepake
ukara	: <ukârâ> n. rerangkéning tembung kang ngemu teges, kalimat
ulat	: kn. rai
umuk	: kn. unggul, ngajeni awake
undher	: <undhêr> kn. tansah ing panggonane ora obah-obah


undheran	: <undhêran> kang dadi alasan, <i>latar belakang</i>
uninga	: <uningâ> ki. weruh
uran-uran	: kn. tembang kanggo ura-ura
ura-ura	: <urâ-urâ> kn. tetembangan kanthi sero utawa banter
urip	: n. ora mati
utama	: <utâmâ> (S) kw. becik, apik, luwih tinimbang liyane
utami	: k. becik, apik, luwih tinimbang liyane
utawa	: <utâwâ> n. yèn ora ya...
utawi	: k. utawa, yèn ora ya...
utun	: engg.ptj. tenanan anggone nyambut gawe
utusan	: kn. wong kang diutus, wong kang dikongkon
uwal	: kn. ucul, pisah
wacucal	: kn. lulang kulit
wadhah	: kn. panggonan nyimpen barang
wadya	: <wadyâ> kn. pasukan, prajurit
wadyabala	: <wadyâbâlâ> kn. anggotaning pasukan, prajurit
wanci	: k. wektu
wanda	: <wândâ> kn. perangane tembung sing muni sakecap
wangsulana	: <wangsulânâ> (tl. wangsulan) k. jawaban, wenehana jawaban
wani	: n. ora wedi
wantah	: kn. ora dicampur, lumrah
wasan	: k. tulisan kang isiné bisa didudut
warah	: kn. pitutur, pitudhu
warangka	: <warângkâ> kn. sarung keris, adhah keris
waras	: n. 1.mari, sehat, ora lara; 2.ora edan
warsa	: <warsâ> ki. taun
wasana	: <wasânâ> kn. keris dhewe, pungkasan, buri dhewe
wasesa	: <wasésâ> kw. duwe menang, pungkasan
wasis	: kn. piter
waskitha	: <waskithâ> kw. awas, bisa weruh maring perkara kang ora cetha
watak	: kn. sipat
wates	: <watês> kn. bates, <i>batas</i>
wedal	: <wêdal> k. 1.watu; 2.wetu
wegah	: <wêgah> kn. males, ora gelem
wegig	: <wêgig> kn. wasis, trampil
weling	: <wêling> kn. 1.dikandani, diwanti-wanti; 2.jinise ula
wening	: <wêning> kn. bening
wentar	: <wêntar> kn. kondhang, akeh sing ngerti
werna	: <wêrnâ> n. warna
weruh	: <wêruh> n. bisa ndelok, nyawang, nonton
weteng	: <wêtêng> kn. padharan, perangane awak kang dadi dunungane wadhuk lan usus
wetu	: <wêtu> k. saka njero metu ing njaba
wewarah	: <wêwarah> (tl. warah) kn. pitutur, pitudhuh
weweh	: <wêwèh> n. menahi
wewengkon	: <wêwêngkon> kn. tlatah, dhaérah, wilayah

wewujudan	: <wêwujudan> (tl. wujud) kn. wujud
wicaksana	: <wicaksånå> (S)kn. awas, waskita, bisa nggunakake budi pakartine kang bener
wicara	: <wicårå> (S)kn. guneman, omongan, rembugan
wigati	: n. 1.penting, perlu banget
wigatos	: k. penting, perlu banget
wijaya	: <wijåyå> (S)kw. 1.kamenangan; 2. kasekten
winasis	: <winasis> kn. wong pinter
wingit	: <wingit> kn. kramat, duwe wibawa
wiraga	: <wirågå> kn. obahing awak
wirama	: <wiråmå> kn. duweni irama
wiraos	: kn. wirasa, surasa, karep, omongan, ngandharake pangrasa
wirasa	: <wiråså> n. surasa, karep, omongan, ngandharake pangrasa
wiwit	: kn. dhisik dhewe, dianyaki, dimulai
wiyar	: k. amba, ora ciut
wiyos	: ki. wetu
wondene	: <wondéné> k. ana dene
wonten	: <wontên> k. ana
wos	: kn. isi, wiji
wosing gati	: kn. intiné rembug
wragad	: kn. béya
wruh	: kw. weruh
wukir	: kw. gunung
wuku	: kn. 1.klenteng kang isine kapas; 2.glintiran, pringkelan; 3.ros-rosaning uwit pring; 4.wektu kang suwene 7 dina
wuninga	: <wuningå> engg. weruh
wus	: n. uwis, wis ditindakake
wusana	: <wusånå> engg.kn. keru dhewe, buri dhewe, pungkasan
yekti	: <yêkti> n. nyata, terang, tenanan
yuswa	: <yuswå> k. umur
yuwana	: <yuwånå> kn. slamet, rahayu, tulus
zabur	: <zabur> (A)kn. kitab suci tulisane nabi sulaiman
zaetun	: <zaetun> (A)kn. minyak zaetun
zamrut	: <zamrut> (A)kn. inten warnane ijo
ziarah	: (A)kn. menyang papan suci


CARA ANGGENIPUN NGGINAKAKEN MEDIA PASINAON KAMUS BUKU PELAJARAN BASA JAWI

A. Ngginakaken *Media Komputer*:

1. Komputer dipunuripaken
2. CD *media* pasinaon buku pelajaran basa Jawi dipunlebetaken wonten ing VCD *player*
3. Klik tengen wonten ing *menu start* → *Open Windows Explorer*



4. Sasampunipun kaca *windows* medal, klik *CD Drive* → klik kiwa kaping kalih ing *file* kamus buku pelajaran basa Jawi.exe. Sasampunipun dipunklik, panjenengan mlebet wonten ing samak *media* kamus buku pelajaran basa Jawi.




5. Wonten ing samak *media* pasinaon, klik tembung wiwit kangge mlebet wonten ing *menu* utami *media*.

6. Wonten ing *menu* utami *media* panjengan saged milih *menu* ingkang sampun dipuncawisaken. Menawi badhe wangsul dhateng *menu* utami, panjenengan saged klik gambar omah ing kelir *media*.
7. Kangge miwiti ngginakaken *media* menika, langkung prayogi menawi mlebet wonten ing *menu panduan* rumiyin supados saged mangertos cara anggenipun ngginakaken *media* saha cara anggenipun maos tegesipun tembung wonten ing kamus.
8. Mlebet wonten ing *menu* ancas supados saged mangertos ancasipun *media* pasinaon menika dipundamel.
9. Salajengipun, mlebet wonten ing *menu* kamus kangge madosi tembung-tembung ingkang dipunkarepaken. Cara anggenipun madosi tembung inggih menika ngetik tembung ingkang dipunpadosi ing papan ingkang sampun dipuncawisaken ngginakaken *keyboard*, lajeng klik *enter*.
10. Sasampunipun sinau ngginakaken *menu* kamus, panjenengan saged nguji panguwaosipun *materi* kanthi cara klik *menu* gladhen. Bibar maos pitedah anggenipun nggarap gladhen klik tembung wiwit saengga latian saged dipunwiwiti. Pilih wangsulan ingkang dipunraos leres lajeng dipunklik wangsulan ingkang dipunpilih. Wonten ing *menu* menika dipuncawisaken wekdal anggenipun nggarap soal, dados ampun dangu-dangu anggenipun mangsuli. Menawi sampun rampung anggenipun mangsuli, biji anggenipun nggarap gladhen saged langsung dipuntingali wonten kelir. Menawi badhe ngambali malih klik dipunambali.
11. Bibar *menu* gladhen wonten *menu* kapustakan ingkang ngemot *referensi* isi *media* menika.
12. Menawi badhe medal, saged klik *menu* medal. Menawi leres badhe medal klik inggih, menawi boten sios medal klik boten.


B. Ngginakaken *Media* HP *Android*:

1. Komputer dipunuripaken
2. CD *media* pasinaon buku pelajaran basa Jawi dipunlebetaken wonten ing VCD *player*

3. Klik tengen wonten ing *menu start* → *Open Windows Explorer*



7. Sasampunipun kaca *windows* medal, klik *CD Drive* → klik tengen lajeng pilih *copy* wonten ing kamus buku pelajaran basa Jawi.swf, Smart SWF Player.apk, saha adobe flash player.apk. sasampunipun dipuncopy, klik tengen pilih *paste* wonten ing *Drive HP*.



8. HP dipunuripaken.
9. *Instal* Smart SWF Player.apk saha adobe flash player.apk ingkang sampun dipuncopy wonten ing HP. *Aplikasi* menika saged ugi dipun*instal* saking *android market*. Kagiyanat *instal* menika namung kalampahan kaping pisan.
10. Sasampunipun dipun*instal*, klik kamus buku pelajaran basa Jawi.swf ingkang sampun dipuncopy. Bibar dipun klik panjenengan mlebet wonten ing samak *media* kamus buku pelajaran basa Jawi.
11. Wonten ing samak *media* pasinaon, klik tembung wiwit kangge mlebet wonten ing *menu utami media*.

12. Wonten ing *menu* utami *media* panjengan saged milih *menu* ingkang sampun dipuncawisaken. Menawi badhe wangsul dhateng *menu* utami, panjenengan saged klik gambar omah ing kelir *media*.
13. Kangge miwiti ngginakaken *media* menika, langkung prayogi menawi mlebet wonten ing *menu panduan* rumiyin supados saged mangertos cara anggenipun ngginakaken *media* saha cara anggenipun maos tegesipun tembung wonten ing kamus.
14. Mlebet wonten ing *menu* ancas supados saged mangertos ancasipun *media* pasinaon menika dipundamel.
15. Salajengipun, mlebet wonten ing *menu* kamus kangge madosi tembung-tembung ingkang dipunkarepaken. Cara anggenipun madosi tembung inggih menika ngetik tembung ingkang dipunpadosi ing papan ingkang sampun dipuncawisaken ngginakaken *keyboard*, lajeng klik *enter*.
16. Sasampunipun sinau ngginakaken *menu* kamus, panjenengan saged nguji panguwaosipun *materi* kanthi cara klik *menu* gladhen. Bibar maos pitedah anggenipun nggarap gladhen klik tembung wiwit saengga latian saged dipunwiwiti. Pilih wangsulan ingkang dipunraos leres lajeng dipunklik wangsulan ingkang dipunpilih. Wonten ing *menu* menika dipuncawisaken wekdal anggenipun nggarap soal, dados ampun dangu-dangu anggenipun mangsuli. Menawi sampun rampung anggenipun mangsuli, biji anggenipun nggarap gladhen saged langsung dipuntingali wonten kelir. Menawi badhe ngambali malih klik dipunambali.
17. Bibar *menu* gladhen wonten *menu* kapustakan ingkang ngemot *referensi* isi *media* menika.
18. Menawi badhe medal, saged klik *menu* medal. Menawi leres badhe medal klik inggih, menawi boten sios medal klik boten.

Tampilan Media Pasinaon Kamus Buku Pelajaran Basa Jawi



layer 1



layer 2



layer 3



layer 4




layer 5



layer 6



layer 7



layer 8




layer 9



layer 10



layer 11



layer 12

Lampiran 3

1. Asil Pambijinipun Dosen *Ahli Media*
2. Asil Pambijinipun Dosen *Ahli Materi*
3. Asil Pambijinipun Guru Bahasa Jawi
4. Asil Pambijinipun Tanggepan Siswa
5. Tabel Asil Tanggapan Siswa saking Sedaya *Aspek*

**LEMBAR EVALUASI PENGEMBANGAN MEDIA PIWULANGAN
DENING AHLI MEDIA**

Materi Piwulangan : Basa Jawi
 Irah-irahanipun Program : Media Kamus Pelajar Basa Jawi
 Sasaran : Siswa kelas X semester jangkep SMAN 1 Kasihan
 Pangripta : Dewi Pangestu Said
 Ahli Media : *Herman Dwi Surjono, Drs., M.Sc., MT., Ph.D.*
 Tanggal : *21 Agustus 2013*

Pitedah:

1. Lembar evaluasi menika dipunisi dening dosen ahli media kanthi nyukani tandha cenhang (✓) wonten papan (kolom). Wordene kaegorinipun kados mekaten: 1. SS (Sae Sanget), 2. S (Sae), 3. C (Cekap), 4. K (Kirang) sarta 5. KS (Kirang Sanget).
2. Menawi badhe paring pamrayogi saged dipunserat wonten papan ingkang sampun cumawis.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
Bab Tampilan						
1	cetha pitedahipun		✓			
2	cetha seratanipun		✓			
3	cetha swantenipun		✓			
4	trep pamilihipun gambar		✓			
5	trep pamilihipun warna		✓			
6	trep ang genipun mapanaken tombol		✓			
7	trep urutan memunipun		✓			
8	trep pamilihipun iringan		✓			
9	trep pamilihipun kelir		✓			
10	sae hyperiinkipun		✓			

tabel salajengipun

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
Bab Pemrograman						
11	gampil dipunginakaken		✓			
12	cethanipun navigasinipun		✓			
13	cetha keliripun		✓			
14	konsisten anggenipun mapanaken papan pencetan		✓			
15	pepak saha migunani hyperlinkipun		✓			
16	trep seratanipun		✓			
